Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

Литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал

3/2026
май - июнь

Дора мугIрул руго нилъехъ ралагьун,
Дора гIорал руго нилъехъ гIенеккун.
Муса МухIамадов






ТОЧКА КИПЕНИЯ ДГУ



# *ГЪУДУЛЛЪИ*



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно-художественный и общественно-политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана**
**1952 соналда**
**Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году
Расулом Гамзатовым

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**«Гъудуллъи» журналалъул**
**редактор** ХIамзат ГIизудинов

**3**

**2026**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное**
**учреждение Республики Дагестан**
**«Редакция республиканских**
**литературных журналов “Соколенок”**
**и “Литературный Дагестан”»**

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

## Номералда руго:


### РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

МагIарул мацIалъе кьуна гьаб гIумру,
МагIарул халкъалъе тана дир гIасру……………………………………..................3

### ПРОЗА. ГIЕМЕР ХIАЛБИХЬАНА ГIАНСАХIИНЧIАЛЪ АСИЯТИЛ КЪИСМАТАЛДА НАКЪИЩАЛ РИКIИЗЕ

**Шамай Хъазанбиева**. Бикъараб маргьа. КIиго мина. ГIансахIанчIил бакънал. Диеги бокьун буго дадайилан ахIизе. Берцинаб талихIги талихIаб къисматги. ГIумруялъул дарсал……………………………………………………..................4

### ПОЭЗИЯ. ЖАКЪАСЕЛ ГIОЛИЛАЛГУН, ЩИБ МАЦI БИЦУН, КIАЛЪАЛЕЛ?

**Рабият Къурбанова.** Хъарчигъанил МухIамад (поэма)………………………..........17

### ПРОЗА. КАВКАЗАЛЪУЛ ГЬАЛДОЛЕЛ КЪОЯЗУЛ КЪИСА

**Салман ХIасбулаев.** Чачаназул асир…………………………..........................22

### ШИГIРУ. ДИР АХИКЬ ТIЕГЬАРАЛ МАНАРША-ТIУГЬДУЗ, РОГЬЕЛ РЕХУЛЕЛЪУЛ, БЕРАЛ РАГЬАНА

**Шагьри ХIажилова**. КучIдул……………………………….........................60

### БЕРЗУЛ КАНЛЪИ АРАЙ КIУДАЭБЕЛАЛЪ КЪОЙИЛ КЪАЧIАЛААН ШКОЛАЛДЕ ДУН

**МухIамад ДибирмухIамадов.** КучIдул……………………………...............69

### РЕКIЕЕ ГIАГАРАБ ДОБА МАГIАРУХЪ…

**ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА.** «Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб…» (ЖабрагIил ХIасановасул хIакъалъулъ пикрабиги ракIалдещвеялги.....................81

### РАСУЛ ХIАМЗАТОВ КИВ ГЬАВУРАВ?

**ГIабдулкъадирил МухIамад.** ЦIадаса ХIамзатил ва Расул ХIамзатовасул хIакъалъулъ гIатIидго лъаларел цо-цо баянал.........................................................92


---


*Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.*

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**ДРУЖБА №3 2026 г.**
*На аварском языке*

Подписано в печать 31.05. 2026 г.
Выход в свет 15.06.2026 г.
Печать офсетная. Бумага офсетная. Формат 70x108 1/16
Усл. печ. л. 8,75. Усл. изд. л. 7,18. Физ .печ.л. 6
Тираж 567 экз. Заказ № 1813. Цена свободная.

**Редакция:** ГБУ РД «Редакция республиканских литературных журналов “Соколёнок” и “Литературный Дагестан”».
**Адрес редакции:** 367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.
**e-mail:** litdag@mail.ru, **сайт:** litdag.ru; **tg:** litdag; **vk:** litdag

**Издатель:** ГБУ РД «Этномедиахолдинг “Дагестан”»
**Адрес издателя:** 367018, г. Махачкала, пр. Насрутдинова, 1-а.

Отпечатано в ООО «Издательство «Лотос»», 367018, РД, г. Махачкала, ул. Времена года, 6.

# Редакторасул калам

**МАГIАРУЛ МАЦIАЛЪЕ КЬУНА ГЬАБ ГIУМРУ,**
**МАГIАРУЛ ХАЛКЪАЛЪЕ ТАНА ДИР ГIАСРУ**

Ассаламу гIалайкум, хIурматиял магIарулал! Исана Дагъистаналда тIобитIулеб буго Россиялъул гIелмабазул академиялъул академик ХIажи ХIамзатов ва Дагъистаналъул халкъияв хъвадарухъан Муса МухIамадов гьаруралдаса 100 сон тIубай. Араб бащдаб лъагIалида жаниб гIезегIан тадбирал гьаруна, гьел юбилеязда хурхарал.

ХIажи ХIамзатовасул гIелмияб ирс гьоркьоб лъураб конференция тIобитIана РАНалъул ДФИЦалда, ГIурус театралда букIана гьев кIодо гьавураб байрам. Академикасул хIурматалда тадбирал гьаруна Хунзахъ районалдаги.

Дагъистаналъул цIар рагIарав хъвадарухъан Муса МухIамадовас нусго сон тIубаялде халкъазда гьоркьосеб гIелмияб конференция гьабуна ДГУялда. Гьеб тадбир гIуцIун букIана ДГУялъ ва Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цолъиялъ цадахъ. Конференция гьабизе кIудияб хIаракат бахъана ДГУялъул филологияб факультеталъул деканалъул заместитель, Дагъистаналъул халкъазул адабият лъазабулеб централъул нухмалъулей, филологиял гIелмабазул кандидат Хадижат ГIалиеваль.

Муса МухIамадовасул асаразул ва гIумруялъул хIакъалъулъ гIатIидго бицана Цхинвалалдаса Лали Кокоеваль, ДГУялдаса Маржанат ХIажиахIмадоваль ва цогидазги. Гьениб борхана хъвадарухъабазул тIахьал гIемер ва кIудиял тиражазда рахъизе хIажат букIиналъул суалги.

МагIарулазул бищунго машгьурав прозаик Муса МухIамадовасул тIоцересел тIахьал рукIана поэзиялъул. «МугIрул ицц» абураб тIоцебесеб тIехь къватIибе бачIана 1954 соналда, «МугIрул расалъуда» абураб кIиабилеб тIехь цIалдолезухъе щвана 1958 соналда.

Муса МухIамадов хIалтIана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цолъиялъул аваразул секциялъул нухмалъулевлъун, «Гъудуллъи» журналалъул редакторлъун ва цоги жавабиял хъулухъазда. Журналалъул хадусел номеразда жеги гIатIидго бицине буго гьесул асаразул ва гIумрудул нухлул. Гьаб номералда кьолел руго гьанжесел хъвадарухъабазул цIиял асарал.

Гьаб къокъабго цеберагIиялъул ахиралда толел руго дагьал церегIан рекIелъе рачIарал, нилъер миллияб мацIалъул кIвар ракIалде щвезабулел мухъал:

**МагIарул мацIалъе кьуна гьаб гIумру,**
**МагIарул халкъалъе тана дир гIасру.**
**Ихтияр буго дир гьедин абизе,**
**Дир ракьалъе къоял кьунин кIалъазе.**
**КIудияб цо анищ буго дир каранлъ:**
**Авар мацI доб зодикь даим букIинин.**
**Дун араб мехалъги гIагараб мацIалъ**
**Дир мухъал ракI-ракIалъ гIемер цIалилин.**

# Проза. ГIемер хIалбихъана гIансахIинчIалъ Асиятил къисматалда накъищал рикIизе

**Шамай ХЪАЗАНБИЕВА**

## БИКЪАРАБ МАРГЬА

- ГIабдулагьида, лъицаго кумек гьабичIого, тIадеги вахъине кIвана гьале, цадахъ цIалулел лъималгун футболги хIан бажарулеб буго гьасухъа. Киндай дахIабаба йохила, костылалги гIодоре рехун, вилълъунев дун вихьидал. Эбгиха веке-векерун. КIигогIаги нухалда торгIоги кьабана гьес дандиязул кавабахъе. Ва гьесда бергьенлъи баркулеб буго школалъул директорас, учительзабаз. ХIалчIахъадиланги абун, ГIабдулагьие сайгъаталги кьолел руго. Инвалидазул коляскаги, тIокIаб кьваригIунарилан, чердакалде щвезабуна. Футболалъул данде гьабураб командагун цадахъ гьев гьанже Россиялъул батIи-батIиял шагьараздеги ине вуго. Цинги тухумго, шагьарго чIухIарав вас вахъинагури гьасул. ГIабдулугьица цебечIезабулеб букIана гIурус мацIалъул учительница ПатIимат МухIамадовнаялъ жинда тIаса лъугьайилан абулеб. Гьелъ, багьанаго гьечIого, гIемер къварид гьавулаан ГIабдула. ХIаракатав цIалдохъанги вукIана гьев, малъараб гьабизеги гIедерав вукIана. Амма гIурус мацIалъул хьвай-хъвагIаялъе гьедигIанго лъикIав вукIинчIо гьев. Гьелъго батилаха, ПатIимат МухIамадовнаялъул гьитIинав ГIабдулагьида абулеб бищунго хIеренал рагIабилъун рукIана «хIехь», «хIайван» абурал рагIаби. Гьесул тIинкIунго тIинкIун рачIунел магIил гаразулги ургъелго букIунароан гьелъие. ДахIабабадеги чанги гIарз бахъун батулаан гьелъ.

ГIемерисеб мехалда дахIабабаги хIалтIизе ун, гьитIинай яцако Раисатида аскIов рокъовги чIезе кколаан гьев. Гьанже киналго рукIина, дун чемпионлъун вахъиндал, дие лъикIаб мацI бицунел…

Гьединал пикрабазда вукIарав гьев ГIабдулайилан ахIулеб дахIабабал гьаркьихъе ворчIана. ТIаде вахъинейилан лъугьарав гьесда шуризецин кIвечIо.

- ДахIабаба, щай дун ворчIизавурав, дида макьилъ вилълъанхъизе кIолеб букIанагури. Дуца бикъана дир макьуянги абун, тIаде къуларай дахIабабал горбода къвалги бан, биччан гьаракьгун гIодана ГIабдула. Гьесул ботIрол расалги лъухьулаго, Нуцалалъги бицунеб букIана васасухъа кидаялиго эбел-инсуца

бикъараб маргьа. Гьелъухъги гIенеккун, цIидасанги кьижун ккана гIемер гIодиялъ синкъи лъугIичIев ГIабдула. Макьилъ гьимулев вугев гьесухъ ялагьун, ракI гIекколеб букIана Нуцалалъул:

- Вай дарманав Аллагь! Щиб мунагьха букIараб малъгIанасеб лъимералда,- йилан Аллагьгун гаргадилей йикIана гьей.

- «Кумек гьабеха, Аллагь, дир дару-дарманасе»,- ян гьардолей йикIана гьей…

Берккеялда хIинкъараб берцинаб хъизан букIана Нуцалалъулги Мирзалги. ЦохIого-цохIо вугев ГIалиханидаса цIакъго кIудияб чIухIиги букIунаан гьезул – цIализеги лъикIав вукIана гьев, конкурсазда, олимпиадабазда кидаго тIоцересел бакIал кколаан. ЦохIо гурони гьечIев васасда рукъалъул хIалтIиги кIудиязул, хIатта жидергоцин, адаб гьабизе малъизе гIедегIулел рукIинчIо эбел-эмен. Гьелъго батилаха хъизамалъул доб берцинаб бакъги дагь-дагьккун чIегIерал накIкIаз бахчулеб букIараб. Васасул гIунгутIабигицин тIокIлъабилъун кколел рукIана эбел-инсуда.

КIудияв гIунагIан, гIамал кIудияв, гIадамал жойидего гьаруларев чилъун лъугьунев вукIана ГIалихан. Эбел-инсуца абун йикIарай ясалъулгун ригьинги хвезабун, жиндиего бокьарабги гьабун, Симисханги ячана гьес.

Кидаго лъадул «кIалдиве валагьун» вукIунев ГIалиханица дагь-дагьккун рикIкIад гьаруна эбел-эмен. Гьесда жиндагоцин бичIчIулеб букIинчIо гьабун толеб бугеб кIудияб такъсиралъул.

РикIкIалъигицин гьадингояб жо, цогиги лъугьа-бахъин ккечIебани – цIурачадалги росун васасул дое арай Нуцалай, гьес рокъоса къватIие гъуна, жиндир Симисханида хъачIго кIалъан йигиланги абун. Гьаниб дие ракIалде щвезабизе бокьун буго хъвадарухъан ГъазимухIамад ГъалбацIовасул хабаралъул ахир:

- ЧIужуялъ аскIоса нахъе вачун унев васасда унгейилан гьардолей эбел росурагIалде хабзалазде аскIое щола. Амма нусалъ якьадалда абула васасда цее накабазда чIайилан. Эбел васасухъ ялагьана – гьесги чIужуялъул рагIаби такрар гьаруна. Ва цинги… эбел. Ва хабзалалъан бахъана ракI сорозабулеб гьаракь – гьеб лахIзаталъ кьватIана инсул хабада чIван букIараб зани!

Кинаб хIалха букIун батилеб цохIо вугев маулхIаятица къватIие гъун ячIуней Нуцалалъул – зобалги ракьалги цоцалъцин кьабун ратила. Гьебги тIаса лъугьун тана Нуцалалъги Мирзацаги. Амма … Дагь-дагьккун сунеб букIана ГIалиханил гъасда талихIалъул цIа.

ЦохIого цо гьитIинав ГIабдулагьица цIалаан гьев рокъове. Эбелалъул рукъалъул кваби кидаго рагьарал рукIана ГIалихание.

Биххана хъизан. Гьелъие квалквал гьабун бажаричIо гьитIинав ГIабдулагьил магIуялдаги. Нуцалалъги Мирзацаги хьихьун вукIана ГIабдула. Эбел-эмен аскIор гьечIолъи васасул васасда лъазе толеб букIинчIо дахIабабацаги дахIададацаги.

Зама-заманалдасан дадаги бабаги рачIунаан гьесухъе, ва рагъизеги рагъун, рачIаралго гIадин, тIагIинеги тIагIунаан. Гьезул букIана жиде-жидер цIияб хъизан. ГIабдула вукIана лъикIав цIалдохъан гуревги, лъикIав спортсменги. Гьесие цIакъ бокьулаан футбол. Ва гьесул анищ букIана дунялалдаго цIар рагIарав футболистлъун вахъине.

Амма… Цо нухалда васасухъе рачIарал дадаги бабаги гъесда цере къацандизе лъугьана. Гъезул ахIи-хIурги рагъиги чIалгIарав ГIабдула рокъоса къватIиве лъутун ана. Гъесда бихьичIо данде бачIунеб машина…

Дадацаги бабацаги кодоса бахъун арал анищазухъги талихIалъухъги щибаб къоялъ угьдула ГIабдула.

КIвеладай гъезда кида бугониги васасухъе рачIине ва гъесул бадире ралагьизе.

## КIИГО МИНА

МагIарул росулъ кIиго мина. Цояб - чIухIараб лъабтIалаяб, цогидаб - цо тIалаялъул, гIадатаб. Цояб - талихI жаниса лъутун араб, цогидаб - талихIалъул бакъалъ къалъизабураб. Цояб - чIобого хутIараб, цогидаб - лъималазул гIодиялъулги релъиялъулги цIураб.

Доб чIухIараб минаялъул бетIергьаби гьанже батIи - батIиял шагьаразда руго. КIудиял хъулухъалги руго гьезул, бечелъиги росдаего гIураб бугоан гьезул. Институтазда, университетазда цIалулел лъималги руго гьезул. Кидаялиго талихIги букIана гьеб рокъоб басандилеб. Цо яц. Цо вац. Гьезул лъималги. Гьеле гьеб чIухIараб рукъалъул хважаинзаби. КIвечIо гьезда ирс бикьизе, ва кIудияб кьалалъ бусен лъуна минаялъул щибаб бокIоналда. Щоларо ирсилал магIарухъе. Инагьдулеб хутIана чIухIараб мина. Эбел- инсул хабаде щвезе кколеблъиги кIочана вацасдаги яцалдаги. ЧIунтун унеб буго талихIалъ квер хьвагIун тараб мина.

Гьелдаго аскIоб бугеб минаялъуса жеги лъугIун гьечIо лъимерлъиялъул махI. Эбел- эменги хун хутIараб ункъо бесдаллъимер хьихьана кIодоэбелалъ. Гьезул рес букIинчIо лъаялда хадур шагьаралде инеги. Лъимал хIалтIизе кколаан. КIудияв вац ресалде вахаравго, гьес вацасеги яцазеги кумек гьабуна. Гьезиеги къисмат шагьаралда гьимана. Мина чIобого хутIуларо. Санайил риидал гьеб берцин гьабула, талихIаб лъимерлъиялъул куркьбаздаги рекIун, гьенир рещтIунел вацал-яцазги гьезулги лъималазги. Щола гьел гIагараб росулъе КIалбиччанкъоялъулги Къурбанкъоялъулги байрамазги. Релъиги, гIодиги, ракIалдещвеялги… ГIун рачIунел ругел лъималги рачун, кIудиял умумузулги улбузулги хабалаздеги щола гьел.

Гьале росдал хабзал. Хабзалалъ бугеб заназул рохьоб - кIиго чиякъаб заниги. ГIемерал соназ угьдилел руго гьел - жидеда къвалги бан, гIодичIей ясалъухъги, гIумруялъул пикруги гьабун, эбел-инсул заназухъ цо лахIзаталъгицин чIезе вачIинчIев васасухъги, гьез куцалел ругел, цIорорал ракIалгун гIун рачIунел ругел лъималазул лъималазухъги.

Цо росулъ кIиго мина. Мискинлъиялъ къвал бараб чIухIараб минаги. ЧIухIиялъ даим салам кьезе бугеб гIадатаб минаги.

Кинаб роценалъдай борцунеб лъайги гIакълуги. Щибдай гьезул багьа. Цого жодай гьеб- лъайги гIакълуги?!

Гурин ахIулеб буго чиякъго хутIараб доб кIиго заниялъ. БитIараб бугилан тIад рекъолеб буго чIухIараб, амма мискинго хутIараб минаги. Гьеб рухIдалго балагьун букIуна хьибилалда бугеб минаялъухъ…

Инсул мина. Нилъер лъимерлъиги, гIолохъанлъиги, гIанчIлъиги, талихIги жанир гогьдарараб. ТIоцебе гьелъ рагьула нилъее цIияб дунялалде нуцIби. Гьелъул кавудахъан таваккалго тIамула нилъер щивас къисматалде данде гала-би. Инсул минаялъ кьола нилъее къуват гIумруялъул карачелазде данде лъеде-зе. Амма цо-цоязул заман гIолеб гьечIо гьеб минаялъухъе талихIал лахIзатал тIадруссинаризе дагьаб букIаниги заман.

Гьале жакъаги цебе бачIана росулъго хутIараб инсул мина. Щола росулъе. Минаялда берчIварабго, ракI букIкIун уна. Гьелъул кавудахъан дандего рачIуна гьенир тун рукIарал талихIалъул чIорал. Киса-кибего- лъимерлъиялъул махIги, эбел- инсул лъалкIалги, гьел лъалкIазда тIугьдуллъун хутIарал гогьал, гIанчIал лъималазул гьаракьги. ЦIалтараб ракIги, хьухьазукьго хутIарал хьулалги, уя-блъун лъугьине анищ букIараб, анищалъго хутIараб талихIалъул маргьаги…- гьел къваридал пикраби бигьалъула, лъимерлъиги гIанчIлъиги жанир араб ми-наялъул азбаралде лъугьарайго.

Щибаб минаялъул буго жиндирго маргьаги, бакъги, талихIги. Гьел даимал-лъун хутIула, инсул минаялъ бачунеб сариналъухъ нилъ гIенеккулел ругони. Нилъ рачIинегIан, бакахъе цIаги букIуна гьениб, свинчIого чирахъги букIуна, нилъ тIаде щвелалде, дандчIвай гьабизе хIадурахъе гъанситоги букIуна.

Свана доб чIухIараб минаялъуб бакун букIараб чирахъги, цIадуцаги къо-мех лъикI гьабуна, гьеб сверана биине хIалкIвезе гьечIеб гIазул гIансиялде. Амма гьеб биинаан, цоцазда кIалъаларел вацги яцги рекъолелани…

Дидаго батана тIадехун дица кьураб суалалъе жавабги- букIун гьечIоха лъайги гIакъиллъиги цого жо. ГIакъиллъиялъул лъаялда бараб жоги букIун гьечIо. БукIарабани, лъаялъул тIогьазда тIад ругел гьезул чIухIараб мина чия-къльиялъул рагIдукь хутIилароан.

РакIалде рачIана кIудияв Расулил рагIаби:

> **Институтал цIалун лъугIичIониги,**
> **ЦIвабзазул мацI лъала гьезул щивасда**,- йилан абурал.

Инсул мина!. Бокьараб мехалда нилъ къабул гьарулеб. Къварилъиялъульги гIатIилъиялъульги нилъ реэдулеб. Нилъер анищал борхалъиялде нухарегIулеб. ЦIвабзазда гьоркьобгицин лъималазе рещтIен балагьулеб букIунеб. Нилъер бакъуе чIоралльун букIунеб, лъималазул талихIалъе гьел цIунулеб рагIадлъ-ун чIолеб. Нилъер къисматалде гьужум гьабулел накIкIал хъамизе гьурилъун свердулеб. Лъималазул гIумруялъул сухъмахъазда ва шагьраялда рижарал за-залцин тIугьдузде сверизаризе къуват гIолеб. РакI унтун лъималазухъ гIодулеб, ракI- ракIалъ гьезул талихIаздаса бохун, кIаркIариялда белъанхъулеб. Лъима-лазе рагьарал каваби киданиги къалареб!

Доб чIухIараб минаялъул бетIергьабаз гIадамазе кумекги гьабула, жалго ин-чIониги, росулъе гIадамазе бикьизе садакъаги битIула, кумек гьарун аскIоре арал нахъги чIваларо, аскIор хIалтIулезги гьудул-гьалмагълъиялъги, гIагар-лъиялъги адабги гьабула. Амма лъиданиги ракIалде кколеб гьечIо вацасдаги яцалдаги гьоркьоб маслихIат гьабизе, гьел рекъеялъе сахаватаб рагIи бицине.

Киназго бихьичIеб ххвел гьабун толеб буго. Гьез гьанжелъизегIан гIадамазе гьабураб лъикIлъиялда бащалъилаан, цо къоялъ гьел цоцазда кIалъани, цоязулгIаги къуват гIолеб букIарабани илбис къезабизе. Гьеб мехалда цIидасанги щинкIилаан минаялъул бокIназухъан чиякълъи нахъе бачахъулеб бакъ… Амма гьабсагIаталда чIухIиялъгицин некIого квер хьвагIун тараб мина аскIоб бугеб, гъанситохъ цIа цIунизе кIвараб минаялъул талихIалда бахиллъун буго…

## ГIАНСАХIАНЧIИЛ БАКЪНАЛ

-Баба, баба! Дида макьилъ бихьараб цо берцинаб хIинчI. Амма щаялиго гьеб гIодулебги букIанин ккола. Гьелъ рачунел рукIарал пашманал бакъналги,- ян ахIделаго йорчIизаюна анлъго сон барай Асиятица эбел…

Гьеб жиндирго макьу ракIалде щвана жакъаги, магIил бералги цIун, гIансахIанчIил кочIохъ гIащикълъун йигей Асиятида.

-ГIадада батиларо дида доб макьу гьитIинго бихьун букIараб ва кIочонги течIеб. Бихьулищха, гIансахIинчIалъ рачунел пашманал бакъназухъги гIенеккун ана дир гIолиллъиги, унеб буго хутIараб гIумруги,- ян зама-заманалдасан пикраби гьарулаан гьелъ. ГIемер хIалбихьана гIансахIинчIалъ Асиятил къисматалда накъищал рикIизе. ТIоцебе анлъго сон барай Асиятил макьуялъухъ гьелъ гьоболлъи бана, ахIана гьитIинай ясалъе пашманал саринал.

КIиабилеб нухалда Асият гIансахIинчIгун дандчIвана цо хабаралда. Гьей пана гьаюна гIансахIанчIил ритIухълъиялъ. Лъабабилеб нухалдаги суратал рахъиялъул конкурсалда гIахьаллъарай Асиятица бахъана, гьотIол тIогьибги рещтIун, бакънал рачунеб гIансахIанчIил сурат. Гьелъие щвана тIоцебесеб бакIги. Жийго цохIо рокъой йигониги, Асиятида рагIулаан гIансахIанчIил бакънал. Щаялиго гьел рукIунаан пашманал, къваридал. Гьел рагIарабго, цо батIияб бигьалъиги лъугьунаан гьелъул рекIее. Гьедин, гIансахIанчIил бакъназул пашманлъиялъ къвалги бан, кIудияй гIуна Асият. КIаркIарун елъанхъулей гьелъухъги гIенеккун, гьудулзабаз абулаан:

-Унго-унгогиха, Асият, дур бугеб роцIцIараб, зирараб, талихIаб релъи, амма берал руго дур цIакъ пашманал. Пашманлъиялъ гурого асарго гьабулеб гьечIогури дуе. Щайдай?- илан.

Гьелда тIад Асият жийгоги гIемер ургъулаан. Гъоба кибалиго гъварилъуда бахчун бугеб пашманлъиялъ зама-заманалдасан кIутIулаан рекIеда жиб къватIибе ине бегьиларебищилан. Амма гьелъие изну щолароан, кигIанго Асиятие гIумруялдаса йохизе, талихIалъул хIакъалъулъ пикраби гьаризе бокьун букIаниги. Гьей жийго хIикмалъун йикIана хIикматаб хIинчIалъ асир гьаюрай жиндаго. Амма гьеб киналъулго магIна Асиятида кватIичIого бичIчIана. Гьеб суалалъе жаваб кьуна Мажидица, Асиятил рекIелъ рессун хутIарал гIансахIанчIил пашманал бакъназул багьадурас.

Институталда цIалулеб ахирисеб сон букIана Асиятил. ГIанчIай гIолилалъул гогьлъиялъги, гIодойиччаялъги, берцинлъиялъги асир гьарурал гIолохъаби гIемер рукIана. Амма долда цохIо дов, Мажид, гурони вихьулев вукIинчIо. Гьеле гьебмехалда ункъабизеги щвана гIансахIинчI Асиятихъе гьоболлъухъ. Гьаб нухалда гьелъ рачунел рукIана анищазул бакънал. Гьез гIолилалъе гьурщулел

рукIана бацIцIадаб рокьул къваридал къисаби. Гьезул недегьлъиялъул аххалъухъги гIенеккун, чанги сардал рогьана Асиятица. Къисабигун цадахъ гьелъул макьабазухъе сордойил Мажидги рещтIунаан. Асиятил пикрабалъги цохIо Мажид вукIана. Гьелъ жиндирго гIумру цебечIезабулеб букIана кIиго батIияб хIалалда - Мажидида цадахъги гьев гьечIогоги:

-Гьале кIиялго гIенеккун руго гIансахIанчIил бакъназухъ. Жакъа гьел батIаго аваданал, ракI бохизабулел руго. Гьел бакъналгун цадахъ гьалги уна, роржуна, рекерула, цодагьалъ лъалхъула ва цIидасанги роржуна.

-Гьале доб талихI, Мажид лъаралдаса дун урхъун йикIараб. Унгоха, Мажидица гьеб талихIалъе кьун бугеб хIикматаб гугьаралъул берцинлъи, сардал-къоял ратIа рахъизе лъалареб хIалалда гьеб гвангъизабун бугеб куц! Бакъ, моцI, цIвабигицин гьеб дунялалда батIиял руго. Зодисан гьезде, кIиго гIищкъул тIегьалде, балеб буго талихIалъул цIад - цIвабзаз гьазие рехун бачIана кунчIи, моцIалъ - гвангъи, бакъалъ - хинлъи. Ва гьеб кинабгоги цолъун, лъугьунеб буго балагьун бер гIорцIулареб берцинаб рокьул берцинаб квацIи. Гьеб квацIиги цоцазухъе рехулаго, гьал дагьалъго гогьдарилелги руго - квацIиялъул лъугьараб гIищкъул тIегьалъул лъугьараб тIанчалги тIолаго, гьез хIалеб буго «вокьула- вокьуларо», «йокьула-йокьуларо». Гьале ахирисеб тIамач - гьеб тIезе кколаан Асиятица, ва тIогьол тIанхал лъугIана Асиятица вокьулин абураб бакIалда. ХутIичIо Мажидие тIамах.

-Мажид, дуца щибха абилеб? Ахирисеб рагIи дуе кьолеб буго.

Мажидида лъалеб гьечIо щиб жаваб кьелебали. Гьес, гIодовеги къулун, лъаларин абуна. Ва цIидасанги рагIана Асиятида гIансахIанчIил пашманал бакънал. Гьалда гьанже тIубан бичIчIана лъимерлъудаго жиндие гIагараллъун лъугьарал доб берцинаб хIанчIил пашманал бакъназул магIна. Гьел лъугьана Асиятил гIумруялъул нурлъунги, гьелъул Мажидиде цIунун хутIараб кIудияб рокьул нугIзаллъунги, къисматалда чIвараб мугьрулъунги. Гьеб мугьру Асиятил рекIелъги чIвана дунялалда бищунго хирияб сураталъ. АскIов вугониги, кIвараль рикIкIалъарав Мажидил цIар магIуялъ жиндирго гIанабазда хъвалаан Асиятица:

-ГIатIидаб шагьарги къваридай дунги,

Къилбалъун лъугьараб досул суратги.

АскIов вугониги, рикIкIада вугев,

РекIелъ мугьру чIвараб добго сипатги…

Жакъаги ахIулеб буго Асиятица гьеб кечI Мажидие. Гьеб цолъана хъахIаб гIансахIанчIил лъукъараб кечIгун. РачIинчIо Мажидица Асиятие киданиги тIугьдул, амма гьел щибаб лахIзаталъ , жиндирго пикрабаздаги рекIун, ритIула долъ досие. АхIичIо, щуричIо, абичIо дос долда йокьулилан. Амма долъ щибаб лахIзаталъ, къадги къасиги, макьилъги лъалдаги щурулеб буго вокьулилан. КIвечIо Асиятида киданиги Мажидида гьеб рагIи абизе. Гьелъие квалквал гьабуна росулъа ясалъул бацIцIадаб намусалъ. Ва ахирисеб, щуабилеб нухалдаги (гьаб нухалда даималъего) рещтIана Асиятил гьанситохъ хъахIаб гIансахIинчI. Ва гьелъ рачунел руго (гьаб нухалда даималъего) пашманал, къваридал, магIугун цолъарал бакънал. Ва цIидасанги байбихьана уяблъун лъугьине хьулал рукIараб хьулазулъ хутIараб кIудияб рокьул анищлъун хутIараб хвел гьечIеб гIищкъул хIайранаб кечI...

## ДИЕГИ БОКЬУН БУГО ДАДАЙИЛАН АХIИЗЕ

Маликатги Аминатги школалдеги гьениса рокъореги кидаго цадахъ уна-рачIунаан.

Цо-цо мехалда, годекIанир цере щваралго, Аминат гьенив гIодов чIарав дадахъе екерулаан, гьесул накалда гIодой чIолаан ва къвал балаан.

Гьеб лахIзаталъухъ урхъун йикIана Маликат. Гьелъиеги бокьун букIана дадайилан ахIизе. Цоги рухIдаллъулаан Аминатида, тIохдеги яхун, годекIанив гIодов чIарав инсуде кваназе вачIайилан гьелъ рокъове ахIулеб мехалда.

Рокъове вачIарав бихьинчиясда Маликатица мун жиндир дадайищилан гьикъулаан. Нухда данде ккарал бихьиназухъги гьей тамашаго ялагьулаан – гьелъ валагьулев вукIана киданиги вихьичIев дада.

Цо къоялъ Маликатица эбелалда гьикъана киназулго вугев дада жиндир щай гьечIевилан. КIалдибе лъим босараб гIадин, юцIцIун хутIана Хадижат – гьелда лъачIо щиб жаваб ясалъе кьелебали.

Маликатил лъагIелцин букIинчIо, эбел-эмен ратIалъараб мехалда. КIудияй кIиго яцги йикIана гьелъул.

Маликат йикIана инсул эбелалъул цIар лъурай яс. Гьелъул гьудул Аминатидаги лъун буго инсул эбелалъул цIар. Инсуца Аминатие, эбелалъул цIар лъурай ясиланги абун, гIемер жо босулаан, гогьдаризаюлаан. Маликатиеги рокьун рукIана дадал сайгъатал.

Цо къоялъ гьелда рагIана, радал хехго ячIинеги ячIун, мадугьалалъ Хадижатида ГIали росулъ вихьанилан абулеб. Яцаздагицин цIарги бахъичIого, школалдегицин инчIого, Маликат годекIание йилълъана, ва гьелъ гьенир гIодор чIаразда жиндир дада кив вугевилан гьикъана. Цо гIолохъанчияс гьей, кверги ккун, инсуде аскIое ячана.

Дада, вилълъа рокъове кваназейиланги абун, инсул горбодаги хурхун, биччан гьаракьгун гIод-гIодун йиччан тана Маликат. Гьелъие бокьун букIинчIо дунялалда бищун гIагаравлъун рикIкIунев, амма лъаларев дададаса йичIизе.

Маликатида кколеб букIана жиндаса талихIав чи дунялалдаго вугодайилан. Гьале гьадинаб талихIалъухъ урхъун йикIана гьей – Маликатги дадаги. Борхалъудасан гьезухъ балагьараб талихIги. Гьелъие сайгъаталгицин къваригIун рукIинчIо, гьей хIинкъулей йикIана гьабсагIаталда дада жинда аскIоса инилан. Гьелъ цебечIезабулеб букIана гIажаибго берцинаб суратги:

- Квен гьабулей баба, цо заманалдасан гьелъ Маликатида абула годекIанив гIодов чIун вугев дада кваназе ахIейилан.

Маликатица, Аминатица гIадин, дада кваназе рокъове вачIайилан ахIулеб букIана. Цинги, дадал кверги ккун, росу бакьулъан рокъое ячIуней Маликатил чIухIиги букIинарищха. МагIилъан гьимулейцин йикIана гьей.

Амма гьеб талихI араб бакI лъачIого тIагIана, дуда цIар щибилан инсуца гьикъараб мехалда. Маликат гIажаибго гьесул бадие ялагьана ва лъутун ана…

Гьелъие бокьун букIана дадада вокьуларин ахIизе, амма кIвечIо…

Гьелъие дада вокьулаан, жиндагоцин щаяли лъаларого.

ТӀоцебесеб дандчӀвай. ТӀалихӀал лахӀзатал, дадал гӀагараб сурат. Гьеб кинабго бахъун ана Маликатихъа дадал суалалъ. Хадижатица ясалъухъе кьуна дадаца рокъобе битӀун бачӀараб щуазарго гъурущ. Маликатица гьеб кодобецин босичӀо – гьелъие гӀарац гуро къваригӀун букӀана. Маликатие къваригӀун вукӀана дада.

Бокьун букӀана гьес еэдизе, сапаралдаса вуссун вачӀунелъул, гьесда дандчӀвай гьабизе, гьевгун ясандизе.

Амма Маликатие дунял бецӀлъана, дадада жиндир цӀарцин лъалеб батичӀеб мехалда.

Хадижатица лъабайго ясалъе ГӀалица кьураб гӀарцухъ ясикӀаби росана. ГӀемераб мехалда ясикӀо кодобецин босулеб букӀинчӀо Маликатица.

Гьелъухъ ялагьарайго, магӀу чвахулаан гьелъул.

Цо къоялъ авариялде ккун хварав, ГӀалил жаназа бачӀана росулъе ва букъана росдал хабзалалъ…

Зама-заманалдасан, каранде ясикӀоги къан, чӀегӀераб косынка чӀварай гьитӀинай Маликатги уна дадал хабаде.

## БЕРЦИНАБ ТАЛИХӀГИ ТАЛИХӀАБ КЪИСМАТГИ

РакӀалдаго гьечӀого Муса унтун лъугьиналъ хъизамалъулги гӀагарлъиялъулги рахӀат хвезабуна. Бабал меседилан васасда къвал барай Салиматил магӀуялъе лъугӀиго гьечӀин кколеб букӀана. Лъиданиги бихьиларедухъ магӀу бацӀцӀунев Мусал эмен Салманги вукӀана. ЦохӀо вугев вацасухъ гӀодилев ГӀалиги вукӀана.

Тохтурзабазги Муса сахлъилев гӀадаб хабарго бицунеб букӀинчӀо – гьесул цо гурони ургьисалаги букӀинчӀо. Бугебги унтараб букӀана, ва, гьеб хисичӀони, Мусал гӀумруялъе хӀинкъи бугилан абулеб букӀана…

Салманил букӀана берцинаб хъизан. Гьезул рокъоса лъугӀулароан гӀисинлъималазул чӀиргъи-хъуй, Мусадаги ГӀалидаги аскӀоре рачӀунаан росдалго лъимал. КигӀан свакан хӀалтӀудаса рокъое ячӀаниги, Салиматида ратулаан лъималазда абизе берцинал рагӀаби. Салман-дацийилан, Салимат-адайилан лъималазул гогьлъиялъги, недегьлъиялъги, хӀеренлъиялъги сверун ккун рукӀана гьел. Гьезда берккелин хӀинкъун борхалъудасан гьезухъги балагьун талихӀги букӀана. Берккелареб гӀадаб хъизан букӀинчӀелъулха гьеб.

БакъинегӀан хӀалтӀун рокъове вачӀарав Салманил горбода, мугъзада рекӀине хӀадурун рукӀунаан лъимал. ТӀагӀамаб квенгун, гьуинаб гьимигун гьезда дандчӀвай Салиматицаги гьабулаан.

Жидерго гьудул-гьалмагъзабазул эбел-инсуца гьабулеб адабалдаса чӀухӀун васалги рукӀунаан. Гьелги ругьунлъулел рукӀана кигӀан гьитӀиназулги хӀурмат гьабизе. Школалда букӀа, къватӀахъ букӀа, гьез киданиги лъиего толароан гьитӀинал, загӀипал къварид гьаризе.

Школалда аскIоб рукъ бугей Зарипат-кIодоги кIочон толароан гьезда. Щибаб къойилин абуниги мекъи ккеларо, гьез кIодое кумек гьабулаан, хасго хасалихъе, хур-хералъул хIалтIи гьабулагоги, хасало гIазуги тIамулаан гьез.

Зарипат-кIодо унтун больницаялде ккедал, Салиматица кIиго анкь бана гьелда аскIоб, гьелъие къваригIарабщинабги чIезабун.

Киназго гIажаиблъи гьабулаан, Зарипат-кIодо Салманил хъизамалъул гIицIго мадугьал йикIин лъайдал.

- ГIагаразцин милат гьабулареб мехалда, бихьулищха чияр гIаданалъе гьабулеб хъулухъ, - илан абулеб букIана унтаразги тохтурзабазги. Салиматги Салманги гIадал чагIи ракьалда рукIинчIелани, гIумруялъул тIагIамго букIинароан, бакъул чIоразул хинлъиги гIелароан.

Гьединго куцалел рукIана гьез жидерго васалги.

Цо нухалъ хасало чангъаздаги рекIун хъещтIолев вукIарав ГIали чангъалгун цадахъ кьурулъе вортана.

Гьесул черхалдаса гIемераб би бачIана. Больницаялда абуна гьесие би къваригIун бугилан.

Гьеб лъарав Муса больницаялде векерана. Цогидаз би кьезегIан чIезе рес букIинчIо - ГIали цIакъго загIипго вукIана. Ургъизе заманги букIинчIо. ТалихI къосиналъ, Салманги Салиматги рокъор рукIинчIо – гьел унтарав гIагарав чиясде раккизе шагьаралде ун рукIана.

Тохтурзабаз Мусал би биччана ГIалил чорхолъе.

ГIалидаса сахлъиялъул рахъалъ загIипав вукIана Муса.

Амма Мусада кинабго кIочана, вац унтидал. Гьесие кIварцин букIинчIо жиндирго гIумруялъе бугеб хIинкъиялъул. Гьесие къваригIун букIана вац хвасар гьавизе.

Гьедин цоцазде кIудияб рокьигун гIун рачIунел рукIана Мусаги ГIалиги. Мусаца журналистасул махщел тIаса бищана, ГIалие учительлъи бокьана.

Гьале циндаго унтана Муса. Унтараб ургьисалаги нахъе босун, цIияб ургьисала лъезе кколин Мусадайилан абуна тохтурзабаз.

Гьеб лахIзаталъ ГIалида цеве вачIана чанго соналъ цебе магIил бералги цIун, больницаялда жиндир кроваталда цеве эхетарав гьитIинав вац Муса.

ГIали, гIемер ургъичIого, тохтурасде аскIове ана ва жинца кьелин Мусае ургьисалайилан абуна. Салманги Салиматги рихха-хочана. Гьел хIинкъана цощинаб ГIалиеги зарал ккеладайилан. Амма ГIали жиндирго хIукмуялдаса кьуризавизе кIвечIо…

Муса сахлъизегIан, гьесда хадуб хъулухъ гьабизе хIалтIудасаги нахъе вильльана ГIали.

Гьале цIидасанги Салманги, Салиматги, ГIалиги, Мусаги цадахъ.

ТIалихIги букIана гьимулеб, борхалъудасан гьезухъги балагьун. Гьеб цодагьабго хIинкъулебги букIана, гьезда берккелебилан…

# ГІУМРУЯЛЪУЛ ДАРСАЛ

## РОКЬИГИ, ТАЛИХІГИ, ГУРХІЕЛ-РАХІМУГИ

### КІиго конфеталъул тІадегІанаб багъа

Интернеталдаса цІалараб автор лъалареб гьаб хабаралъ дие гьабун тараб асар, кантІизаюн тараб куц! Цин къокъго ракІалде щвезабулеб буго гьелъул хІасил:

Маршруткаялда рекІун ругел гьитІинав васги гьесул эбелги. Эбелалъул гьеб къоялъ ццин бахъун букІуна. КигІан вас хІеренго кІалъаниги, гьей хичулей йикІуна гьесда. Амма эбелалъул хІал бичІчІарав васас хІаракат бахъулеб букІуна гьей гьимизайизе, кІалъазайизе. Гьелъул гІаксалда, дагьайги хІелесун ахІдола эбел васасде, жиндие мун вихьизецин къваригІун гьечІилан, тІагІа цевесайилан. Вас гІодове виччана ва пикрабазулъе жувана. Щибдай ботІролъе бачІунеб букІана гьев гьитІинав инсанасда, дунялалда бищунго гІагарай гІаданалъ тІагІайилан ахІидал…

Маршруткаялда рекІун вукІарав цо гІолилас васасе кьола кІиго конфета. Васас гьел квинчІо. Гьес хІалбихьана эбел рекъезайизе. Бигьа гьабун васас (гьесда АхІмадилан телин цІарги) эбелалъухъе, цин цо, цинги цогиябги конфета бегьана, амма эбелалъ инкар гьабуна. АхІмадица цоги нухалда хІал бихьана – гьес конфетал эбелалъул накалда лъуна. Эбелалъул кверги щула гьабун ккун букІана. Гьесие бокьун букІана гьей гьимизе, жинца кьурал конфетал росизе. ГІемераб мехалда сихІкъотІун чІун йикІарай эбел заманалдаса йигьа-йичун ячІана – гьелъ АхІмадида къвал бана. Гьесул берал кунчІун рачІараб куц! Вохиялъул кутакалъ, АхІмадица, тІаса хъалги бахъун, эбелалъул кІалдиб жинцаго лъуна конфета. Цоцазда къвалалги ран, гІодор чІун рукІана эбелги васги…

Хабаралъул щибаб рагІи магІлъун къалеб букІана дир рекІел тІинда, гьелъ борлъ-борлъун балеб букІана тІолабго ургьимес.

Унго-унголъунги АхІмадица чІахІиязеги гІисиназеги кьун тараб дарс. Эбел ахІдараб мехалда, гьесул рес букІана барщун чІезе, жиндие мунги йокьуларилан гьелде ахІдезе, эхе-эхеде кІанцІезе. Аслияб къагІидаялда гьедин гурищха гІисинлъималаз гьабулеб, улбул ахІдараб мехалда.

Амма дир бераздa цебе чІун букІана тІубанго батІияб сипат-сурат - берцинлъиялъ угьараб, лъикІлъиялъ бессараб, талихІалъул расеназ хьухьараб, гІажаибаб гІумруялда бекІкІараб гІажаибго гьайбатаб накъищ. Гьеле гьединаб букІана ва буго гьитІинав АхІмадил гІумруялъул дарс.

### ГьитІинав Сайгидил кьурдул «балъголъи»

Гьеб хабар цІалидал, дида ракІалде щвана цо гьадинаб лъугьа-бахъинги.

ГьитІинав Сайгидил букІана кІиго сон. Гьесул «кутакаб» махщелги букІана кьурдизе. Зама-заманалдаса, бабаца къали бухун, дадаца пиштІул наку бачун, вацал-яцаз хъат кьабун, «концерт» кьолаан Сайгидица. Дида гІемер ракІалде щола гьеб лъугьа-бахъин гьанжеги, кІудияв гІурав Сайгид вихьидал.

Цо къоялъ мехтун рокъове вачIарав Сайгидил дада, рокъор ругезе питна бухъизе жувана. Инсул ахIухъе макьидаса вигъарав гьитIич, щибго ахIвал-хIал бичIчIилалдего, кIанцIун тIадеги вахъун, кьурдизе лъугьана. Гьев кьурдулеб мехалда, киналго рохизе кколел рукIиндалха. БичIчIичIо гьеб къоялъ лъиданиги Сайгидил кьурдул аслияб магIна. АхIи-хIуралда ругел эбел-инсуе ургъелго ккечIо васас питна секьинелъун гьабулеб бугеб кьурдул. Сайгидица кьурди гьоркьоса къотIизе течIо, гьев кьурдана, гIодилагоги, инсуца живго кодове вачинегIан. КватIун кантIарай эбелги, гьевги каранде къан, гIодизе жуяна.

Гьебги букIана гьитIинав Сайгидица кIудияз кьураб жиндирго дарс. Гьелдаса хадур ццин бахъанщинахъе гьесул эбел-инсуца цоцазда абулаан Сайгидил кьурдуца бахъулеб унти бугин гьебилан, дагьаб бугонигицин, дагIбаялде иш кколеб мехалда.

## ЦIалдохъабаз дие кьураб дарс

Цо пуланаб къоялъ школалде дарсал кьезе арай дун цIакъгойищ ахIдарай лъималаздеяли, гьез рокъобе рекIехъе лъазабизе кьун букIараб кечI лъазабун батичIеб мехалда. Дидагоги бичIчIулеб букIана мекъи йигеблъи, букIаниги ахIдонго-ахIдон толей йикIана. Гьез бицунелъухъги гIенеккизе бокьун букIинчIо. Цо кIудияб гIайиб лъималазда гьечIониги, гьезда тIад босараб «бергьенлъиялдаса» ракI регьунги йикIана дун. АхIдеялъе аслияб гIилла батIияб букIана.

Амма гьебсагIаталдаго магIарул мацI хIалил мадаралъ гурони лъаларев васас абуна жинца цо хабар ургъун бугила, хIасил бицине бегьиларебищилан. Гьелде дандеги, вахъахайилан абун, согIаб жаваб гьабуна дица. Цинги бицун танаха жидер йигей лъикIай учительницайила, гьелъул хIеренлъийила абун. Зодилкьерал чIахIиял гьелъул берал кидаго гьимулел рукIунила, жидее бищунго йокьизеги гьей йокьулила. Дунги ургъулей йикIана, щийдай гьейилан. Хабаралъул ахиралда гьев дида аскIове вачIана ва хъатикь ккун букIараб кагътил гьабураб тIегь хIинкъадго бегьун бачIана дихъе. Дун гьалгъан хутIана. ЦIолбол гарал гIадал гургинал гьесул беразда магIу бетана. Дун цIоро-гъорона. Ниж кIиязулго ахIвал-хIал бичIчIарал цIалдохъабаз хъатчIвана ва дица гьесул бадисан гирун рачIунел магIил гарал ракьалде рортизе риччачIого, дирго кквераз кколел рукIана. Гьеб букIараб бухIараб магIу. Ракьалде бортун букIарабани… цIа ккезегицин рес букIараб. Гьеб лахIзаталъ дие бокьун букIинчIо дирго магIу лъималазда бихьизе, дур-дурун кIетIолеб бугеб рекIел хIал гьезда бичIчIизе. Амма дир ракI хIеккана. Гьес бищунго цIакъайилан, тIокIайилан абидал гуребха. Лъималазул гIайиб бацIцIине цеберагIилъун рачIарал рухIарал магIил гаразул цIики бихьидал.

Цинги –рекъел, релъи, рохел. Ва нижеца къотIи гьабуна, цоцазда ццин бахъанщинахъе,гьеб нахъбуссинабизе, киназго цадахъ хъатчIвазе. Гьеле гьединаб лъикIлъиялъул цIураб дарс кьуна гьеб къоялъ дие цIалдохъабаз. Гьеб букIана дир чанго дарсил багьаяб цо дарс. Дицаго диего гьаги бана, цIалдохъабазда тIад босараб магIна гьечIел «бергьенлъабаздаса» йохунгутIизе. Ва цIалдохъабазе дицаго ургъарал «ЛъикIлъиялъул ва ТалихIалъул дарсазде» тIаде жубана цоги цIияб пунктги. Гьелда цIарги тана «ЦIалдохъабазул дарсал», - илан.

## Чанги лъикIалде кантIизарула нилъ лъималаз

Нилъеразгоги чияразги. Амма киналъулго гуроха нилъеда магIна бичIчIулеб.

Барщаригицин берцинаб букIуна лъималазул. Гьезда лъала хехго рекъезеги, бажарула цоцазда тIаса лъугьинеги, барщарал рекъезе гьез рицунел гьуинал гьерсалги.

Гьезухъа къарзалъгIаги щай босулареб чIахIияз рекIел бацIцIалъиги хIалимлъиги. Лъималазул буго жидерго бацIцIадаб дуниял, нилъ, чIахIиял, гьелда квалквадизегIан. Нилъ жанире лъугьарабго, гьеб дунялалъул бакI-бакIазда хIапара базе лъугьуна. Аллагьас цIунагиха цинги, нагагь гьеб хIапароялъ лъимадул рекIелъе нух бахъани.

## ЯхI-намусалъул цIадирабазда лъуни…

Цо гьадинаб мисалги бачине бокьун буго.

Маршруткаялда рекIун ячIуней йикIана. ХIалтIул ахиралда, бакъанил гIужалда, рахъун чIун рукIинеги, рахуна гIадамал. Киналго рокъоре гIедугIун рукIуна хIалтIудаса хадуб. КIиго бакIаб сумкаги кодоб ккун, ригь арай гIаданги лъугьун ячIана жание. Гьей жание лъугьиналда цадахъ, цо гIолохъанай эбелалъ лъазабуна шоферасда жинца лъимадухъги гIарац кьезе бугила абун. Амма хералъул берал эбелалда аскIов гIодов чIун вугев васасда рукIана. Цогидазул санагIалъи букIинчIо цIун бугеб маршруткаялда тIаде рахьине. Вас чанго нухалда гьесана тIаде вахъине. Амма эбелалъ тунка-гIусун гIодов чIезавулев вукIана. Цинги васас киназдаго рагIизабун абуна жиндир бабал хIетIе унтун бугила, гьелъие гIоло жив тIаде вахъине санагIалъи гьабейила. Вас нахъехун вуссана ва гьенив гIодов чIун вукIарав гIолохъанчиясда абуна, кодовги ккун, жив нахъе вачейилан абун. Васасул санагIалъи букIинчIо, живго къватIиве вачIине.

ТIаде вахъана гIолохъанчи. Амма херай гIодой чIечIо. БакIал сумкабиги кодор кковухъе, гьей рикIкIаде ялагьун хутIун йикIана. Гъов гIолохъанчи гIодов чIун вукIараб скамейкаялдеги вахун, вас къватIиве кIанцIана ва хералъе гIодой чIезе бакI гьабуна. Херай гьимана, васасул кIаркьада убач гьабуна ва, угьун хIухьелги биччан, гIодой кIусана.

Нечарай эбел, васги вачун, заман щвелалдего, къватIие яхъун ана. Шоферас эбелалъ кьолеб букIараб гIарацги босичIо. Гьес гIодове виччан абуна:

- Гьединав вас куцарай духъа жиндица гIарац босуларилан.

Эбел дагьайги нечана…

Гьенибги дие щвана кIигогIаги дарс: цояб - гьитIинав васас кьураб, цогидаб – шоферас кьураб.

Киналъулха къуват бугеб: квешлъиялде данде гьабураб квешлъиялъулищ, ахIдеялде данде гьабураб ахIдеялъулищ, яги, гьелъул гIаксалда, квешлъиялде данде гьабураб лъикIлъиялъулищ, ахIдеялде данде гьабураб гьимиялъулищ!?

ЯхI-намусалъул цIадирабазда лъуни, кинабдай бакIаб бугеб!?

## Къвалал рани…

Бокьун буго цIар лъаларев авторас жиндирго хабаралъул ахиралда лъурал гIумруялъул дарсал цоги нухалда, хIурматиял цIалдолел, нужееги такрар гьаризе:

Эбел-инсуда къвалал рарал лахIзатаз нилъер ракIазулъ рещтIуна сабру.

Нилъее рокьулездаги нилъ рокьулездаги къвалал райдал, нилъехъе жибго бачIуна талихI.

Лъималазда къвалал райдал, нилъер черхалда ханлъи гьабула лъикIлъиялъ.

Гьудулзабазда къвалал рани, нилъехъе бачIуна рекIел бацIцIалъи.

ГIумруялда къвалал рани, нилъехъе бачIуна гIакъиллъи.

### ТалихIалъул нухаздасан

Рикье цогидазе нужерго талихIалъул кескал. Гьел рикьанагIан, гIемерлъула талихI.

ХIурматиял цIалдолел!

Щайдай дуниял гьадигIанго берцинаб бугеб? Сундулъ бугеб гьелъул аслияб берцинлъи. Нилъеца цоцазе кьолел гIумруялъул дарсазулъ.

Макъалаялъул ахиралдаги абизе бокьун буго нилъер хвасарлъи согIлъиялде, хъачIлъиялде данде гьабураб лъикIлъиялъулъ ва хIеренлъиялъулъ бугилан.



# Поэзия. Жакъасел гIолилалгун, щиб мацI бицун, кIалъалел?

Рабият КЪУРБАНОВА

## ХЪАРЧИГЪАНИЛ МУХIАМАД

*(поэма)*

**ГIурус генерал Фези
Кавказалъул мугIрузде,
МугIрузулал росаби
МутIигI гьаризе хьулгун,
Дагъистаналде вачIун,
Хунзахъ чIун, хьулби ралев.
Гьужумазе квегIенал
Щулалъаби гьарулев.**

**МагIарулал мутIигIлъун,
Гьезул къуват чIинтIизе.
Хундерил АхIмадхангун,
Жиндирго мурад рагьун,
МугIрул нухал лъикI лъалев,
Рагъулав гьалмагъ гьавун.
Гьес тIоцебесеб гьужум
ТIелекье ургъун буго.**

**ТIелекь – Къебед-МухIамад,
Кавказалъул рагъулав,
Жиндир цIар арав наиб,
Вуго рагъул цевехъан.
Шамилилги ракIчIарав,
Гьес божилъи гьабулев.
Гьев тIагIинави буго
Фезил байбихьул хьулал.**

**Гьеб лъала Шамилида.
Чачаналъ гьев вукIаго,
Пачаясул тIадкъай щун,
Наибзаби гIужид гьей.
Гьезул сияхIалъулъги
ТIоцересезул цояв
Цин Ахъбердил МухIамад,
Хадув Къебед-МухIамад.**

**Фезил хасаб армия,
Цадахъго АхIмадханги,
ТIелекье гьужумалъе,
РикIкIен гIемер къуватгун.
Гьеб ункъо-щуго нухалъ
ЦIцIикIкIараб тIелкьаздаса.
Гьез сверун ккола росу.
Байбихьула гьужумал.**

**Гьелъул хабар лъарабго ,
Лъабнусго рекIаравгун,
Чачанав, гIалим-наиб
Ташав-хIажигун цадахъ,
Шамил гIедегIун вуго
ТIелкьазе кумекалъе,
Жиндирго наибасе
Къебед-МухIамадие.**

**Чанги мугIрул росаби,
ГIурусакьа хIинкъарал,
Имамасе мукIурал,
Амма гьеб балъго тарал.**

Шамилгун рекъей лъани
ГIурусаз цIа гъолеб лъан…
ЖамагIат рази гьечIеб
Нухалъ Шамил инчIоан.

Гьев, гъалмагъир-кьалалде
Гьедин жувалароан.
ГIемерал росабалъан
Нухккун ине кколаан.
Квалквал гьечIеб нух гьесий
ГIашилтIасан ТIелекье
ХIажат бугоан, амма,
Чанги росабаз кьечIо.

Шамил пикрабалъ вуго
ГIахьвалазул магIарда,
Ишалъул жигаралде
Жувалеб нух ургъулев.
Лебалав наибасде
ХIалккаралъул хIалае,
Ккараб ахIи нахъчIвазе.
Заман гьечIо квализе.

Гьебмехалъ Шамилихъе
Ракьусан вакилзаби
Уна: «Нижги мунгунин.
РукIанин ва рукIинин.
Мун, дурго мурадалгун
Нижер ракьккун вачIайин.
Нижгун цадахъ, тIелкьазе
Кумекалъе инейин».

Шамил разилъун вуго.
Регьекьдерил кIкIалккун гьев,
Ракьуб росдал колода,
ИчIаб сордоги тIамун,
Росдал гIолохъабигун,
Къелдерил кьодасан гьев,
Къаралазул мегIерккун,
ТIелекьеги ун вуго.

Гьеб ахIуд рахъаралъур,
Бодул цебесеб кьерда,
Кьолонив жив вижарав,
Ракьусев вукIун вуго.
Шамилил чабхъеназулъ
Нахъа чанги вихьулев,
Хъарчигъанил МухIамад
Рехсола гьаб бицадулъ.

Гьесул бахIарчилъигун
Имамасе ритIухълъул
Гуржиялъе гьабураб
Цо чабхъеналъ бицуна.
ГIурусазул рахъги ккун
Дагъистангун рагъулел
Гуржиязе гьабураб
Кьабиялъул рехсола.

Кахетиялде гьужум,
ГъазимухIамадил бо, -
Алазан щиб, Шилдиб щиб,
Шамил Гуржи магIарда…
Гьесул буйрухъ – тIоцебе
Бечедаб давла бахъи,
Цинги гуржи – князазул
Асирал кодоре щвей.

Гьеб чабхъеналъул мурад,
Асирлъарал, князасул
ГIагаразухъ Шамилил
Вас нахъе хисун щвезе.
Пуллохъе аманаталъ
Жамалудин кьун вукIин,
АхIулгохIалъул къиса
Лъалезе бицине щай?!

Регьекьдерил багьадур –
Хъарчигъанил МухIамад
ЦIоралде чабхъеналда
Нахъеги цеве вуго.
Цинандалиялде гьал
Рогьалилъ тIаде кIанцIун
Гуржи – гIурус гарнизон
Щущахъ буго биххулеб.

Хадуб гьаз байбихьана
Давлаги бакIаризе.
Бечедал гуржиязул
Асиралги гьаризе.
Хъарчигъанил МухIамад
Цадахъаб гьалмагълъигун
ЧIухIарал ригьзабахъе
Жанире лъугьун руго.

Ратана, цере ккарал
Муридалги гьенире.
Гьав минадул тIасиял
ТIалабахъе вахъана.
Лъабабилеб тIаладухъ,
Цо чIухIарабго рокъор,
Гьайбатал руччабазул
Къокъа буго батулеб.

Берцинлъиялъул кутак,
РетIа-къаялъул чIухIи.
Сипат-сурат беричал
Гьал ясазул чалухлъи!
Жал асир гьари лъарал
Гьезул гIоди ва гьардей,
Кинабниги буголъи
Босейин, цо жал тейин.

Гьез бодулазда цере
Къиматал хазинаби,
ГIарац-месед, бечелъи,
Бахъун рехулеб буго.
КигIан гьел гьарданиги
Шамилил буйрухъалъе
Хисарав цохIониги
Мурид гьазулъ ватичIо.

Гьедин, гьеб кIалгIаялъул
Чабхъадулаз асирлъун
Къоло хадув чиги ккун,
ЛъикIаб давла босана.
Хъарчигъанил МухIамад,
КъвалцIун цо бикаги ккун,
Хулжацаги бакIлъараб
Къолониве вахъана.

Бодул пикру букIана,
Щвараб давла, асирал
Дагъистаналде ритIун,
Жалго церехун ине.
Шагьарал ва росаби
Гуржиялъ жеги гIемер.
Къалул гIоркь гьазухъ кодоб.
БитIккейги гьазий буго.

БичIчIизе бигьаяб жо,
Гьел къояз Тифлисалда,
ТIолго Гуржистаналда
Щиб ахIвал-хIал букIараб.
Павленкол къалмицацин
Гьеб тIубанго рагьичIо.
Гьелъул чанги лахIзатал
Цо бицадулъ хутIана.

МагIарулаз гьужумалъ
Цинандали босидал,
Кьер тIурал генералал
Воронцовасда цере.
ГIедегIухъе рачIиналъ
Хехлъараб хIухьелги ккун,
Рагъулав бетIерасе
ХIажат буго бицунеб.

«Шамилица гьужумалъ
Цинандали босана.
Тифлисалде щвезеги
Жакъа-метер бегьула».
Амма муридзабаца
Чабхъен къотIизе тана.
Имамасул буюрухъ
Нахъруссаян букIана.

Имамасул ругьелалъ
Нахъ ахIарал бодулал
Дагъистаналде руго
Давлагун нахъруссунел.
Асирал, бечелъи щун
Чабхъадаса разиял,
Имамасул рецц щвезе
Шавкъалъ руго хIалакун.

БитIун ккараб сапаралъ
Би гьалдолел рекIараз,

Пунхъулел чуял руго
Чвархъигун цере гъолел.
Кьолода цере ккурал
Гуржиязул ясаца
Кьалул букIараб боркьи
БецIилин руго къасдал.

ИчIго къоялъул сапар…
Сардилъ гурел сасинчIо.
Чачаналъе щвезегIан
Рехсезесеб иш ккечIо.
Веденой, имамасул
КIалгIаялъухъе щвана.
Асиралги давлаги
Шамилида бихьана.

Ккара-тараб бицана…
Чабхъен-кьалул цIехана…
Муридаз асир-ясал
Кьолонисан рахъана.
Чабхъен битIун ккун бугин,
Жиндир мурад тIубазе
Гъаз квер бакъилин абун,
Шамил рази вукIана.

Жинца асир гьаюрай
Шамилихъе кьолаго,
Хъарчигъанил МухIамад
Гьедана имамасе:
«Дир хIурматияв имам,
ИчIго къоялъул нухтIа
Асирлъуде ккарай яс
Дица духъе ячана.

Дур мурадалъе гIоло,
Асир гьайизе гуреб,
БатIияб пикру хIалтIун,
Дир квер гьалда хьатIичIо».
Гьеб мехалъ Шамилица
Бер сверухъе рехана.
Гьасде данде балагьи
Чабхъадулаз борхичIо.

БичIчIана имамасда,
Ракьусесул гIадинаб,
РакIбацIцIадаб ритIухъльи
Цойгидаца кквечIольи.
Хъарчигъае имамас
КIудияб къимат кьуна.
Гьелдасан тIокIаб давла
МухIамадий кIваричIо.

Гьаб кинабниги бицен
Уяблъун гьабулеб нугI,
Живго Хъарчигъадацин
Нахъа гурони лъачIо.
Дой гуржиязул бика,
Ракьусесул кьолоний
Веденой Шамилихъе,
ХIурулгIин гIадин, щварай,

Жамалудин нахъги щун,
Асирал рокъой руссун,
Гуржиялъа Веденой
Халатаб нухлул бицун.
Княззабазул руччабаз
Ккара-тарабги рагьун,
Балъгоябгун лъалареб
Якъинлъидал кинабго,

Лъана, Хъарчигъал асир,
ХъахIмиккигIадай дой яс,
Нина Чавчавадзел яс,
Шамилихъе гьес ячин.
Даимаб баркалагун
Къиматал сайгъатазул
Посылкаби, ругьелал
Ракьуре щвараб мехалъ.

Гьаб цохIо лахIзат буго
Хъарчигъанил МухIамад,
ХIакълъун, бахIарчи вукIин.
РитIухъав мурид вукIин.
Гуржиязул княгинял
Гьоболлъун жив лъугьарав.
Нахъа, чабхъаде гурев,
ГIемер гьенив хьвадарав.

Регьекьдерие гIемер
Хъарчигъал лебаллъидул
Анцухъ – Капучиялъул
Наибас бицунаан.
Закарья гьоболасде
Ракьув рещтIараб мехалъ,
Херлъарав муридасде
Зиярат гьабулаан.

**********

**Гуржистаналъул бика**
**Шамилие хъамурав,**
**Хъарчигъанил МухIамад,**
**Мун ахIула - щоларо.**
**Борхалъабазде гурин,**
**Ахалъудецин ххарун**
**Къадру-ассалъ рахъинчIел**
**Васазе цо мисаллъун.**

**Чуял гъаз рекIунаро,**
**Гъел кьолозе лъаларо.**
**Кьурун цебе бачунеб**
**«Чармил гьоко» бокьула.**
**ЦIияб гIумруялъул нур**
**ЦIикIкIун гьазий чIанагIан,**
**Намусалъул канлъуца**
**Рехун толел халлъула.**

**Хъарчигъа, мун бесдалав**
**ВукIанилан бицана.**
**Дуе тарбия кьезе**
**Кьолбол биценал гIунин.**
**ГIедал, инсул бидухъги**
**Къисас, рекъон босанин.**
**Жакъа чIвалел улбузе**
**Васалдай гьаруларел?!**

**Дур рекIеца йищарай**
**Чиярай йикIаниги,**
**Дуца «чиякъ» гьаюрай**
**Къварид гьайизе течIин.**
**«БатIияб тIегьалъулин**
**ТIегьайги гьайбатабин»**
**Багьадур «гIужий гъурал»**
**Мугъ бекун дуца тарал.**

**Гьунар гьечIеб чIухIиялъ,**
**ХIелкал гIадин хьвадулел**
**Гьал «гIарцул чIухIби» рихьун,**
**ХIалуцун кIалъалаан.**

**Жакъасел гIолилазул**
**Саяхълъи квешчIарав мун,**
**Къирщулаго цабигун**
**НасихIат гьабилаан.**

**Чачаналъ гьужумазул,**
**Гьалагал дол къоязул…**
**Алазан бахъун араб**
**Чабхъадул бицинаан.**
**Къадруялъул къолденалъ**
**Рахараб дур рекIеда,**
**Чавчавадзел бикаби**
**Пикрабалъ паркъелаан.**

**«Дабагъалъул гурони**
**Рагъ бихьичIел нужилан»**
**ГIолилазда ракI дур хвей**
**Къокъ загьир гьабилаан.**
**Гьавураб рукъги бичун,**
**Чияр ракьал рокьарал,**
**МолотIа руссунелъул,**
**Бицен кинаб гьаз телеб?!**

**Дуца нахъа толеб цIар**
**КинитIасан цIунарал,**
**ЦIвабзахъе цIаруцIунел**
**ЦIумазул магIарухълъи,**
**ЦIунцIрабаз, ракьул гохIлъун,**
**Балъаргъиндал тушбабаз,**
**Кисан багьадурзаби**
**Мун цIунизе ахIилел?!**

**Тарихги цIехоларел,**
**Кьолбол цIарги лъаларел,**
**Росдал церехъабазул**
**Биценалги кIочарал –**
**Жакъасел гIолилалгун,**
**Щиб мацI бицун, кIалъалел,**
**Халкъалъул миллат лъалеб,**
**Рахьдал мацIцин лъаларел?!**

# Проза. Кавказалъул гьалдолел къоязул къиса

**Салман ХIАСБУЛАЕВ**

## ЧАЧАНАЗУЛ АСИР

***(асирас бицараб хабар)***

*«Дуца щиб гIадамазе гьабураб,*
*гьез дуеги гьабулеб.»*
***(Чачаназул аби.)***

### ЦЕБЕРАГIИ

ГIасрабаз умумуздасаго бачIараб чачаназулгун гьоболлъи ва гьудуллъи буго нижер Болъихъ районалъул росабазулгун.ЧIарбилазул тIалъиялдаги, Шаро-Аргуналъул жаниблъиялдаги, Шатой, Ведено районаздаги ва мугIрузда ругел гьезул росабалъги, нижер умумуздасаго рачIарал гьобол– гьудул камураб росу–бакI букIинчIо ва гьечIо. Хасго гьеб щулалъизе лъугьана Россиялъулгун-чачаназул 1994-1996 соназда ккараб тIоцебесеб рагъул хIасилалда, чачаналъа «лъутун» рачIарал гьалбалги ракълилаб халкъги нижер росабалъе рачIиндал.

### РАГЪ...

Къокъаб ва вахIшияб гьеб рагIи рагIизего бокьуларо, гьеб буго инсаниялда тIад хвалил михир бачунеб балагь. Вацлъиялъул улка СССР биххизабиялда гIей гьабичIого, Россиялъул халкъазул бербалагьи, гьезул пикру ва гьелдехун кIвар кьей буссинабиялъе гIоло Кремлялъул цо–цо жасусаз ва гьезул цевехъан Б. Ельциница «берцинаб» бицун, цин чачаназде абуна нужеего эркенлъи босейилан, цинги хадуб гьес гьел рагъул коронире ккезаруна. Гьеб букIана Кремлялъул халкъалъе хилиплъарал, хилипчагIаз СССР биххизабиялъе гьарурал гъалатIал, жидерго тахбакIал цIуниялъе ва такъсирал ишал рахчизе гIоло гьабураб рагъ. Гьезул гурхIел гьечIеб гьерсилаб буюрухъалъ чачаназул гьитIинаб халкъалда тIад, Россиялъул кIудияб пачалихъалъул къуват бихьизабуна…

Гьудуллъиялъулаб Советияб Союз гIуцIулаго ва цIунулаго, гьелъул халкъаз, цадахъ лъугьун, 1917-1920 соназда биги гIодоб тIун, бахъана революция ва гIетIги тIун, гIуцIана гIаммаб магIишат: заводалги, фабрикалги, колхозалги, совхозалги жанир ругеб социализм, хIалтIул къоги бачана микьго сагIаталде,

1941–1945 соназда чанги миллионал гIадамаз гIагараб Советияб ВатIаналъе гIоло гIумруги кьун, чияр ракьал рахъулел хъамалчагIи – фашистазда тIад бергьенлъиги босана …

Хвалчацаги тункIицаги цIунараб газа-белалъги ва квартIа–нилъалъги гIуцIараб СССР биххизабугеян ахIдела халкъги тун, хIукуматалъул хIалихьатал хилипчагIазул ручкаялъ гьабураб гьитIинаб гъулбасалъ, гьогъол къед гIадин, бигъаго биххизабуна нилъее гIагараб букIараб кIудияб улка, эркенаб Советияб пачалихъ. Гьеб биххи балагьлъун чIана гьелъул рукIарал халкъазе: политикиял церехъабазул хIаязул хIилла– макруялъ миллатазда гьоркьоб кьватIел (рагъал) ккведаруна ва нилъералго нилъеразде данде рагъизе тIамуна …

Чачаналъ рагъ ккей - гьеб букIана Россиялъе кинабго рахъалъ бугеб кIудияб балагь. Россия рихарал пачалихъазе гьеб букIана жалго–жидедаго данде рагъизаризе кIвеялъе бугеб кIудияб рохел. Чачаназе гьеб букIана бахIарчилъиялда жидерго гIагараб республика цIуни…

Амма лъица щиб биданиги, бицун нуж божиларо, боркьараб рагъул коронибги квер кьураб, цебе букIараб гьудул–гьалмагълъи цIунун хутIараб цо–цо лъугьа-бахъиналги ккола. Гьединаб букIана советияб заманалдасаго бижун бачIараб советияб халкъалъул гьудуллъи.

Гьеле гьединаб гьудуллъи букIараблъи лъазе гьаниб гъоркьехун якъинаб къагIидаялъ чачаналъ ккараб, асирас дие бицараб ва дидаго бихьараб къалмикьеги босун, нужее гьаниб гьелъул баян кьезе бокьун буго...

Жидерго ракь цIунун, чачаназул гьитIинаб халкъ, хвалдаса хIинкъичIого, рагъана Россиялъул тIоцевесев президентасул къуватаб, хIадурараб армиягун. Рагъана бахIарчилъиялда ва…

## 1.

1994–1996 соназда чачаналъ тIоцебесеб рагъул компание унеб заман букIана. Ельцинилаб КIудияб Россиялъ гьитIинаб чачанлъиялда, гьел мукIур гьаризеян, рагъ гьабулеб букIана. БичIчIунареб рагъ букIана гьеб, амма бичIчIунеб жо букIана гьеб гьитIинаб бахIарчияб халкъалда тIад рагъулаб балагь рещтIинабун букIин Россиялъул президентас.

Гьеб рагъул коронив ккун вукIана гIолохъанав офицер Олег Кивиров. Рокъоса кагъат бачIун букIана гьесухъе чIужу–хъизан урхъун ругин ва гьитIинав ункъо сон барав вас унтуца кIвекIун, кIудиявго гIолев гьечIин, мун вихьизе хьулазда вукIиналъ, гьев хекко–хекко дадаго–дадаян ахIи балев вукIунила.

Гьеб кагъат бачIаралдаса, Олегил цIакъ рахIат бахъун букIана, гьес командованиялда тIаде-тIаделъун гьарана унтарав вас вихьизе жив отпускаялъ виччаян. Киса, командованиялъ гьесул гьари къабул гьабичIо, гIаксалда гьев витIана моцIалъул болжалалда лъеберго солдатгун ва гъоркьегIанал рангалъул лъабго офицергун Грозныялдаса гIемер рикIкIад гьечIеб Атагъи росдал ахада бугеб блокпост цIунизе. Гьеб цIунун рукIарал аскариял цересел къояз, харбие чи течIого чачаназ гъурун рукIана.

Гьениб кин–щиб ккун букIун батаниги, гьеб стратегияб рахъалъ хIажатаб бакI букIиналъ федералияб армиялъ цIидасан цIи гьабуна ва гьеб цIунизе бахIарчияб хасияталъул офицер капитан Кивиров Олегида божизабуна.

Блокпост букIана чачаназ рехун тарал, бомбабаз тIе-тIезарурал, минаби аскIор рукIиналъ, рукIа–рахъиналъе санагIалъи бугеб бакI, амма гьениб хIинкъи бугеб жо букIана, гьенир гIагарда ругел, рорхатал щобаздаса хъатиниб лъураб гIадин, гьелъул свери-къоно ва хандакъал цере лъун рихьулел рукIин. Бокьараб заманалъ, тушманас гъужум гьабун, кверде босизе бегьулеб хIал букIана гьелъул. Пост щулалъиялъе щибниги рахъалъ квегIенлъи гьечIеб, гьеб борхалъабаздаса цебе лъун тушманасда бихьулеб бакI букIин командованиялда Кивировас лъазабуниги, гьез гьелде кIвар кьечIого тана.

ЗахIматаб ва хIинкъараб хIалтIи букIана гьеб блокпост цIуниялъе гьабулеб. МугIрузул районаздаса ва цогидал бакIаздаса рачIунел ракълилал гIадамазул щибаб жоялъул хал гьабизе кколеб букIана. Чачаназул рагъухъабаз бокьараб гIужалъ гъужум гьабизе бегьулаан, яги гIадатиял гIадамазда цадахъги рачIун, чIер барссизабизе бегьулаан гьез гьезда тIаде. ТIадежоялъе роччараб ва квачараб гьава–бакъ букIиналъ цIакъ рахIат бахъун букIана солдатазул. БичIчIине захIматаб Россиялда жаниб унеб, хилиплъи гIемераб, гIадамаз абухъе гIарцулаб рагъ букIана гьеб. Сон ВатIанцояллъун цадахъ рукIарал чачаналги россиялъулалги СССР биххидал, жакъа тIадтаразул гIайибалдалъун цоцазулъ рагъун гъурулел руго, тIолабго дуниял тIадги белъизабун. Гъурулел руго жидерго пачалихъалъул бахIарчиял васал…

I944 соналъ Сталиница хIал гьабун Гьоркьохъеб Азиялдеги гочинарун, чачанал балагьалде ккезаруна ва 50 сонидаса ай, I994 соналъ Ельцинилаб Россиялъ гьеб бахIарчияб халкъалде тIаде рагъулаб балагь рещтIинабуна. Амма хилиплъи гIемераб, гIарцухъ федералиял командирзаби ричун росулеб Россиялъе балагьлъун чIараб рагъ букIана гьеб.

Кин букIун батаниги, СССР гIадин Россияги биххизе биччачIого цIунизе кколеб букIана. ЦIунизе кколеб букIана тIолго дунялалъул гIарцухъ рагъизе рачIарал чIегIерав гIарабав ХатIабил рагъубаздасаги…

Чачаназдасаги цIикIкIараб кIудияб рокьукълъи букIана Россиялъул солдатаздехун къватIиса улкабаздаса рачIарал чIвадарухъабазул ва хасго хатIабилазул. ГурхIел гьечIого Россиялъул солдатал чIвалаан гьез, яги асирлъунги росун, жидеего пайдаялъе хIалтIизарулаан, данде чIаразда тIад батIи–батIиял хIалбихьиял гьарун, гьезие хвезегIан гIакъуба кьолаан. ХатIабил рагъухъабаз асирлъун росарал солдатазда тIад гьабулеб батIи–батIиял вахIшиял зулму–хIалалъул рицунел биценал, солдатазда гьоркьор тIиритIун рукIана. Гьелъ, армиялъулал цIакъ цIодорго чачаназул гудракье ккеялдаса цIуна-къан рукIунаан, амма пайда щибха, хилиплъи гIемерал гIарцуца кодоре росарал цо-цо командирзаби рукIиналъ, гIадлу хвей букIана аскариязда гьоркьоб…

Байбихьуда блокпосталъулазул къоял унел рукIана гIенеккадго, гIадлу хвей гьечIого…

Лъалареб балагь лъачIого бачIунилан абухъего, ракIалда гьечIого, гъужум гьабуна чачаназул рагъухъабаз Кивировасул блокпосталде.

Гьеб букIана март моцIалъул авал, маркIачIумех щолеб заман. Ракьалде бецIлъи рехизе лъугьаралдаса, Россиялъул вертолетал кумекалъе рачIунареблъи хIисабалдеги босун чачаназул рагъухъабаз Россиялъул аскариял чIарал

бакIазде ракIалда гьечIел гьалагал тIадекIанцIиял гьарулаан. Гьеле гьеб заманалъ, блокпосталъул свери–къоноялъул борхалъуда лъун рукIарал пулеметалъул точкабиги тIагIинарун, тIаделъана рагъухъаби хандакъазухъ ругел солдатазде. КIияздаго гьоркьоб унеб букIана хIалуцараб рагъ. Солдатазул цо чангоял чIвана ва лъукъана. Щобазда щулалъабиги ккун, кьвагьдолел чачаназ солдатазул бетIер тIаде борхизе биччалеб букIинчIо…

Кивировас командованиялде ахIи бана кумак гьабеян. БитIилин кьварун рукIаян къокъаб жаваб кьуна гьезги.

Олегил лъикIав гьудул вукIана полкалъул гIарадачагIазул командир капитан Коценко Владимир. ЦIакъ хIинцав, хIал сундуениги кьоларев чи вукIана гьев. Гьес кинабго гъоркьа–тIаса биччалаан. Бугониги жинца кумек гьабилин, тушманасде тIаде гIарада гIужда речIчIилин вукIунаан гьев. Олегица кумек тIалаб гьабуна гьесдасаги. Кумек гьабилин, координатал рицеян жаваб гьабуна гьесги.

Дунялги бецIлъана, рагъухъабазул шури–хъуриги тIагIана. Рагъго гьечIеб гIадин, кинабго лахIдуялда гъоркь кьижараб гIадин, гIунун гIенеккун чIун букIана… Гьоркьоб гIемер заман бачIого тIупан тIураб гIадин, тIаде базе лъугьана гьенир ругел щоб–ракьалде Коценкол гIарадабазул гъунпараби. Гьелъ кIудияб зарал гьабуна посталда ругезе.

Коценкоца кир–кирго речIчIарал гIарадабазул гъумпарабаз блокпостги, гьениб букIараб рацияги ва сверухълъиялда рукIарал бакIалги щущазаруна, талихIалъ, хандакъазухъ тIепун ругел солдатазе зарал ккечIого хутIана. Рагъухъабазул кинаб букIаниги шури–хъури букIинчIо, гьел гьениса тIурун ратилин тана солдатазги.

ТIаде ралел гIарадаби гIодор руссиндал, дунялги рогьине лъугьиндал, ракIалдаго гьечIого нахъеги рагъухъабаз солдатал сверун ккуна ва лъазабуна кверде рачIаян. Жавабалъул бакIалда Олегица пулеметалъул очередь биччана. Рагъухъабаз цIад балеб гIадин солдатазде тIаде бана гулла. Солдатазги кодоса патронал лъугIинегIан тушманасе жаваб кьуна.

Аскариязухъа лъугIун букIана гулла–хер. Тушманасе кверде инегIан, хвелго лъикIилан, солдатал дандеги руссун, тушмангун цадахъ жалго кьвагьизариялъе гранатаги хIадур гьабун чIун рукIана.

Солдатазул данде чIеялъ, чачаназул командир ГIамирида бачIинахъе бичIчIана гьел хвел къабул гьабизе хIадур рукIин.

– Командир! - ан ахIана ГIамирица,– гьел дуе мукIурал солдатазул гIумру гIадада чIваге. ТIадегIанасда цебе дуца гьезул жаваб кьезе ккезе буго. Дир тушбаби нуж ругониги, кверде рачIани, дица нуж чIвазе гьечIо, гьелъие дица Аллагьасда цебе рагIиги кьола. Лъе гIодоб ярагъги, рачIа кверде. Щиб лъалеб, хадурккун нуж эркенлъизеги бегьула… Нужее ургъизе лъабго минут буго!»

Аскариязул ургъизе заман букIинчIо, хутIараб цого–цо бугеб гранатаялъ жалгоги тушмангиги чIвазе гьечIеблъи бичIчIун, Кивировас солдатазда абуна кверде иналде нужеца щиб абулебан. Цониги солдатас инкар гьабичIо, киназего бокьана цо минуталъги чIаго рукIине, чIаго ругони асирлъудасаги хадурккун эркенлъизе бегьула абураб пикру бачIана гьезул ботIролъе. Бугониги,

гIумру гьечIищха хвалдаса хIинкъулеб жо? Граната кьвагьизабуни, нилъ киналго хвеларо, хутIарал асирлъуде росичIого гьезги теларилан пикруги гьабун, Кивиров тIаде ворхана ва чекаялдаса бахъараб граната гьениб гIагарда бугеб къоринибеги рехун кьвагьизабуна.

Боевиказ цо параялъ аскариял сверун ккуна, гьезухъан ярагъги бахъун, хIебеталъ тIаса рахараб «Урал» машинаялдаги рекIинарун, гьениса гьел цо рахъалдеги хъамун, рохьор рахча–кьеризаруна. ГIемер заман гьоркьоб инчIого, гьезул лъалкIда хадур рахъарал Россиялъул вертолетал гьездаса гIемер рикIкIад гьечIого, гьениб тIад цо-кIиго свериги бахъун, цо рахъалде роржун ана…

МугIруз сверун къараб, къваридаб жаниблъиялъул гIодоблъиялда, гIурул рагIалда бугеб цо гьитIинабго росулъе асирал щвараб заманалда маркIачIул мех щолеб гIуж букIана.

Рагъухъабазги, росдал гIадамазги, гIисинлъималазги кIудияб рохел гьабуна асиразда сверун лъугьун. Цо-цо лъимал солдатаздехун тункаризе, гьезде тузе ва гьезде тушбабиян рогьо базе лъугьана.

Гьеб параялъ гьенибе тIаде бачIараб УАЗик машинаялдаса къватIиве лъугьун вачIарав, ГIамир лъималазде семана, асирездехун кинаб букIаниги нужерго рокьукълъи бихьизабугеян.

ГIамирил букIана жаниб цIураб, спортсменасул гIадинаб, ччоборихараб, борхатаб къаркъала, къамартIаб черх, бахьинаб, бихьинмахIаб гьесул гьумер берцин гьабун букIана тIарцIаб чIегIераб мегежалъ. ТIадго букъараб гIадин, рекъон ккараб рагъул формаялъ батIаго бахъун чергеслъизабун букIана гьесул гьайбатаб лага…

Гьев вукIана хIинкъи–къай гьечIев, бахIарчияб гIамал–хасияталъул, халкъалъе вокьулев унго-унгояв чачанав, чармил ракI бугев ичкериялъул рагъухъабазул командир…

Рагъ ккезегIан цеве гьев хIалтIулев вукIана Грозный шагьаралъул цо школалъул директорлъунги, физкультураялъул ва рагъулаб ишалъул дарсал кьолев мугIалимлъунги. БатIи-батIиял миллатазул анцI–анцI школлъимал куцана гьес ВатIаналъул патриоталлъун рукIине. ВатIан абуни гьезул букIана цо, киназего гIаммаб Советский Союз.

– Лъимал! Асираздехун кинаб букIаниги тунки–гIунси гьабуразе тамихI гьабизе буго,– ян кьварун лъазабуна ГIамирица,– кверде рачIарал асирал инжит гьари, гьеб нилъер напсалъ къабул гьабулеб жо гуро.

Лъимал лъим тIураб цIа гIадин, гIодоруссана.

– Солдатал,– янги абун ГIамир асираздехун вуссана,–нужеда лъан букIа, нуж гьаб жаниблъиялдаса лъутун рорчIулареблъи, лъутарасе цого хвел букIине буго. Нижер умумуз цебе гIадин, асиразда нижеца синжаралги разе гьечIо, Жилинги Костылинги гIадин, къоринирёги рехизе гьечIо, фашистаз концлагеразда гIадин, нуж инжитги гьаризе гьечIо ва нужер Россиялъул армиялъ гIадин гIазаб кьезеги гьечIо. Нужее хвасарлъи бугеб жо буго цо, нуж нижее мутIигIаллъун рукIин. Нужее хадубккун хвасарлъи букIинеги бегьула: нуж хисизе бегьула нижер асирлъуде ккарал рагъухъабигун ва нужер гIагарлъиялъ кколеб гIарац кьуни, эркен гьаризеги руго. ХутIараб кинабго, цогидаб нижеца малъухъе гьабуни, гьелъухъ нужее квен-тIехги, бухIизе хъалиянги кьезе буго…

Дунял рукIкIине лъугьиндал, асирал жанир гъуна чиясул бетIергIанасел гIисинал кIартIал канлъиялъе тарал, кIармазда тIад тIохалъе къаналги гIуцIун гьарурал бецIаб гIиял бокьор. ГIиял рак бакъвараб букIиналъ, гьениб данде бакIарараб тамахаб хьилалда тIад гьел хинго регана …

## 2.

Квачараб ихдалил халатаб гьеб сордо солдатазе лъугьун букIана асирлъун жал ккеялъ, пикраби гIемер гьарурабгIан, гIазаб-ургъалица чIамизабулеб, захIматаб сордолъун. ТIадежоялъе, лъукъарал солдатазул зигардиялъ гьезул рекIелъе лъугьинабулеб букIана рекIел бухIиялъулги гурхIиялъулги хIал бергьараб асар. Гьеб асаралъги, унтаразул зигардиялъги ва жалго асирлъуде ккун рукIиналъул ургъалицаги солдатазде макьу бачIунеб букIинчIо. Лъукъаразул тIалаб–агъазалда, гьезие берцинаб калам гьабулаго, гьезул хьолбохъ вац гIадин, вахъунги чIун, Кивировас сордо рогьана.

Берцинаб гьаркьидалъун будунас рогьалил как ахIун хадуб, дунял гIисинккун гвангъизе лъугьана: хIелказул ахIиги, хIанчIазул чIичIидиги бахъана, боцIи–панз тIубазе рахъарал руччабазул гара–чIвари рагIизе лъугьана.

Олег тIаде вахъана ва канлъиялъе тарал гIисинал картIазде аскIовеги ун, щибалдасан валагьана ва гьениса бихьулеб жо букIана данд битIараб хъачIаб хIотокьераб мегIерги ва гьениб жаниса гъоркье унеб гIорги.

Ракъунги къечонги рукIана гьел, гьезие цIакъго лъим гьекъезе бокьун букIана. Бакъ лъикIалан эхеде бахун букIана асирал азбаралъуре рачиндал. Бакъулаб цIакъ хинаб ихдалил къо букIана гьеб, гьелъ гIемерисел гIадамал тIадагьго ретIа-къан рукIана. Росулъ жаниб гьечIониги, рагIад ккараб бакIазданги, мугIрузда тIадегIанги гIазу бугоаан жеги биинчIого. Асирал рагьде рачун рачIиндал, чачаназул рагъухъабазги, бакIалъул дагьа макъал гIадамазги, ва лъималазги сверун ккуна гьел. Жалго чачаназул гурел, чияр пачалихъалдаса рачIарал рагъухъаби рукIин бихьулеб букIана гьезул гьурмазул кьер–мухъалдасанги ва кIалъаялъул лугъаталдасанги. Хасго чIегIеркIкIубал гьезул гьурмаздаса лъалеб букIана гьел бакъбаккул улкабаздаса рачIарал рукIин.

Гьединго, гьенир аскIосаг Iебеде жидерго ишазда цо чанго чIужугIаданги йикIана къачIа–кIатIараб ратIлилъ. ЦIакъ берцинал руччаби рукIана гьел. Гьездехун кинаб букIаниги бербалагьи гьел бихьиназ гьабулеб букIинчIо. Гьеб параялъ гьезде аскIое ячIана тIадго букъараб гIадин, рекъон ккараб рагъул форма ретIарай, чорхолъаги гьайбатай, гьурмалъаги берцинай гIолохъанчIужу. Гьелъул гьайбатлъиялъ асир гьарурал кинниги, асирал гьелъухъ ралагьун хутIана…

ЯчIиналдасаго гьелъ жидераздехунго кIалъай гьабуна. Гьезие салам кьураб къагIида буго гьенир ругел киназго гьелъие данде жаваб гьабуна…

Гьей асирал ругеб рахъалде ячIана ва гьенив вукIарав ГIамиридехун хIеренго чачан мацIалда кIалъана.

Хадуб, асиразда лъана гьей гьесул чIужу ва врач йикIин.

Солдатазул щугоял рукIана лъукъарал, кIигояв абуни, цIакъго захIматаб хIалалда вукIана. Лъукъарал солдатал хехаб къагIидаялъ, дару-дарман гьабизе гьениб аскIоб бугеб авлахъалъулаб больницаялде рачеян лъазеги гьабун, гьей ГIамиргун цадахъ больницаялде ана…

Гьанже тукадаса босараб гӀадаб, бацӀцӀадаб англиялъул рагъулаб форма ретӀарал, яргъид гӀуцӀарал чачаназул ва цо чанго батӀи–батӀиял миллатазул рагъухъабаз сверун ккун рукӀана аскариял. Гьезул щивасул ццидал цӀурал берал иргадал ралагьулел рукӀана асиразухъ. Амма гьезул цонигияс асираздехун цо рагӀи абичӀо, ГӀамир вачӀиналъухъ ралагьун чӀун рукӀана.

Рагъулаб форма ретӀарав, гьанжего–гьанже гьурмада куса расал раккарав, дагьав тӀувачӀев гӀадинав гӀолилав асиразде цевеги вачӀун, рачлихъ даларaб ханжаралда тӀад кверги лъун, лъикӀалан гьезул щиавасул хал гьабизе лъугьана. Гьесул кӀиябго гъажалдаса гъоркье каранда далун рухьун рукӀана мазгарул кьерал, кьвагьизе ярагьунарел патронал лъурал пулеметалъул гӀарщал ва рачалихъ бан букӀана кьвагьизе ярагьунареб ТТ –таманча жаниб лъураб хӀулараб гъампурги.

Кивировасде цеве щведал гьев лъалхъана ва гьесул лъикӀалан хал гьабизе лъугьана…

– Это рус хорош, это мой рус!–янги абун гьес Кивировасул каранда квер лъуна.

Гьенир рукӀарал рагъухъабаз гьесул цӀар Вахаянги рехсон, чачан мацӀалда цо–цо рагӀабиги абун, кеп щун релъана.

Кивировас хӀал лъазе биччачӀо, гьесда бачӀинахъего бичӀчӀана гьев хисарав вас вукӀин, гьесде данде чӀей гьабуни, гьев гьабулеб жоялъе нахъе къазе гьечӀеблъи.

– Хорошо, Ваха, я твой друг,–янги абун Олегица гьесул мугъалда квер бахъана.

Вахае рекӀее гӀуна Олегил мугъалде квер бахъи, гьев рекӀел хинлъигун гьесухъ валагьана…

Ваха вукӀана ботӀролъаги камурав, камиллъиги чорхолъ гьечӀев анцӀила микьилъе гӀумруялъул сонал сверарав, мукъсанаб гӀакълуялъул гӀолилав. Нилъее гӀантав вугониги, гӀадамазда жанив жив вокьизавизеги, лъикӀаб бихьараб гьабизеги лъалаан гьесда. Амма гьесие рихунеб жо ккун хадуса, гӀазаналлагьха, цинги ццидалъараб цигӀанцин гӀодов вуссунароан. Мугъалда кверги бахъун, берцинаб бицани, бакъуда нах гӀадин, виунги ун, гӀадамазе кумек гьабизеги лъугьунаан гьев. Цо чи вокьани, кьегӀергӀанцин гьесда хадусаги вичӀулароан. Жидерго чачан мацӀги гьесда лъаларoан, лъавукъал лъималазул больницабазда гӀемер вукӀиналъ, жиндиего хӀажатаб жо абизе, цо–цо рагӀаби гӀурусалъ гурони абуларoан. Эбел–эмен гьесул федералазде данде рагъилаго, араб соналъ Грозниялда чӀвана, гьеб шагьар щущайдал, гьав пакъир араб соналдаса нахъе кӀодоцаги тӀалаб гьабун гьаб росулъ вуго.

Унтаралги рачун, лазареталде ун вукӀарав ГӀамир тӀад вуссун вачӀиндал, гьеб дандеруссиналда сас къотӀана.

– Командир,–ян абуна ГӀамиридехунги вуссун, къечалъ хӀал бергьун, гьаб кӀиго къоялъ лъим гьекъезе щвечӀого вугев Кивировас,– солдатал цӀакъ къечон руго, лъим кьеларищ нижее?

– Фатима!

ЦӀар ахӀун бахъиндал, екерун ячӀана гьений руччабазда аскӀоса берцинаб

гьумералъул, гьайбатаб лагаялъул, лахIчIегIерал беразул, гьанжего–гьанже балугълъуде яхарай, къачIа-кIатIарай, биун тIад тIураб гIадинаб, бецIхъахIилаб гурдеги ретIарай, габуниб хъахIилал маржаналги рарай ва хъахIаб ялухъ барай яс. Гьелде чачан мацIалъ лъим босеян абидал гьей екерунги ун, гьениб гIагарда бугеб къулгIадухъа, ведро лъелги цIун, ячIана. Гьелдаго хадув арав Вахаги, литра жаниб унеб гIадаб, чинидул кружкаги лъел цIун вачIана ва Олегида цебе ккуна.

– Мой рус хорош, пей!

Олегица Вахае баркалаги кьун, къулчIиялда цо хIухьги бан, гьекъон лъугIинабуна цIорораб лъим. Фатима абуни, ведроялъуса лъим тIагIарабго, гIедегIун ун, гьебги цIун ячIунаан. Гьебго тадбир такрар гьабулеб букIана Вахацаги.

Солдатаз къулчIиялда лъим гьекъеялъул кеп щун, ралагьун рукIана гьенир рукIарал рагъухъабиги ва лъималги.

Вахал берал тIаса росулел рукIинчIо офицерасда бан бугеб цIияб рачелкъайиялдаса ва хекко–хекко валагьулев вукIана жиндирабго хIул–хIулараб рачелкъаялдеги.

– Это твой хорош, мне хорош,–ян абуна яхI гьабизе кIвечIого Вахаца Олегил рачлиде, кверги бегьун.

–Ваха, это мне хорош,–янги абун гьоркьов жувана, жаниб цIураб борхатаб къаркъалаялъул, къамартIаб черхалъул, чинидул гIадинал кунчIаби гьурмада ругел, чIегIеркIкIубав афгъанав.

Ваха ццидахун афгъанасухъ валагьана ва гьесда килищалда гьоркьоса бицатаб килищ бихьизабуна.

Рагъухъабазда ва гьенир рукIаразда гьоркьоб релъи бахъана.

– Ле, гIурус, гьеб рачелкъай гьесие кьечIого, гьанибе дихъе бегьея! –ян буюрухъ кьун, кьварун, бекараб гIурус мацIалда абуна афгъанас.

Вахаца жеги килищ бихьизабуна.

Гьеб рекIее гIечIев афгъанав, рачелкъай бахъизе аскIове вачIуневги вихьун, Олегица цо параялъ бахъун гьеб Вахахье кьуна. Афгъанасе гьеб рекIее гIечIо, гьесда, гIурус болъонин, цIукIайин ва жинца дуе гьабулеб бихьилин ахIделаго Олегиде тIаде лъугьана.

Гьенир рукIарал киналго сас тун, хадуб кколелъухъ ралагьун чIун рукIана.

Вахаца хъаштIан ханжар къватIибе цIана ва гIурусав цIунизе цIум гIадин, гьесда цеве чIана. Чачанас чилъи хвезе толаро, хиралъанищ гьесие инсан, гьев цIунун, цIадав кIанцIизеги хIадур вукIуна гьев.

– Рус мой… рус мой, я тебя убью!

Афгъанас цо гали цебе бахъани, гьесда ханжар чIвазе хIадурун вугев Вахаги вихьун, дагьав довегIан гIадамаздаса ватIа, мугжул халатал, херлъиялъ къулизарурал лъабго херавгун хабаралда вукIарав ГIамир, иш хIалуцунеб букIин бихьидал, цо параялъ гьезде аскIовеги ун, гIурус мацIалъ берцинал рагIабиги абун, гьел гIодоруссинаруна.

– Молодец, бихьинчи,–янги абун ГIамирица Вахал мугъ лъухьана,– гьав гIурусав дур вуго, дуе бокьараб хIалтIи гьабизе тIаме.

– Хорошо! Э–это рус мой хорошо,–янги абун Вахаца гIурусасул къан рукь ккуна.

Кин бугониги, Олегие рекIее гIолеб букIинчIо Вахал жиндехун гьабулеб бухьен.

– ГIин тIаме дихъ,– янги абун борхатаб гьаракьалъ абуна ГIамирица,– солдатал, жакъаги метерги нижер Ичкериялъул цIех–рехалъул органазул хIалтIухъабаз нужер щивасул гIумруялъул баянал цIехезе руго, гьезул суалазе битIун жавабги кье, гьез абурабги гьабе, гьеб мехалъ нужер иш квеш букIине гьечIо…

–– Командир, гьал гIурусазул болъоназе лъикIлъи гьабуни, хадуб кколелъухъ валагьула гьечIо мун,–янги абун, ГIамириде аскIове вачIана афгъанав,–– гьав тIувачIев васасулгIанцин дир рагIи цебе биччачIо дуца.

– Кемал, нилъ нилъерго лъавукъал лъималазда тIад тIадлъи босизе лъугьани, нилъго лъавукъаллъун лъугьуна. Гьеб хабар халат гьабизе рекъон гьечIо, гьесда релълъун рукIине бегьилищ нилъ бутIрул гIурал гIадамал?

– Унтарав тана, гIурусав!.. ГIурусазул бутIруз гурищ дур ва дир халкъалда тIад къварилъи рещтIинабураб? Гьезул нухмалъулезул буюрухъалдалъун гурищ советияб армиялда хъулухъ гьабулел рукIарал нужер чачаназул солдатал, нижер ракьалдеги рачIун, исламиял вацал чIвалел рукIарал? ГIурусазда гурхIизе бегьуларо, гьел чияр ракьал рахъулел хъамалчагIи руго,–ян ццидахун абуна Кемалица.

ГIамирие гьесие жаваб кьезе бокьун букIана, амма цинго гъугъазе жаниблъиги гьабун, гIодорегIанисан рачIарал кIиго хехал самолетаз гьезул хабар гьоркьоб къинабуна.

Вахаца жеги лъалиниб лъечIеб ханжар гьезда хадубги битIизабун, автоматалъулалда релълъараб гьаракьги гьабун, кIалалъ кьвагьдолев вукIана…

Кинабго гIодобе буссиндал, Олегица рачелкъай Вахахъаги босун, берцинго гьесда бана. Гьеб байдал гьесул рохелалъул букIинчIо гIорхъи. ГIадамазда гьеб бихьизабун чIалгIунароаан гьесда. Гьеб жинда баралдаса Олегидехун гьесул жеги рокьи-хинлъи цIикIкIана.

– Мой дом помагать пошли!–ян абуна Вахаца воха–хинлъун, рагъухъабаз гIадин, рачелкъай рачлихъа битIа–бишизабулаго.

ГIамиридаса изнуги босун, кIиго рагъухъангун Олег Вахада хаду-хадув унев вукIана росдал кIичIарал къватIахъан. Чачаназул чанго мина–бакI бугеб гьеб росу сверун ккун букIана рорхатал хIотокьерал мугIруз, гIодоблъудаса чвахулеб букIана хIабургъараб мугIрул гIор. Росдал тIасияб рахъалда рихьулаан церего рехун тарал, чIвадназде руссарал минабазул хутIелал. Гьел рукIана чачанал хIал гьабун Гьоркьохъеб Азиялде ритIидал, чIунталиде сверарал чIваднал. ТIад руссун рачIиндал, цIидаса рарал минабиги гьезул гьаб рагъалъ гIемерисел тIе-тIезарун рукIана тIаде рарал бомбабаз..

Вахацаги вачун Олег росдал тIарада бугеб минаялъуре жанире лъугьана. Гьенир гьезда ратана рагьда расандилел школалъул гIумруялъул гIисинлъимал, лъабго васги кIиго ясги, цо гьитIинай ункъо сон барай гIадай канаб, хIотокьераб расалъул ясги ва гьезухъги ялагьун, жиндирго пикрабада кIарудаги кIусун кIодоги.

Херлъи берцинай кIодо йикIана гьей. ГIемер гIакъуба–къварилъиялъ кIвекIун кIаркьаби рукIкIалабаз цIун рукIаниги, гьелъул гьурмада гIолохъ-анлъиялда букIараб берцинлъиялъул дангъва хутIун букIана. ХIал гьабун гьоркьохъеб Азиялде чачанал гочинаридал, лъимерлъиялдаго баччизе ккана гьелъ ракъиги, къечги, гIумруялъул бакIлъиги. Хадуб, росасе индал, битIун гIолохъанлъиялъул завалалда, хадур–цере гьарурал щуго гьитIичал гIодулелги тун, росги хун, раччизе ккана гьелъ гIумруялъул захIмалъабиги. ТIадежоялъе, гьаб рагъалъги гьелъул хъизан–лъималазда тIад бегизабун букIана кIудияб къ-варилъиги. Гьеб къварилъиялъеги захIмалъиялъеги къуркьичIого къеркьолей йикIана гьей, Аллагьас кьураб гIумру гIурдаде гъоркье инегIан, жиндир ирси-лал гIезарулаго, гьезул гьурмада гьими букIинабизе…

Гьеб кинабго гьелъ херлъараб къоялъ баччизе кколеб букIана лъималазе гIоло, гьезул талихIалъе гIоло.

Асирги вачун, Ваха рагьде вачIиндал, лъимал данде рортун рачIана ва Оле-гиде ахIдезе, тузе лъугьана, нижер эмен ва гIадамал чIвалев чIвадарухъанан.

– Это рус хорош, он это дом хорош будет делат,–янги абун Ваха Олегида цевеги лъугьун лъималаздаса гьев цIунизе лъугьана.

Лъималазда гъркьоса Олегиде аскIоеги ячIун, канаб расалъул ясалъ абуна: «Даци, мун ниж чIвазе вачIаравищ?»–ан.

Олегил чорхолъе чапун бачIана гурхIиялъул бухIараб асар.

– ГьечIо, дир хирияй, гьечIо, дир берцинай,–ян хIеренлъиялда абуна Олеги-ца,– дуда цIар щиб кколеб?

– Лена!

– Лена, Леночка, берцинай Леночка, – янги абун, Олегица кодоеги ячун, гьелъие берцинаб реэдулеб калам гьабулеб букIана...

БитIун гьеб заманалъ, жаниблъиги гъугъазабун, роржун рачIарал хехаб кIи-го самолеталъ свериги бахъун, росдал свери–къоноялде ракетаби риччана.

ГIасиял гьаркьалги рахъун, рихъ–рихъун кьвагьарал ракетабазул хъуялдаса хIинкъарай Лена, бакъуца бухIун, кьер араб хъахIаб кагътил гIадинаб гугьар гьурмадаги рехун, йихха–хочун Олегил карандеги къан, яхчизе тIалаб гьабу-лей йикIана…

– Даци,–ян абуна ясалъ кьвагьи–гIанхъи гIодоб буссиндал, гIодиялде къа-раб гьаркьидалъун,– дир дадаги бабаги рачIине руго гьанире, гьез гьадал само-летазе уколги гьабун чIезаризе руго…

– Бегьула, бегьула, чIоларев чи нилъеца цадахъ лъугьун, уколалги гьарун чIезавизе вуго,–янги абун Ленал бадиса магIуги бацIцIун, Олегица яс хIеренго каранде къана.

– Гьелъул эбел–эмен Грозныялда рукIарал дир мадугьалзаби гIурусал рукIа-на,–ян абуна ХIалиматица,– цIакъ жо лъалел, квер битIарал врачал рукIана гьел пакъирзаби, нужераз тIаде бомбабиги ран, больницагун цадахъ тIагIинаруна… Щиб бугониги, гьал нижер лъималаз мекъаб жо гьабуни, гьездеги йикIуна гьей жинца уколги гьабун, чIезарилин абун. Гьей ункъо сон бачIей гьитIичидацин бичIчIун буго нужераз гьабулеб гьаб рагъ мекъаб букIин.

Нужер армиялъ гурхIел гьечIого зодосаги гIодосаги тIаде бан, рихьун лъ-аларедухъ тIагIинарулел руго нижер росабиги шагьаралги. Гьезул чIунтелазде

гъоркье ккун, рукъизе щвечIого, махI бахъун руго чачаназул ракълилаб халкъалъулги нужер солдатазулги жаназаби. Ленаги нижер лъималгун гьуинай йикIиналъ, дица тIалаб гьабизе ячана. Цо–цояз диде абула гьей тушбабазул лъимералъул щай тIалаб гьабулеб абун. Дица гьезие жаваб кьола: лъимералъул тушман вукIунаро, гьалъул эбел–инсуца чачаназулги, цогидал миллатазулги гIемер гIадамал сах гьарунилан. РукIарал цIакъал гIадамалха гьел!

ХIалиматица хабар лъугIине тана ГIамирги цо рагъухъанги, чвархъан рагьун кавугун, рагьде рачIиндал. Гьел рачIиндал, лъималги расандулел лъалхъана.

КIодогун чачан мацIалъ кIалъалел рукIана гьел. Хадуб гьелъ, Фатимаги рагьде ахIун, кваниe хIадурлъи гьабеян лъазабуна. Цо параялъ Фатимаца гьениб рагьда лъураб, гьитIинаб столалда тIад гьезие кванил нигIматал лъуна. Рагъухъаби, кверaлги чурун, столалда нахъа гIодор кIусана ва бисмиллагьги бахъун, кваназе байбихьана. ЦIакъ тIагIамалда кваналел рукIана гьел. Гьезул кванаялъухъ гъоркьанахун берги щвезабун, цо-цо валагьулев вукIана Олег. Вакъун вукIана гьев. Гьезул берцинаб кванаялъ гьесул кванде гъира базабулеб букIана ва цо параялъ гьесда ракIалде щвана щибаб нухалъ эбелалъухъе щведал гьелъ кванай дир дарманилан абун, цебе лъолеб букIараб батIи-батIиял тIагIамазул тIутI. Огь, гьелда букIунеб букIараб цо тIагIамха! Эбелалъул гIадин тIагIамаб квен кибго букIунаро.

Олегида бачIинахъе бихьана Ваха кIодоеги Фатимаеги цIакъ мукIурав вукIин. Хасго, щибаб жоялъе хIалае ятулей жиндир гьитIинай яц Фатима йикIиналъ, гьелъ абуралдасаги кьуруларoан гьев.

Кванан рахъиндал, дугIа–алхIамги цIалун, хадув Олегидехунги вуссун, ГIамирица лъазабуна:

– Олег, Вахаги гьал лъималги руго дир вацгIаласул лъимал, гьай кIудияй йиго дир ада– инсул яц. Мун рекIее гIун вуго гьав нижер васасе… Гьасие чи вокьаниш, гьесие гIоло хвезе хIадур вукIуна гьав. Гьелъ мун тезе вуго гьанив, гьазул гьаб мина–бакI чIаго гьабулев. БакIал раялъе махщел бугев лъабго солдатги вачун, хех гьаб минаялда тIад хIалтIи гьабе, хутIарал солдатазе нижер гIемер хIалтIаби руго, нужераз тIаде бомбаби ран, чIунтизарурал бакIал нужго чIаго гьаризе тIамизе руго… Амма лъан букIаха дуда, гьаб рукъалъе кинаб букIаниги зарал дуца гьабуни, гьеб нижеца хIехьолареблъи, нужер цо чи чIаго толареблъи ва кир ругониги, дур эбел-эмен тIагIинаризе рукIин.. Нужеда хадуб хал ккун нижер цо рагъухъанги вукIине вуго, гьес абураб нужее закон буго…

Чвархъан кавуги рагьун, рагьде Кемалги ва гьеcда цадахъ кIиго афгъанавги рачIун, гьез салам кьедал, ГIамирил калам гьоркьоб къана.

– ВагIалайкум салам!–ян къокъго жаваб кьуна ГIамирица гIамал кIодого гьесда цере рахъун чIун ругел афгъаназе. Гьезул беразулъ бихьулеб букIана цо сабру гьечIеб, рокьукъаб ва цIорораб балагьи букIин.

– ГIамир, дуца цIехолеб гьечIо гурищ ниж гьанире рачIиналъе гIилла?–ян абуна хIалуцун Кемалица.

– Бицани лъала гурищ?

– Гьадинги –додинги, рес рекъарабго, дуца гьав офицер хисизе вуго гIурусу-

захъе ккарав нужерго чачанаасухъ, яги гьав нахъе виччаялъухъ, гьасул гІагарлъиялъухъа лъикІаб гІарац тІалаб гьабизе буго. Абе дурго багьа нижеца восизе вуго гьав.

–Рус мой, рус мой, не да–м,–янги абун ханжаралда тІад кверги лъун Ваха магІ гІадин, Олегида цеве эхетана.

–ЛъикІ буго, Ваха, лъикІ буго, Олег дур вуго, гьав кинаб багьа кьуниги, вичизе гьечІо,– ян абуна ГІамирица Вахал мугъалда кверги бахъун гьев гІодове вуссинавулаго.

– Гьав унтарав васасул кинаб гІахьалчилъи букІараб гьев гІурус болъон асир гьавиялда? Нижни нуж- чачаназе гІоло рагъулел руго!

– Рагъулел нилъ киналго руго, гьадиназул гІумруги гІагараб ракьги цІунун. Дица цебеги абуна дуда гІажизал лъималазул гІамал жанибе бачине лъачІони , нилъги гьезда релълъунин. Гьаб мина бан рагІалде бахъинегІан, Олег вукІине вуго нилъер рагъухъабазул ва Вахал бербалагьиялда гъоркь, хадуб кколеб жо цого Аллагьасда лъала.

– Бегьулаха, хадур балагьилаха нилъ кколелъухъ,–янги абун Кемал рекІекъго, цадахъ рачІаралгун, нахъе ана.

ГІамирица цин чачан мацІалъ хъаравуласе, хадуб гІурусалъ Олегие малъа–хъвай гьабуна, бихьизабуна минаялда тІад гьаризе кколел хІалтІаби.

Киналго нахъеги ун, Олегги Вахаги хутІидал, кІодоцаги абун, Фатимаца гьезда цебе квине жо лъуна.

– Рус, хорошо, кушат давай… садис…

Олегие кигІан кваназе бокьун букІаниги, командирасул буюрухъалъухъ валагьун чІарав солдат гІадин, кІодоца ахІизегІан чІун вукІана гьев.

Фатимаца столалда тІад лъуна: корохъ бежараб чедги, тІорахьгун жубараб нисунахги ва щивасе цо-цо кружка рахьдалги.

– Солдат, гІодов чІа! Кваназеги кванай, хІалтІиги гьабе,–ян абуна кІодоца, Олегида бакІ бихьизабулаго. КІудияб ригьалъул чи вукІана хъаравул, кІодоца кваназе ахІаниги, гьев цо щаялиго гьелгун кваназе вачІинчІо, накабазда тІад автоматги лъун, ихдалил хинаб бакъул къоялъул лазатги босун, гьезухъги валагьун чІумал сверулев вукІана.

Олегица киданиги кванан букІинчІо гьадинаб тІагІамаб квен, вакъун вукІиналъги батила, цІакъ тІагІамалда кванана гьес гьеб.

Кванан вахъиндал,кІодое баркалаги кьун, Олег минаялъул биххараб рахъалдеги ун, сундасан байбихьи гьабилебали хІисаб– суалалда вукІана.

– Нужер летчиказ тІаде бомбабиги ран, кІудияб зарал гьабуна нижер мина–бакІалъе. Жаниб гІи-боцІигун тІубанго щущазабуна гьадаб бокьги,–ян абуна кІодоца пашманго.

– Нижеца цо чанго къоялдасан, букІаралдасаги лъикІ гьабила,– янги абун , хІалтІуда квер бана Олегица.

МаркІачІул как ахІилалде, рагъухъабаз Олег нахъе вачунелъул, Ваха гьоркьов жувана живгун сордо базе гьенив теян. Рагъухъабаз гьесда бичІчІинабуна асир къватІив тезе бегьунгутІиялъул. Амма Олег цевеги къотІун, рагъухъабаз нахъе вачун унелъул, Вахаги гьев нухав регІизе цадахъ вилълъана. Нолъ аси-

рал жанир гъураб бокьалде цере гьел щведал, гьезда гьенир ратана Ичкериялъул рагъулаб цIех–рехалъул органазул хIалтIухъабаз, «сорав» босун лъугIарал солдаталги ва гьел цIунун ругел рагъухъабиги. Олег тIаде щведал рагъухъабаз асирал бокьореги гъун, гьезда тIад кIулал рана…

## 3.

Къаси кватIизегIан, солдатаз гIодобе биччараб каламалдалъун, кинабго командирасде бицана жидеца гьабураб цIех–рехалъул, жидеца малъарабги гьабун, берцинго хьвадани, чIаго тезе рукIиналъул, федералазухъе ккарал ичкериялъул асиразулгун хиса–баси гьабизе букIиналъул, ва бихьизабураб къадар гIарцул нилъер гIагарлъиялъ кьуни, асирлъудаса нилъ тархъан гьаризе рукIиналъул.

Олегида якъинго лъалеб букIана метер жиндаса гьез гIемер жо цIехезе букIин, гьелъ гьев гьелъул пикрабазда вукIун, макьу бачIунарого вукIана…

Рогьалил как ахIун хадуб, бокьалъул кавуги ричIун, хьаравулас Олегида лъазабуна микьго солдатги вачун нужерго кIиго хварав рагъухъанасе хоб бухьизе къватIире рачIаян.

Хваразул цояв офицер, цогияв сержант рукIана. КIиявго гьел цебесеб кьерда бахIарчиго рагъана, ругънал гьезул хвалилал рукIун руго, щиб гьабилеб, рагъ буго рагъ, гьелъ васал гьаруларо, гьарурал чIван гурони…

Росдадаса гIемерго рикIкIад гьечIеб бакIалда, рохьил ахада бугеб гьитIинабго майданалда, солдатаз кIудияб адаб- хъатиралда, рукъана гьел.

Гьенивеги хадув вачIун, Вахаца Олегил хьибил ккуна. ХIатта, гьезда хадуб хал ккун ругел рагъухъабазени щиб, жалго цIех–рехалъул органазул хIалтIухъабаз сорав босизе вачунелъулги гьезде данде хьигьилахана гьев…

Олегида штабалда ратана гьартарал мегеж– расалъул, согIал гьурмазул, къамартIаб черхалъул, бацIцIадаб, цIияб рагъул партал ретIарав цо чанго рагъухъан. Гьезда гьоркьов дов афгъанав Кемалги вукIана. Гьев гьенив вати Олегие рекIее гIечIо, амма хIал лъазе биччачIо.

Асир вачIиндал столалда нахъа гIодор чIарал кIигоял хутIизегIан киналго къватIире ана, амма Кемал тIадвуссун вачIана ва живги гIахьаллъизе теян гьарана.

Байбихьана цIех– рехалъулаз суалал кьезе ва Олегица цо таричIого гьезие жавабалги кьолел рукIана. Щибаб Олегица бицараб хьвалев цоявги вукIана. Кемалица цо рагIи абулеб букIинчIо, гьев рахIатхун валагьун чIун вукIана. Гьесул хIалаккун чIеялдасан биччIулеб букIана гьесие асирасдаса цо щиб букIаниги къваригIун букIин.

– Олег, нижеда лъала хIалхьиялда вугев офицер–полковникасул вас мун вукIин, дур эмен жиндирго полкгун Афгъанистаналда вагъулев вукIаравлъи,– ян абуна суалал кьолес,– гьеб битIараб бугищ?

– Буго!–ян рекIелъ чIухIигун жаваб кьуна Олегица,– инсуца бицунаан жиндир полкалда гIемерисел солдатал кавказалъулал, хасго чачанал рукIанилан. Гьезул хIинкъи-къай гьечIеб бахIарчилъиялъул гIемер бицунаан инсуца…

Кемалие Олегил хабар рекIее гIечIо, жиндир халкъ гъурарав тушманасул

васин гьесде квешал рагIаби абизе лъугьиндал, сорав босулез гьев гIодовусси-навуна.

– Олег, – ан абуна суалал кьолес, – нижер ракьалде мун вачIана ярагъгун, нижер ракълилал гIадамал чIвазе, дурго талихI ккун буго мун ва дур солда-тал цIирачIарал, жеги рагъизе ккечIел рукIин. Нижер Ичкериялъул армиялде гъорлъе дуе бокьун лъугьани, нижер кинабго рахъалъ дуе кIудияб кумек ва квербакъи букIине буго.

– СССР биххизегIан цере цо ВатIаналъул васалин рукIарал чачаназде дан-де рагъизе расниги бокьун рачIарал гьечIо ниж. Халкъалъе бокьун гьабуларо пачалихъалда жаниб рагъ, гьеб гьабула хIукуматалъул церехъабазул гъалатIал гIемерлъидал, рекъел ккола жидерго гъалатIал гьезда ричIчIине лъугьиндал. Гьадинги–додинги, метер ракълиде рачIинчIого нилъ хутIуларелъул ниж Рос-сиялде данде рахъине гьечIо. Цо пачалихъалъул миллатал жалго лъугьун цоца-зулъ рагъуларо, гьел данде рала жидерго цIарги, тIадлъиги цIунизе бокьарал пачалихъалъул нухмалъулез ва гьелъие цебехъанлъи гьабизе бокьараз. Гье-зул гъалатIаз буго нилъер гьудуллъиялъулаб, кIудияб улка– Советский Союз биххизабураб ва гьеб бацIаз цIоко гIадин, тIе-тIезеги гьабун, гьезул халкъазда гьоркьоб рокьукълъи бижинабураб. Хадув вачIарав пачалихъалъул бетIерас, гъоркь вукIарасул гъалатIалги какун, кинабго ракълиде бачуна…

– Гьеб мораль цIализе нижее хIажат гьечIо, нужер Москваялъ буго нижеде тIаде кIанцIи гьабураб… Нуж нижер асирал руго, нижеца абухъе хьвадани, ну-жее гIумруги букIине буго. Нижер асиралгун хисизеги ва гIарац кьурал нахъе риччазеги руго,–ян абуна суалал кьолес,– нужеда хадуб лъазеги гьабила…

– КигIанаб къадар гIарцул кьезе кколеб, – ян абуна яхI гьабизе кIвечIого Кемалица гьоркьов къине суалал кьолевги гьавун.

– Гьелъул суал ГIамирида лъикI лъала, гьесда цIехе.

– Дица кьезе буго офицерзабазухъ кьезе бихьизабуралдаса цIикIкIун.

–Гьеб иш дир ихтияралда гьечIо, гьезул жавабияв ГIамир ккола, гьесулгун дандбай, – ян лъугIине тана хабар сорав босулес.

Кемалие гьесул хабар рекIее гIечIо, жидерго мацIалъ цо ричIчIунарел рагIа-биги абун, гьев гьека–пунщиялда гьениса къватIиве ана. Рагьда Вахаги ватун, гьесдехунги цо рекъечIел рагIаби абуна гьес.

– Кема–а, ты плохой, рус хорош…рус хорош. Ты вон!

– Гьав гIабдалги камун вукIана гьанже дида тIад командовать гьавизе, – янги абун Кемал гьениса хех нахъе ана.

Сорав босун хадув, Олег цо минаялъуве вачана. Гьенир гьесда ратана жин-дирго солдатал кваналел. Олег вачIиндал гьесиеги кьуна чадил гургаги кIиго спичкадул къалигIанасеб хIанил тIеренаб къотIелги, рахьдал стаканги ва сол-датазда гьоркьоб бикьизе дагьа-макъаб тамахьоги.

Солдатал жеги кванан рахъун рукIинчIо, ГIамир цо чанго рагъухъабигун жанахIалъуве жаниве вачIиндал.

– Солдатал, – ян абуна ГIамирица гьездехунги вуссун, – жакъаялдаса бай-бихьун нужеца гьаризе ккола тIад къарал хIалтIаби, хIажалъи ккаразе кумекги. ХIалтIизе араб бакIалда кьезе буго нужее кваназе жоги ва бухIизе дагьа-макъаб

хъалиянги. Гьез нужер кин хъулухъ гьабураб дица цIехезеги буго. Амма нужеда лъан букIа, гьаниса лъутизе къасд ккарасе цого хвелги, хадуб жужахIги гуреб жо букIине гьечIеблъи… Гьаб минаялъур гIумру гьабун тезе руго нуж, нужер рукIа-рахъиналда балагьун.

Мина букIана кигIанги квегIенлъи жаниб бугеб бакI: чIахIиял рукъзалги, рега-рахъиналъе жанир гIуралго кроваталги, кванил цIа–рагIги, печьги, стол–бакIалги ругеб. СССРалъул заманалъ къватIиса рачIарал хIалтIухъабазе гьабураб общежитие, хадуб гьелъие цIар кьуна асиразул общежитие абун.

БакIалъул гIадамазги рагъухъабазги асирал рища–рикьун, щибаб къойил хIалтIизе рачунел рукIана. БатIи–батIиял захIматал хIалтIаби гьарулел рукIана гьез: риххарал мина–бакIал къачIаялдаги рохь къотIиялдаги ва гь. ц. хIалтIабаздаги. ГIамирица гьоркьоб-цебе цIехолаан асирал хIалтIизе рачараз гьел квандалъун ва хъалиянaлдалъун хьезарун ругодаян.

Олегица, цадахъ вачарав лъабго солдатгун, кIодол мина-бакI баялда тIад, гьелъие бокьухъе хIалтIи гьабулеб букIана. Вахаги къад Олегидаса рагIадгIанцин ватIалъулев вукIинчIо.

КIодо ХIалиматилгунги хIал цIакъ рекъон букIана Олегил. РакI лъикIай, узданай, гIадамазулгун хIалги рекъарай, хIалтIуда кверги лъурай, лъикIлъи чиясе гьабун гIорцIуларей гIадан йикIана гьей. Жидер ракьалде ярагъгун рагъизе рачIарал Россиялъул солдатал тушбабилъун рукIаниги, гIурус халкъалдехун гьелъул кинаб букIаниги рокьукълъи букIинчIо. Хан гIадаллъунилан, гIадамал рихине кколарелъул, Россиялъул президентасул буюрухъалда рекъон, чачан халкъалде данде рагъизе ритIун рукIаниги, жидеда тIад бидулаб хIакъ гьечIолъиялъ гьал асираздехун кIодол кинаб букIаниги рокьукълъи букIинчIо. ГIаксалда, гьелъул ракI гурхIулеб букIана гьанжего–гьанже михъида хIур кIутIарал, жеги лъимерлъиялъул гIамал тIаса инчIел, гьал гъаримал гъуризе гьанир чачаналъе ритIиялда…

Рагъ ккезегIан цебе Грозный шагьаралда гIумру гьабулеб букIана ХIалиматица. Росги гьечIого. щуго лъимер гIумруялде рахъинарулаго, гIемер захIмалъи баччизе ккана гьелъ. ХIалтIана бакIал ралел бакIаздаги заводалдаги ва фабирикаялдаги. Гьенир гьелъул лъикIал гьудулзаби рукIана гIурус руччаби, гьез абуни, гьелъие гIемераб кумек гьабуна. ГIурусруччабазулгун ва гьезул хъизаназулгун лъикIаб гьуинлъи ва гьоболлъи букIана гьелъул, гьел цоцазде тIаде– гъоркьеги щолаан, щибаб жо гьез дандбан гьабулаан. Чай гьекъезеги, ракIгъезеги цоцазухъе гьоболлъухъеги хьвадулаан. КIиябго миллаталъул гIадатиял гIадамазул гIумру унеб букIана гьудуллъиялъул рахъниса чвахун. Чачаназул гIемер хъизаназ гIумру гьабулеб букIана Россиялъул регионазда, хIалтIулел рукIана жавабиял лъикI–лъикIал пачалихъалъул хIалтIабазда, рукIана гIурус ясазулгун гIемер гьарурал ригьналги. ЦIалулъги армиялдаги, хIалтIулъги гIурусхалкъгун гIемер цадахъ рукIиналъ чачаназул гьезулгун гьоркьоблъи лъикIаб букIана. Амма тIад ругел хIакимзабазул хIиллаял политикиял хIаяз миллатазда гьоркьоб ракьа рехун, гьел рагъде цIана, жидерго рагIи рагIалде иналъе гIоло, бокьарал гьерсалги рицун, халкъ къосинабула. Гьедин гьабураб мекъаб рагъ букIана гьеб, гьанже чачаналъ унеб бугеб вахIшияб, гурхIел гьечIеб рагъ…

ХIал гьабун Гъоркьохъеб Азиялде чачанал гочинарураб заманалда ХIалиматил анцIго сон букIана. Жакъа гIадин цебе буго гьелда гьеб захIматаб, гIемер гIагарлъи тIагIараб, тIолго жиндир миллат талихIкъиналде Советияб пачалихъалъул бетIер  Сталиница ккезабураб заман. Гьелъул эмен гъоб заманалъ фашистазде данде вагъулев вукIана. Рагъдаса гьесул кагътал рачIиндал, гьезул букIунеб букIараб цо рохелха! ХIалиматида бихьулеб букIана, эмен рагъде аралдаса, гьесул эбел–инсул ва эбелалъул гьурмадаса гьими билун букIин. Хадуб, Гъоркьохъеб Азиялде гьел, хIал гьабун, гочинаридал, гьесулгун бухьен тIагIана.

– Ракъунги квачанги, киналниги захIмалъабиги раччун, чияр ракьалда кIудияб гIакъуба–къварилъиялда рукIин кIоченабун букIана  чачаназда, жидер рагъда ругел васазул ургъалица, – ян пашманлъиялда бицине лъугьана ХIалимат, – дида гьеб кинабго бихьана, хасго бихьана жидер васал рагъда ругел эбел–инсул пашманлъи, гьез ракI унтун Аллагьасде хIелун, гьарулеб рагъда ругел жидер васал цIунеян, хеккого гьаб рагъги лъугIун, бергьенлъиги босун, васал жидер  тIад руссинареян. Пачалихъ рихарал чачанал рукIарал ани, гьезул васал Советияб ВатIан цIунун рагъиларoан ва гьезие бергьенлъи щвагиян нижеца гьари-дугIаги гьабиларoан. Амма гьеб Сталинида лъачIо.

Дир инсуца ва гьесда релълъарал аза–азар чачанас бахIарчилъиялда жидерго гIумру кьуна гIагараб ВатIан СССРалъе гIоло. Дир эмен, фашистал гъурулаго, Берлиналде щвезегIан бахIарчилъиялда вагъун вуго ва гьениб гьес ВатIаналъе гIоло рухIги кьун буго. Гьединго  гIумру кьуна нижер васаз Советияб пачалихъалъул интересал цIунун Чехославакиялъул ва Афгъанистаналъул ракьалда ккарал рагъазда. Гьенир рагъила рукIарал жидерго лъималазда хадуб дагьаб магIуйищ тIураб улбуца. Рагъ гьабичIого рукIине кIоларила пачазабазда. Нилъер букIараб гIадатияб халкъалда хвезе рукIин лъаниги, лъалиниса хвалчен бахъана тушманасде данде. Чанги миллионал гIадамаз гIумруги кьун, цIунараб нилъер улка кибеха араб? Нухмалъулезул хилиплъиялъ биххизабуна! Гьанже гьез жидерго чороклъи бацIцIиналъе гIоло, гIадамазул пикру гьелде буссине рагъ Чачаналъ гьабулеб буго. Чачназда гурони кIоларо кIудияб пачалихъалъул бутIрузде данде чIезе, гьелъ Кремлялъ рагъул коронибе ккезабуна чачанлъи. КIудияб миллаталъ  гьитIинаб миллат рикIкIунаро, бергьунезухъ гурони ритIухълъиги букIунаро. Щиб гьез гьабуниги гьел ритIарал рукIуна. Гьезие щиб, жидерго лъимал хвечIелдаса, чияр лъимал хваниги, жидер рагIи цебе аралдаса...»

Бащадаб моцIалде,   хералъул мина–бакI рукIалидеги ккезабун, Олег солдаталгун цадахъ батIи-батIиял хIалтIаби гьарулев вукIана. Вацасул бакIалдаги чIун, Олегица жиндирго солдатазул цIакъ тIалаб гьабулеб букIана.  Вахаги хадуса вичIулароан гьесдаса…

Гьедин унел рукIана гьезул къоял асирлъуда, хIалтIулаго, хIажатазе кумек гьабулаго. Цо къоялъ радал рахъиналде, гьезул асир Алексеев Алексей  лъутун ватана. Чачаназул ахIи-хIур бахъана, гьесда хадур рагъухъаби рахъана ва бакъанидехун гьез ккун вачIана. ЛъикIаланго вуха-кьабунги вугоан гьев пакъир. Иргадулаб рагъулаб ишалъ кIиго къоялъ цеве рагъухъабигун арав ГIамир тIад

вуссинегIан, Алексеев хIатIазда маххалги ран, бокьовеги реххун, тIад кIулалги ран я лъим, я квен кьечIого тана.

КIиабабилеб къоялъул бакъанида тIад вуссун вачIана ГIамир жиндирго рагъухъабигун, Россиялъул аскариязул асирлъун росарал щугоялгун. Гьезда гьоркьов вукIана гьоркьохъеб черхалъул чин майорасул бугев офицерги. Лъукъарав гьев солдатазги ккун хIалалъ вахъун чIун вукIана. Бидул лангазги цIурал солдаталги рихьулел рукIана, тIадагьго лъукъун рукIин.

ГIамирица бачIинахъе лъазабуна жидеразда лъукъарал гьал асирал санчасталде рачеян ва хасго офицерасе букIине кколеб сах гьавиялъе тадбир гьабеян.

Жив гьечIеб заманалда ккараб-таралъул баян кьедал, ГIамирица Алексеев жинда цеве гьаниве вачеян буюрухъ кьуна.

Гьеб параялъ рагъухъанас цеве къотIун вачIана, хIатIазда маххал ран рукIиналъ хIалалъ вилълъунев, Алексеев.

–Алеша, щай лъутарав? Дица нужеда щиб лъазабун букIараб, лъутарасе цого хвел букIине бугилан гурищ?! Дуца дуего хвалилаб хIукму хъвана, гьеб дица гьаб параялъ гIумруялдеги бахъинабизе ккола ,– янги абун ГIамирица рачлихъ борчун бугеб Стечкинил таманча бахъана.

– ХIурматияв ГIамир, хвалда цебе цо–кIиго рагIи абизе изну кье дие, – ян абуна Алексейица, бухун гьорораб гьурмада кверги бахъун.

– Абе дурго, ахириял рагIаби гIумруялдаса ватIалъилалде! – ян абуна ГIамирица, тамашаго гьесухъги валагьун.

Цо параялъ гьеб гьитIинабго майдан гIадамаз, гIисинлъималаз ва рагъухъабаз занкIун цIезабуна. Гьел киналго хIалаккун ралагьун чIун рукIана асирас гьабизе бугеб хIелхIелчилъиялъухъ ва ГIамирица гьев чIвазе вукIиналъухъ.

– Дун гьавуна ва гIуна Москваялда гIагарда бугеб поселокалда. Школалъул гIумруялда дир унго-унгояв гьудулги ва мадугьалги вукIана чачанав Магадов МухIаммад. Гьезул гIемер лъималазул хъизаналъ мисалияб къагIидаялъ гIумру гьабун букIана нижер поселокалда. Гьезул эмен хIалтIулев вукIана совхозалулъул боцIул бетIерав тохтурлъун, эбелалъ абуни, нижее кьолел рукIана математикаялъул дарсал. Нижеца гьел рикIкIунел рукIана нижераллъун. Нужер гьаниб рагъ ккедал, МухIаммад анцIабилеб классалда гьабулеб цIалиги рехун тун, жиндирго гIагараб ВатIан цIунизе ана ва араб соналъ гьев бахIарчилъиялда хванилан херал гьесул эбел-инсухъе лъазабиги бачIана. Нижеца гьесул эбел–инсуда зигараги бана…

Школалъул партаялдасаго учительзабаз ругьун гьарун рукIана ниж Советияб ВатIан бокьизе, хасго, дир эбел историялъул дарс кьолей мугIалим йикIиналъ, гьелъ нижеда малъулаан ВатIаналъул патриоталлъун рукIине. Умумуз гIетIги биги тIун гIуцIараб Советский Союз МухIаммадиеги диеги букIана гIагараб ВатIанлъун, ниж хIадурал рукIана гьелде къо ккедал, гьелъие гIоло рухI кьезе. Кибехе араб Советияб ВатIан? Гьеб биххизабуна тIад тараз туманкI кьвагьичIого. Гьеб биххи дир эбелалъ цIакъ захIмалъиялда баччана, гьелъул гIемер пикраби гьариялъ гьей ракI унтарайлъун лъугьана.

Сон вацаллъун рукIарал нилъ гьерсилаб политикаялъ ратIа гьаруна, миллатчилъи баккизабуна… Биххизе улкаги гьабун, гьелъул ракьалда рагъ гьаби

- гьеб ВатIан цIуни гьечIо, гьеб буго хIукуматалъул нухмалъулезул нух къосун ккей бахчиялъе гIоло гьабулеб, гьитIинаб халкъ хилипчагIилъунги такъсирча-гIилъунги рихьизарун, зулму–хIал гьезда тIад гьаби.  Диеги МухIаммадиеги цо букIараб ВатIан, политикиял хIаяз Советияб Улка биххизеги гьабун, гьелъул кIиго батIияб ВатIан гьабуна ва ниж хIажаталлъунги лъугьинаруна жидерго ВатIан цIунун цоцазулъ рагъизе.

Дие бокьун вачIарав гьечIо дун дир Советияб чачан халкъалде данде вагъизе…  ТIадегIанасе рецц буго, дида тIад нужер кинаб букIаниги бидул хIакъ гьечIелъул, гьелдаса цIунун лъутарав вуго дун, гьединго дие бокьун гьечIо дир Советияб Россиялъул гьудулзабазде данде вагъизе. Гьанже чIваниги дие махI-ниги ургъел гьечIо, хадуй гIодизе унтарай эбел гурони гьечIев дун лъие хIажатав вукIарав, дир гьудул-чачанавги гьанже гьечIо, гьесул гIагарлъиялъги дун кин  къабул гьавилев лъаларо жидер халкъалде данде вагъарав абун…

Алексей борхун бетIерги ккун, ГIамирихъги валагьун, хвел къабул гьабизе хIадур вукIана.

Лъутарав ккун вачIиндал, гьев чIвайго–чIваян ахIдолел рукIарал киналго, асирасул кIалъаялдаса хадур  гIенеккун чIана. ГIамирги гIунарав гIадинги лъугьун, асирасухъ хинаб балайгун валагьун хутIана…

– Алексей, дур мурад бичIчIана, амма мун тамихIалдаса ворчIуларо. Чачан халкъалдехун дур рокьи, хинлъи букIиналъ мун чIваялдаса эркен гьавула, амма лъутиялъе дуе тамихI буго анцIго нухалъ  мугъалда хIатI кьабизе, хIатIазда маххалги ран, анцIго къоялъ захIматалщинал хIалтIабазда хIалтIизавизе, кваније мукъсан гьавизе ва къаси бокьовги гьезе. Хадувги лъутани лъан букIа, гьаб танчица дур надалда каратI гьабизе букIин...

Алексеевасе хIукму къотIун хадуб, ГIамир цIиккурал асиразул хIал–хIукму цIехезе  санчасталде вилълъана. Майор гIемер би иналъ лъавудаса ун, мангиялда вегун  вугоан ва гьесие дару-дарман гьабулел рукIана врач Тамараги сестраги.

Тамара йикIана гIурусай, ГIамирил гIумруялъул гьудул. Афгъаналда лъукъарав гьев ВатIаналде вачIиндал  гьесие дару-дарман гьабизе ккана гьанжего–гьанже больницаялда хIалтIизе лъугьарай гIолохъанай врачалъ. Гьениб гьезул цоцаздехун рокьиги бижана. Хеккого гьез гьабуна ригьин, гьаруна кIиго васги, кIиго ясги. ХIалтIулей йикIана хирурглъун Грозный шагьаралъул больница-ялда. Байбихьул классалда цIалулел рукIарал васги ясги бомбабазде гъоркье ккараб  школалда рухIун хвана, гьитIичал васги ясги Тамарал эбел-инсухъ Россиялда гIумру гьабун руго…

Шатоялъул рохьахъ сордо–къоялъ рагъизе ккана ГIамирил рагъухъаби гьав майорасул ротагун. ЦIа боркьараб гьеб  рагъулъ кIиябго рахъалда букIана хвел, амма ГIамирил рагъухъабаз гьенибги аскариязда тIад бергьенлъи босана, гьезул ротаялъул хутIанин абизе чи чIаго хутIичIо: гьезул цоял тIурана, цогидазе хвел щвана ва гьал щугоял асирлъудеги росана.

1978-1980 соназда ГIамирица хъулухъ гьабуна  Советияб армиялда ва гьелдаса лъагIелгун бащадалъ    Афгъанистаналда уна бугеб рагъда гIахьаллъиги гьабуна. Гьенив гьев вукIана разведчиказул ротаялъул,  лейтенант Владимир

Владимировас нухмалъи гьабулеб кIиабилеб взводалъул кIиабилеб отделениялъе нухмалъи гьабулев сержант. Гьенир унел цIа боркьарал рагъазда гIемер рагъизе ккана гьел. Гьезда гIемер рихьана михъида хIур кIутIичIел, гIурусаз абухъего, «желторотикал», анищаз цIурал, ВатIаналъе ритIухъал, Кремлялъ «освободителал» - абун цIар лъурал васал-солдатал, тушманасул гуллидасан чияр ракьалда холел. Гьениб гьезул чорхолъ чапулеб букIана тушманасдехун рокьукълъи, солдатаздехун рекIел бухIиги, гурхIиги ва гьудуллъиги. Гьениб гьезул чорхолъ чаран гIадин, лъадарун букIана советияб гьудуллъи. Гьеб гьудуллъиялъ цолъизарун рукIана фашизм чIинтIизабураб бахIарчияб советияб халкъ ва гьезул лъимал…

Афгъанистаналда рагъ унелъул цо нухалъ ккана ракIалда гьечIеб иш. МагIарда бугеб цо гьитIинаб росулъе разведкаялъе арал гьезул взвод тушманасул гъоркьчIелалде ккана. Разведчиказул лъеберго гIанасев солдатасде тIаде гьезул нусго гIанасев рагъухъанас сверухълъиялдасаго гьужум гьабулеб букIана. Гьеб къоялъ бахIарчиго рагъана гьезул гIолохъаби. «Духазул» гIемер чи ракьалде щапизавуна. Лейтенант Владимировасулги кIудияв сержант ГIамирилги аслияб мурад букIана тушманасул горсверудаса солдатал рорчIизари. Гьедин гьабичIони, жидер взвод тIагIине букIинги лъан, лъутизе чIаго хутIарал солдаталги риччан, лейтенантасги, кIудияв сержантасги ва пулеметчикасги рагъул ин жидедехунго буссинабуна. Гьединал лъугьа–бахъиназда гьез тушманасул гуллил цIадалда гъоркьан цо чанго нухалъ разведчиказул къокъа борчIизабуна…

Кьурул сиртаз сверун къараб цо борхалъудеги рахун, лъабазго тушманасе церехун рачIине рес кьолеб букIинчIо. Хъатиниб лъураб гIадин, тушман вугеб бакI бихьулеб, цIакъ жалго цIуниялъе щулалъи бугеб бакI букIана гьеб. Амма пайда щибха, гьезул патроналги гранатабиги лъугIунел рукIана, тIадежоялъе лъукъун вугев ГIамирил гIемер би иналъ хIал дагьлъулеб букIана…

Солдатазул бугеб ахIвал–хIал бичIчIарал тушбабаз гьезде тIаде рахъ–рахъалдаса гьужум гьабизе лъугьана.

– Гьалмагъ командир, - ян абуна ГIамирица, –– дида вилъанхъунги бажаризе гьечIо, дихъ пулеметги тун, нуж гьадал хъархъазда гьоркьосан тушманасда рихьичIого нахъе а, дица кьела гьезие хвезегIан жаваб, нилъ чIаго рукIаго гьезул кверде ине гьечIо, гьелгун цадахъ кьвагьизаризе цого–цо хутIараб гранатаги буго дихъ.

– Сержант, лъукъарав мун дица гъоркь теларо, метер–сезе дембелалъ унев мун, духъ ралагьун чIун руго эбел–эмен ва гIагарлъи, дица ваччила мун, нилъ доб щобдаса рорчIизегIан пулеметчикас тушман цевехун виччаларо…

–Гьалмагъ лейтенант, заман бахъичIого, нуж хех нахъе а, гьезие жаваб дица гуллидалъун кьела, – ян кьварун абуна пулеметчикас.

Гьедин хасар гьавуна Володяца ГIамир. Пулеметчик абуни, патронал лъугIинегIан цо алхинчIого тушмангун вагъана. Асирлъуде гьев чIаго кверде восизе сверун ккведал, гранатаги кьвагьизабун, живгоги цо чанго тушманги гIумруялдаса ратIа гьаруна.

ГIамир сах гьавизе союзалде витIана, Володя абуни, Советияб армия Афгъанистаналдаса нахъе бачинегIан, капитанасул чингун, ротаялъе нухмалъи гьабулев командирлъун вукIана.

Гьеб рагъулаб лъугьа-бахъиналдаса хадуб, ГIамирилги Володялги бухьен тIагIана…

Хвалил кьер гьурмадаги чIван, чIало гIадин гIебедеги вегун, щибго сас гьечIого вугев бица велъарав офицерасул хал–шалги гьабун, ГIамирица жиндирго чIужуялде гьесул ахIвал-хIалалъул цIехана.

– ЛъикI гьечIо, операция гьабичIого ворчIулеб хIал гьечIо, – ян абуна Тамарица хIеренго росасдехунги юссун.

– Бегьула, гьав хасар гьавизе ккола, гьав вуго дица нужее гIемер бицунев вукIарав офицер, дир командир, дир гIумру хасар гьабурав бахIарчи, – ян абуна ГIамирица рекIел гурхIигун.

– Аллагьас хъван батани, ТIадегIанасда ракIги чIун, гьабила нижеца гьесие операция, гьелъие хIадурлъиги гIабсагIатго гьабила… ЧIая цо, кIочене бахъана. Мун вачIиналде цеве Кемал вачIун вукIана ва гьес лъазабуна тушман вугелъул офицер хвезе тейилан, хутIаразеги жинца гIадлу гьабизе бугилан. Дицаги гьесда лъазабуна дун гIадамал чIвазе гурей, гьел сах гьариялъе гьаги бан, тохтурлъиялъе цIаларай йигилан.

– Кемал! Кема-л, кинго гIодовуссинчIого гурел ишазде гьоркьове лъугьунев вугоха мун, – ян абуна ГIамирица гIодовиччан, жанахIалъуса къватIиве унаго.

Рагьдухъ роччун букIана. ЦIад базе хIадурлъулел, гъункарал чIегIернакIкIаз бацизабун бугеб зодоса кинабгIаги кунчIи ракьалде речIчIулеб гьечIолъиялъ, дунял бецIлъулеб гIадин букIана.

Рагьда гIарабалгун хабар–каламалда Кемал ватидал, ГIамирица гьезие салам кьуна.

–ВагIалайкум ассалам! ГIамир, гIурусазул цIакъ тIалаб–агъаз гьабизе бокьулеб бихьула дуе, – ян абуна Кемалица хIалуцун.

– Асиразулги цо-цо нухалъ тIалаб гьабизе кколеб буго, нилъее гьел хIажалъизе руго гIурусазухъе ккарал нилъер асиралгун хисизе. Амма гьел тамихIалдаса рорчIуларо, Кемал, гьеб дуда лъан букIа, – ян кьварун жаваб кьуна ГIамирица.

ГIамирие бокьун букIинчIо Кемалилгун харбиде лъугьине, гьесулгун ракI хвей ккезе. Амма Кемалил ургьиб жаниб женелеб букIана гIурусаздаса къисас босизе бугеб ццин. Чачаназда цебе рагьун абизе кIвечIониги, гьес жидераздаго цебе гIемер бицен гьабулаан ГIамир ва цогидал чачаназул гIолохъаби советияб армиялда цадахъ Афгъанисталалда рагъулел рукIараблъи ва гьез жидер гIемерав чи ва гIагарлъи чIвараблъи, живго Дудаевасги дагьал бомбаби ран ратиларо Афгъаналъул ракълилаб халкъалде тIаде. Сон гIурусалгун цадахъ ниж гъурулел рукIана гьал чачаназул рагъухъаби, жакъа ниж гьалгун цадахъ гIурусазде данде рагъулел руго… Нижеда лъала, чачаназул васал гъоб заманалъ Афгъанистаналде данде рагъизе хIал гьабун Советияб хIукуматалъул буюрухъалдалъун ритIараблъи, гьечIищха бичIчIизе захIмат гьаб дунялалъул ин…

Гьес ракI гъун бицунеб букIана гIурусазул солдатазе жидеца Афгъанистаналдаги, гьаниб чачаналъги гьарурал гъоркьчIелазул, жидеца гурхIел гьечIого гьел гъуриялъул ва асирлъун росарал солдатазе кьолеб гIакъуба–къварилъиялъул. Хасго гьесие гьеб бицине бокьулаан асиразда цебе.

– ГIамир, дуда бихьана гурищ нижер Афгъаналъул рагъухъабаз сон Щоботиб ккараб рагьда бахIарчилъиялда, хIаракатаб гIахьалчилъи гьабураб, гьенир

ккурал асирал нижер ихтияралде кьезе ккела, гьезие тамихI нижеца гьабила, гьезлъидал нижер цояв чIварав ва лъабгояв лъукъарав…

– Гьезие тамихI гьабизе буго ичкериялъул тIадегIанал органаз ва асирал хисиялъе гIуцIараб фондалъ.

Кемалие ГIамирил кIалъай рекIее гIечIо, гIураб заманалъ гьевгун къацандана асирал жиндихъе кьеян, кьечIони жидеца хадусел рагъазда цо гIурусав кверде восичIого, чIвазе ругилан баянги кьуна.

## 4.

Операциялдаса хадув хвалдаса ворчIарав Владимиров гIисинккун сахлъулев вукIана, гьанже гьесда хIалихъего, жинцаго живго тIувазе кIолеб букIиналъ, гьев асиразул общежитиялде вачана.

Рагъул ишазде инчIелдаса, росулъ вугевгIан заманалда, ГIамир гьоркьов–цеве чIужугун цадахъ Владимирил хIал–хIукму цIехезе унаан. Гьелъги батила, солдатазда гьоркьоб хабар бижун букIана гьев асирлъудаса эркен гьавулев вугилан, амма гьесда лъалеб жо гьелъул щибго букIинчIо. Метер–сезе гьев нахъе виччазе вугев гIадин, солдатазги жидер эбел-инсуда лъазабиялъе гIоло жидерго адресал рицунел рукIана…

– Чачанал бахIарчиял чагIи руго, – ян гьезие къимат кьун, бицунаан асиразе Володяца,– Афгъанистаналда рагъулелъул дида рихьана гьезул хIинкъи–къай ва къуркьи гьечIел гIолохъаби. Кремлялъ цIакъ мекъи гьабураб рагъ буго гьаб, гьалъ Россиялъе цIакъ кIудияб зарал гьабизе буго. Советияб пачалихъ биххизабураб гIечIого, гьанже Россиялда жаниб миллатазда гьоркьоб кьватIел ккезабиялъе рагъал гьарулел руго… СССР биххи гьеб балагьалъе чIезе буго гьезул халкъазе. Гьеб биххун лъугIине гьечIо гIемер соназ…

Кемалица тIадчIун борхулеб суал букIана Олегги, Владимирги ва щуявго дол ахиралда ккун рачIарал солдаталги жал афгъаназул рагъухъабазул ихтиyaралда кьеян. ГIамирица гIезегIан чIванкъотIарал жавабалги кьун чIезавун вукIана гьев. Амма Кемал кинго гIодове вуссунев вукIинчIо, гьес гьеб суал гIемер борхулеб букIана.

Иш ккана Ичкериялъул рагъулаб советалде ва бакIалъулаб жамагIаталде. Данделъи унеб букIана асиразул общежитиялда цебе бугеб гьитIинабго харица бацараб майданалда.

– ХIурматиял чачанал, нилъер цо мурад буго: гьаб нужер ракьалде ярагъгун рачIарал гIурусазул аскариял тIагIинари. Ккура–ккурул асиразе ас хъулухъ гьабулеб бугони, нилъее бергьенлъи щоларо, – ян хIалуцун абуна Кемалица.

– Кемал, тушманасе къимат кьезе лъачIони, нилъее бергьенлъи щоларо, гьал асиразе гьабизе кколеб хIукму къотIун буго нижеца, гьез дагьаб хIалтIийищ гьабулеб бугеб гьаб чIунталиде ккараб росу чIаго гьабиялда тIад? Нилъер рагъухъабиги руго гIурусазухъ асирлъуда. Данде ккани гьезухъ хисизеги, эркен гьариялъухъ гьезул гIагарлъиялъухъа гIарац босизеги буго. Гьел чIванин абун кинаб пайдаха нилъее бугеб, Кемал?

– Асирал сабаблъун гьаниб дагIба гьабизе ккараб жо гьечIо,–янги абун, гьоркьов къине ГIамирги гьавун, тIаде вахъана магжилъанги хъахIлъарав, гьо-

дилъаги къуларав, гIансидаги варав херав, – асираздаса нилъее кIудияб пайда буго: хIалтIизарунги, нилъер рагъухъабазухъ хисунги ва эркен гьариялъухъ гьезул гIагарлъиялдаса щолеб гIарацалдалъунги. Гьел чIванин абун щиб пайдаха нилъее щвелеб? Пайда бугеб хIалтIи гьабиялда дандечIей лъилниги букIине бегьиларо.

– Гьебго пикру дирги буго, асираздаса нилъее пайда буго. Рагъуецин ругьун гьаричIел, гьал гIисинлъимал нилъгун рагъизе хIал гьабун гьанире ритIарал руго. Кремлиялъе аслияб къагIидаялъ къваригIараб жо буго: жидедасаго гIайиб тIаса рехизе, чачаналъ гIадлу гьабизе риччарал россиялъул ракълилаб армия нилъеца гъурулеб букIин тIолабго дунялалда бихьизабизе ва нилъ - чачанал террористаллъун чIезаризе.

Асираз нилъее гIемер пайдаял хIалтIаби гьаруна ва гьарулелги руго. Гьел чIвазе гIедегIуге нуж, – янги абун херас хабар лъугIизе тана.

– Кемал, дуда бичIчIун батила гьазул кIалъаялдаса, – ян абуна туркас бекараб гIурус мацIалда, – нижер халкъалъул аби буго: цевесев гьудуласул тушманги лъугьунаро, цевесев тушманасул гьудулги вахъунароян. Россиялдаги чачаназдаги гьоркьоб бугеб кинабго жо жанибе бачуна гьаб абиялъ, Кемал.

– Нужеда бихьуларогойищ бугеб гьезул чорхолъ жеги советияб гьудуллъи хутIун букIин?–ян абуна Иорданиялдаса чIегIерав гIарабас.

Кемалил рагIи цебе инчIо, гьесда бичIчIана чачаназдаги аскарияздаги гьоркьоб кьогIлъи ккун букIаниги, гIурусхалкъалдехун гьезул цебесеб гьудулъиялъулаб асар хутIун букIин.

Сон СССРалъул вацлъиялъул ВатIаналъе гIоло рахъун чIун, гьудуллъиялда рукIарал гьел, жакъа пачалихъалъул бутIрузул гIайибалдалъун гьеб гучаб улкаги биххун ун, цоцазулъ рагъулаго тушбабилъун рахъун руго… Кин ккун букIун батаниги, гьезул чорхолъ хутIун батана советияб гьудуллъиялъул цоцаздехун бугеб хинлъиги, хиси гьечIеб гьуинлъиги.

ГIамирица гIарацги кьун, Владимиров асирлъудаса тархъан гьавуна. Нухав регIулелъул ГIамирица гьесде абуна: «Володя, дур гIурус ракьалде ниж киданиги тIаде кIанцIичIо, мун абуни, дир рокъов дун теларилан ярагъгун вачIун вуго. Нилъер букIараб цебесеб гьудуллъиги цIунун, гьаб нухалъ дица мун нахъе виччалев вуго, хадубги гьеб иш дур такрарлъани, нилъ тушбаби рукIинги кIочон тоге,» - ян.

Владимиров асирлъудаса нахъе виччаралдаса гIураб замана ана, амма асиразул гIагарлъиялъул рахъалъ кинаб букIаниги гьел цIехолел рукIиналъул хабар баккичIо.

Жал рагъда тIагIараллъун гIагарлъиялда лъазабун батилин командирзабазан ракIалдаги ккун, цIакъ рахIат бахъун букIана асиразул. Хасго Алексейие гьеб рекIее гIолеб букIинчIо.

Алексей вукIана къамартIаб черхалъул, чилъи рекIелъ бугев, ракIалде ккараб жо тIубазабизе бокьулев солдат. ЦIакъ калам берцинав, бицине лъалев чи вукIана гьев. Жиндие гьабураб тамихI таваккаллъиялда баччана Алексейица ва тIилал тIад кьабиги гьес бихьинчияс гIадин хIехьана. Амма асирлъуда вукIин кIудияб раччилъун чIун букIана гьесие, гьеб хIехьезе кIунгутIи букIана гьесул

чорхолъ гӀузрулъун чӀун. Гьеб гӀузру сах гьабизе ккани, бокьараб нух батун, асирлъудаса эркенлъизе ккола гьев.

Жиндирго бугеб балъголъи, солдатаздаса бахчаниги, гьес командирасде бицинчӀого толароаан. Жиндир унтарай эбелалъул, жив асирлъудаса тархъан гьавизе гӀураб гӀарацги гьечӀо, гьелъ, рес щварабго, жив лъутизе вукӀин чӀванкъотӀун командирасда лъазабуна. Гьаб ахираб заманалда Алешал ботӀролъ цого жен–жедилеб букӀана лъутизе бугеб пикру. МагӀарде рохь къотӀизе вачиндалги гьес, рес щварабго, борхалъудеги вахун, хал–шал гьабулаан сверухълъиялъул, мугӀрузда нахъа мугӀрул ругеб, кьурабаз рацарал жанирлъабазул, амма кинаб рахъалде лъутизе кколебали гьесда жеги мухӀканлъи гьабун бажарулеб букӀинчӀо...

Цо къоялъ бакъанида лъабго солдатгун Алексей вачана бакъбаккул рахъалда, рахъун чӀарал парсаз сверун къараб, жаниблъиялда бугеб тӀад-гъоркь бараб цо росулъе, кӀиго рагъулал Урал машинаби ханждал цӀезе. Гьенир ругел бакӀалъул гӀадамал боевикалгун роха-хинлъун чачан мацӀалда кӀалъалел рукӀана ва жиделъго кӀалъалелъул гьезул кӀалъаялъул лугъат батӀияб букӀана. Гьез гӀемер рехсолеб букӀана Дагъистналъул цӀар. Амма гьениве ханжуги босун вачӀарав камазалъул шофер кӀалъалев вукӀана рагъухъабигун гӀурус мацӀалда, бакӀалъул гӀадамалгун гьезул мацӀалда. Гьес боевиказухъан тӀалаб гьабулеб букӀана бичун босизе жиндиего ярагъ, гьединго гьес абулеб букӀана, жинца нужее хӀажатаб жо бачӀинин, заказ кьейин, гьебги босун метерго вачӀинин, рикӀкӀадищ бугеб Дагъистан, гьадаб магӀарда нахъа гьечӀищ нижер районан.

Алексейица хӀалтӀилаго мухӀканлъиялда гӀин тӀамулеб букӀана гьезда гьоркьоб унеб гара–чӀвариялъухъ ва берги щвезабулеб букӀана Дагъистаналдехун унеб нухде. Нух унеб букӀана кьурул сиртаз сверун ккураб жаниблъиялдаса, борохь гӀадин кӀичӀ-кӀичӀараб кӀкӀалал мухъалъул рагӀалчӀван.

«Дун вугеб росулъа, гьаб магӀарулазул росдада цебеса Дагъистаналде унеб нухде щвезе ккани, дица захӀмалъиялда гелизе кколел руго, гьадал рахъун чӀарал парсазги рохьазги рацарал мугӀрулгун– щобал… Гьанже бакӀалги лъала, –ян пикру гьабуна Алексейица, – гьале гьаб нухккун Дагъистаналде лъутизе ккола дун ва дора дида ратила Россиялъул аскариял».

МаркӀачӀул мех тӀаде щвелалде вехьас росулъе къотӀун бачӀана гӀергӀедилаго гӀачиязул рехьед. Гьезде данде рачӀунел рукӀана кӀичӀарал, къваридал къватӀахъан руччабиги гӀун рачӀунел ясалги. Асираздехун берги щвезабун, жидерго мацӀалъ хӀайваналдехун хӀеренаб ахӀиги бан, гьез жал бетӀергьанал боцӀи цебеги къотӀун, рокъобе бачун унеб букӀана…

ГӀемер заман гьоркьоб инчӀого росдал мажгиталъул михӀмаралдаса берцинаб гьаркьидалъун маркӀачӀул как ахӀулеб гьаракь тӀибитӀана сверухълъиялда.

Ракьалда рукӀкӀен чӀвалелде, Россиялъул вертолетал тӀасан роржунареб гӀадаб гӀужалъ, ханждал цӀурал машинаби нухде рахъана. Къаси кватӀун рокъове щведал Алексейица бихьа- таралъул солдатаздаздаса балъго командирасе баян кьуна ва рес рекъарабго жив лъутизе вукӀинги чӀванкъотӀун лъазабуна.

– Гьал гъачагъазухъан дун вичун восизе гӀураб гӀарацги, гьеб бахъизе кӀолеб сахлъиги дир эбелалъул гьечӀо, гьелъ дун лъутизе ккола, нухги дида лъикӀ

лъала. Командир, цадахъ мунги вилълъинарищ?» – ян таваккаллъиялда гІодове виччан абуна Алексейица.

– Ахирисев солдат гьаниса нахъе ун гурого, дие ВатІаналде нух гьечІо, нужер жаваб кьезе ккола дица нужер  эбел–инсуда цебе. Дуе нух битІаги, цІодорго вукІа, гьаб нухалъ гьезие кквезе щвани шаклъи гьечІого, гьез мун чІвала, – ян абуна Олегица.

–Асирлъудаса нилъ эркен гьариялъе ГІамирица бицараб царал хабаралда божунищ мун вугев? – ян суал кьуна Алексейица.

- Божула! Инсул полкалда чачаназул гІемер гІолохъаби рукІун руго  Афгъанистаналда рагъулел. Хвалдасаги хІинкъуларел, хІал ккаралъурги ратулел, кьураб рагІи гІумруялдеги бахъинабулел, бахІарчиял солдатал рукІанин бицунаан инсуца.

ТІасияб къоялъ радалиса, Россиялъул самолетаз, гьеб росдаде тІаде цо ракетаби риччана. Гьез чанго мина–бакІазе кІудияб зарал гьабуна: кІиго мина бухІун рахъуялде сверана, цо чанго минаялъул къадал тІе-тІезаруна, гьений цо минаялъуй юхІун хвана жиндирго лъимал хвасар гьарулаго кІиго лъималазул гІолохъанай эбел ва ХІалиматил мадугьалихъ бугеб минаги ракета речІчІун тІе-тІезабуна ва гьелда гьелегьун  цІаги рекІана. ХІалимат чІичІидизе лъугьана, гьенир жанир хутІун ругел эбел лъимал хвасар гьареян. Хералъе кумекалъе вачІун вукІарав Олег, цо параялъ, рагьда букІараб лъел цІураб ведро жиндирго бетІералдаса гъоркьеги тІун, бухІулеб гьеб минаялъуве жаниве ун, гьенир кІкІуялъ кІотинарурал  эбел ва гьелъул лъабго лъимер хвасар гьаруна…

ГьитІинай Ленада гьеб рагъулаб рокьукъаб  сурат бихьана… Бежараб гІади, гьумер–квералги лъугьун вугев Олег вихьидал, гІодиялде къараб гІаркьидалъун Ленаца абуна: «Даци, дир дадаги бабаги рачІине руго гьанире, гьез гьадал самолетазе уколги гьабун чІезаризе руго…» – ян

Россиялъул авиациялъ росдае гьабураб зарал бихьунги, гьей гІолохъанай эбел, лъимал чІвайдалги, бакІалъул чачаназул асираздехун рокьукълъи бижана. Гьез ахІи–хІур бахъинабуна, асирал чІвазе кколилан, гьел гьанир ругебгІан заманалъ федералаз нилъее рахІат тезе гьечІо, гьал асирал тархъан гьаруниги, цІидасан нилъедаса къисас босизе рачІине нахъе къазе гьечІо гьел!

– Нилъер ракълилаб халкъалдехун Россиялъул аскариязул кинаб букІаниги гурхІел–рахІму гьечІо, нилъ гъуризе ярагъгун рачІарал гьезул солдатаздехун нилъер щай гурхІел букІине кколеб?  ЧІвазе ккола гьел! – ян ццидахун абуна къварилъи ккарав  херас…

– ЧІвай! ЧІвай! – ян ахІдезе лъугьана жидее зарал ккарал цогидал чачаналги.

Халкъалда гьоркьоб гьогьен ккезе рекІиндал, рагъухъабаз асирал хехаб къагІидаялъ гІиял бокьор гьуна ва тІад кІулалги ран нуцІа рахан–къан щула гьабуна ва кІалтІа кІиго хъаравулги тана.

Цо параялъ, къварилъи ккаразул яргъид гІуцІарал, гІагарлъиялъул къокъа ракІарана гьеб бокьалда цере ва гьенир ругел хъаравулзабаздаса гьез тІалаб гьабулеб букІана асирал жидехъе кьезе.

– Дир бахІарчиял чачанал, – янги абун гьоркьов лъугьана ГІамир, – сабру гьабе, сабру, гьал асиралги чІван, чІадарухъаби–летчиказул гІайиб гьазде рехи битІун букІинищ? Нилъер умумуз ярагъ гьечІев чиясде киданиги квер бор-

хичIо, кверде рачIарал тушманасулги тIалаб гьабуна… Гьав гIурусав Олегица жиндирго гIумруялде вачIинчIого рухIулел бакIалдаса эбел-лъимал хвасар гьари – бахIарчияб иш кколаребищ?

– ГIамир! – ян борхизе ццидал цIураб, гьаракьги гьабун, кIалъалев вукIана Кемал,–гIурусаздехун дур бербалагьи тIалабчилъиялъул букIин бихьулеб буго. Гьал руго дур чачан халкъ гъуризе рачIарал солдатал. Гьаз гьитIиналги кIудиялги ратIа рахъичIого гъурана ва гъурулелги руго, гьез нилъеде тIаде бомбаби ралел руго, гIарадабиречIчIулел руго ва гьал асирал гьанир рукIадго нилъее хIалхьи гьез тезе гьечIо. Гьезул умумуз нужер умумул гъурана Кавказалъулгун букIараб рагъда, гьазул кIудияз нуж хIал гьабун Гьоркьохъеб Азиялде гочинарулаго балагь рещтIинабуна, гьанже гьезул тIанчIазги чIвалел руго нуж. Тушманасе цого хвел букIине ккола! Лъимер гьабизе мех щварай, гьадай кIиго лъимадул эбел, лъицаха чIварай? Гьей чIвана Россиялъул хIукуматалъул аскарияз. Гьал асиралги гьез ритIун рачIарал руго, цереса ккун Ичкериялъул рагъухъабиги ва ракълил гIадамалги гъуризе. Цинги кватIун ккечIого букIине, кодове щун тушман вукIаго, гьесдаса рецIел босизе ва гьев чIвазе ккола!…

Бокьор ругел асиразда, гьениб рагьда лъугьунеб бугеб гIадамазул хIалуцин бихьулеб гьечIониги, бокьалъул гIисинал картIахъан кинабго гьезул хIалуцараб кIалъай рагIулеб букIана.

–Тушман чIвазе ккола, – ян ахIи бахъана халкъалда гьоркьоб.

– ЧIвай гьел! ЧIвай! – ян ахIделаго бокьалъул нуцIида цеве вилълъана Кемал.

Асиразул чорхолъ чапизе лъугьана хIинкъидул асар…

– Эти рус хорошо, это мой рус хорошо!.. Не да–а-м!–ян абулаго Кемалги цо рахъалде цун, нуцIида цеве вахъун чIана Ваха, ханжаралда тIад кверги лъун.

Вахахъ ралагьун киналго гIадамал гIодор риччана ва гьеб параялъ ГIамирица Ваха мугъалда кверги бахъун, гIодовуссинеги гьавун, абуна: «Асирал чIвазе бигьаяб иш буго, амма Аллагьасда ва нилъерго намусалда цебе кинаб жаваб кьелеб, гьеб захIматаб иш буго. Гьал асиразда бидул хIакъ гьечIо, гьездаса нилъее пайда тараб жоги гьечIо. Жиндир гIумруялъе хIинкъи букIаниги, цIадул коронивеги ун, Олегица хвасар гьаричIелани, эбелги лъабго лъимерги тIадеги тIагIунел рукIана гурищ нилъер? ЧIвазе кканиги Ичкериялъул хIукуматалъул судалъул хIукмуялда рекъон гурони, тIубазеги гьечIо…

ГIадамал гIенеккана ГIамирил каламалъухъ ва гьесие жаваб кьечIого, рикьа– риххунги ана.

Гьебго къоялъ асирал общежитиялдеги рачун, риххарал минабазда тIад хIалтIаби гьаризе тIамуна… Минабазда тIад хIалтIи гьабизе цIул хIажалъидал цо чанго солдатгун Алексейги рохь къотIизе вачана. Амма гьаб нухалъ рагъухъабаз гьезда хадуб халкквей цIикIкIинабун букIана, хасго лъутаравин абун Алексейида хадуб халкквейги ва захIматалщинал хIалтIаби гьаризе тIамиги букIана. Рагъухъабаз абуралдаса кьуричIого, кигIан гIакъуба–къварилъи букIаниги, Алексейица гьезул буюрухъ тIубазабулеб букIана, щибниги хIал лъазе биччачIого, амма бальго цIехолеб букIана бакъбаккудехун бугеб доб росулъехун ине кколеб нух. МугIрулги щобалги щинкIани, щолеблъи лъала гьесда,

доб росдаде балагьараб магIарде. Амма нух букIана захIматаб, хьитIал, щобал ва парсал рахине кколеб. Кинаб захIматлъи гьеб нухда батаниги, гьев лъутизе ккола, гьеб гьес рекIеде босун тана…

Гьаб ахираб заманалъ Россиялъул авиациялъ гьужумал гьарулел рукIана чачаназул рагъухъаби ругилан щаклъи ккаралщинал мугIрузда ругел росаби–бакIазде. Бокьараб къоялъ такрарлъизе бегьулаан асирал ругеб гьеб росулъе бомбаби тIаде рай ва гьелдалъун росулъ хвел ккани, чачаназ жал чIванги, рецIел босизе букIин хIакъаб жо буго, гьелъ, ГIамир рагъухъабигун рагъулаб ишалъ индал, заман бахъичIого, жив лъутизе кколаян пикру гьабуна Алексейица.

## 5.

Чачаназул мугIрузда бугеб, гьеб гьитIинаб росулъ асирал ругелдаса щуабилеб моцI букIана. ЦIакъ хIинцго, захIмалъиялда унеб букIана гьезие заман. Гьел тархъан гьариялъул рахъалъ я рокъосезул, я федаралияб армиялъул кинаб букIаниги лъазабиги бачIунеб букIинчIо.

Россиялъул аскариязул чIагоял къуватал, чачаназул гIодоблъиялда тIиритIун рагъулел рукIаниги, жеги гьел щун рукIинчIо мугIрузда ругел росаби –бакIазде.

Гьел рачIиналъухъ ралагьун чIун асиралги рукIана.

Олегица эбел–лъимал хвасар гьаруралдаса ва асираздаса жидее кумек щолеб букIиналъ бакIалъулал гIадамаз гIисинккун асираздехун хинаб балай гьабизе лъугьана.  Чачаназ гIайиб чIвалеб букIана СССРги биххизабун Чачаналъ рагъ гьабиялда  М.Горбачевасдаги Б.Ельцинидаги.

ТIадкъарал хIалтIабиги гьарун, гьедин асирлъуда унеб букIана гьезул гIумру.

Лъабго къоялъ Алексейица жиндиего щвараб– тараб хIанил кесекал ва чадил мочIаби цIунун нахъе лъуна, гьениб гIагарда кьвагьизабун, хвезабураб БТРалъул бихъараб бералъул картIиниб жаниб.

Гьаб кIиго къоялъ росу чIобоголъараб гIадин букIана, гьенир рукIарал ГIамирил рагъухъаби рагъулаб ишалъ Шатоялде рагъизе индал. Асирал цIунизе тарал цо чанго рагъухъанги бакIалъул гIадамалги гурони, гьенир хутIарал гIадамал рукIинчIо. Гьелги яргъидалъунги хьезарун, цIакъ цIодорго асиразда хадуб хал ккун рукIана.

Рохьор къотIун тарал чIалаби цIазе ине рукIин лъайдал, Алексейица бахчизабуралъуса кванил нигIматал чвантинир ва лъороб къазаруна. Гьес чIванкъотIун жиндаго цебе суал лъуна хIинкъичIого жакъаго лъутизе. ХIинкъиялда цадахъ бахIарчилъиги букIуна, – ян пикру гьабуна гьес.

Къо букIана роччараб. МагIарде тIаде рахарабгIан гIисинккун гIодблъиялде бачIине лъугьана гIодонакIкI. Цин борхун, цинги  гъункун бачIун, цебе бакI бихьизе толеб букIинчIолъиялъ рагъухъабазул рахIатхвей лъугьана. Гьез лъазабуна накIкIудаса пайдаги босун, лъутизе къасд гьабурасе цого хвел букIине бугилан. Рагъухъабаз сверунги ккун, рохьоб жаниса къотIарал чIалаби къватIире цIалел рукIана асирал.

ТIадеялдаса-тIаде гъункун бачIунеб букIана накIкI.

«Гьалдаса жиндие лъутизе рес рекъараб заман бачIинаро,» - ян ракIалдеги

ккун, Алексей накIкI гъункун бачIарабго, лъидаго вихьичIого, бакъбаккуде валагьун накIкIул пачаялде жаниве тIерхьун ана.

Рохьов жаниса гьев лъутун унаго, щуго-анлъго минут ун букIун батила, гьесда хадуб халат бахъараб автоматазул кьвагьи бахъана. ТалихIалъ, цо параялъ Алексейил рес рекъана гьениб аскIоб букIараб кьурда нахъа вахчизе. Гьезул саяхъал гулби пещтIелаго гьенир аскIор ругел гъутIбузул бакI–бакIазда речIчIулел рукIана. Кьвагьи гIодоб буссарабго, Алексей гIураб заманалъ рохьов жаниса векерунго векерун, цевехун унев вукIана. ХIинкъиялъ гьесда свак лъалеб букIинчIо. Свакги хIинкъиги гьесул чорхолъ бугеб бахIарчилъиялъ къуркьизабулеб букIана...

Гъункараб накIкI букIиналъ цебехун бугеб жо бихьулеб букIинчIо. Кивехун иневали лъалеб букIинчIо, лъалеб жо букIана гьесда гъоркье – тIадехун сверичIого, витIахъе ине кколеблъи, гьедин ани жив мекъи ккечIого вукIине бегьулеблъи…

МугIрул лабаллъиги бахун, гIодове валагьун жаниблъиялде индал, гьесда нух къосана. Киве инев, кисан нух бугебали лъалеб хIал букIинчIо, накIкIул гъункиялъ аскIове щвезегIан лъачIо гьесда къед гIадин бахъун чIараб кьурул сирт. Дунял бецIлъизе лъугьиндал Алексейица жиндиего вегизе бакI балагьана ва гьениб кьурул сирталда гьесда батана гьитIинабго нохъо.

Къасиялдехун базе лъугьана гIисинцIад.

Кодоб букIараб чадил кIиго мочIоги ва цо хIанил къотIелги кванан, гьев свакан вукIиналъ кьижун ккана…

Алексей лъутидал, рагъухъабаз цин асиразда тIад, хIал гьабун, кIал гьикъана, кинаб рахъалде гьев лъутарав, лъалареб жо гьезда батидал, тамихI хIисабалда машина цIун нахъе хутIарал чIалаби гьезул щивасда цо-цо росулъе щвезегIан цIазаруна ва щибго кваназе жо кьечIого, гIиял бокьорги гъуна.

Росулъ минабазда тIад Олеггун цадахъ хIалтIулел рукIарал асираздаги кIал гьикъана, гьев лъутиялъул щиб букIаниги гьезда лъалеб жо батилин. Гьездаги щибго лъалеб жо батичIо.

– Олег, мун гьал асиразул командир вуго, гьал дуе мутIигIал рукIинги бихьула, дуда гьикъичIеб ва данде бачIеб жо гьазулги букIунаро, нижеца кIалъай гьабурал дур рагъухъабазги гьелъие нугIлъи гьабулеб буго, –ян ццидахун абуна асиразул жавабчилъи тIадкъарав херав рагъухъан СултIаница.

–Дида данд бараб жо букIарабани, ниж кIиялго цадахъ лъутилаан, киве гьев лъутун ворчIилев гьал согIал мугIруздаса, – ян СултIанил ракI батизабулеб къокъаб жаваб кьуна Олегица.

– Гьев ватизегIан нужее букIине буго добго гIиял бокьги кьижизе, кьезе гьечIо кваназе жоги ва бухIизе хьалиянги. Гьеб буго нужеца нужеего гьабураб тамихI…

Нолъ берцинго кьижизе течIо Алексей мугIрузул къасисеб цIороялъги, цIир-цIириялда рукIунел гIалхул жанаваразги. Дунял рогьун букIаниги, гъункараб накIкIалъ лъабго-¬ункъо метраялъ цебехун бугеб жоцин бихьизе толеб хIал букIинчIо. Алексейида кивехун иневцин лъалеб букIинчIо, гьев мекъи ккун вукIана. Гьелъ, гьес таваккаллъиялда хIукму гьабуна накIкI борхизегIан-

ги цIад чIезегIанги гьеб нохъодухъ вукIине. Къо гьедин ана. Къасиялдехун цIадги лъалхъана, накIкIги гIисинккун эхеде борхизе лъугьана. Гьеб сордоги Алексейица гьениб борчIана.

Къо бачIана зирхун роцIараб, лазатаб. Радалиса магIардаса бакъ баккизе лъугьиндал, Алексейица сапар бухьана гьеб баккулеб рахъалде. ЦIакъ захIматаб нух бугеб, сапар букIана гьеб. Ине кколев вукIана къваридаб рохьоса, ганчIица цIурал хъитIал–щобал щинкIун, щибаб рахъалъ вортиялда хIинкъарал кIкIалал ва парсал рахун. Рогьалил щубалъ риччизарурал хьитазда жанир ругел гьесул хIатIал, чIамаркъизарун лъелъ ччугIа гIадин, кIкIуржунел рукIиналъ лъулъазарун унтизарулел рукIана. Хьитал рахъун, инеги рес букIинчIо гIемер гамачI ва гIодоб гIучI- чIахI букIиналъ.

«ХIатIал цIунулаго гIумру цIунулеб гьечIо дуца, Алешка», –ян жиндаго рагIунедухъ абуна гьес. Хьиталги рахъун, хIатIал цIунулаго цIодорго цевехун унев вукIана гьев. Лъабго гIанасеб сагIаталъ сапарги гьабун, гьев ваккана ханжу босизе ун вукIараб доб росдаде тIаде балагьараб мугIрул борхалъуде. Гьениса хъатиниб лъураб гIадин, бихьулеб букIана кIиго мегIер жубалеб жаниблъиялда бугеб доб росуги, сверухълъиялда ругел кулаби¬-бакIалги ва гьениса кIкIалал мухъккун, Дагъистаналде унеб машинадул нухги.

Гьеб росулъе щвезе ккани цIакъ захIматаб, гIемер парсалъан гъоркье ине кколеб, гIисинрохьалъ цIураб, паркIалахараб ва ганчIаз цIураб нух букIана.

Бакъ лъикIалан тIаде бахиндал, щубги тIагIана, тIуранго ракъван гьечIониги, хьиталги ретIун, гьев мугIрул ицц батилародаян гьеб цIехолаго мугIрул карандаса гъоркье, цIадал иххаз бахъараб кIкIаламухъккун гIодоблъиялде валагьун унев вукIана. Хеккого гьесда гьениб батана бацIцIадаб цIорораб лъим чвахулеб ицц. Гьеб сверун ганчIалги лъун, лъим боцIуе гьекъезе гьитIинабго хIор гьабун, къачIан букIана. Алексей гьенив лъалхъана, квералги гьумерги чурун, къулчIиялда лъимги гьекъон, чвантиниса чадил мочIоги хIанги бахъун, гьеб кванана. ГьитIинаб букIаниги, чедги хIанги кванан хадуб, гьесда рухI бижана, ракъиги нахъе ана…

Жаниблъуде гIагарлъухье гIадамазда вихьиялда хIинкъи букIиналъ, гьес хIукму гьабуна дунял бецIлъизегIан гьенир ругел хъархъазда гьоркьов вахчун чIезе. Свакан вукIиналъ макьихун вукIана, амма кьижизе кIолеб букIинчIо, гьенир гъоркьехун расандилел ругел кулабазул лъималазда жив вихьиялда хIинкъун. Бакъ багIаризе рекIиндал, цо чанго хIайванги цебе къотIун, гьеб иццалде ралагьун рачIунел рукIана кIиго вас. Гьездаса вахчизе цо рахъалде унаго, лъималазда гьев вихьана. Гьев вихьидалищ лъаларо, гьел тIокIал церехун рачIинчIого, жибго боцIиги тун, тIад руссун ана. Алексейие рекIее гIечIо гьел, гьев гьениса кьерун–вахчун гьениб гIагарда бугеб гIисинрохьил хъархъазда жанив вахчана. Хъархъазда гьоркьоса, гьениса гьесда бихьулеб букIана гьел лъимал ругеб рахъ цебелъун. Хеккого гьел лъимал ругеб рахъалде тIаде щвана, тIад хIарщ бахиналъ ракьул кьер чIвараб, хъахIаб НИВА машина. Гьелдаса къватIире лъугьун рачIана яргъид гIуцIарал щуго рагъухъан ва гьез лъималазулгун кIалъай гьабулеб букIана. Лъималазул цояс Алексей вахчун вугеб рахъалде кверал ритIана. БачIинахъе Алексейида бичIчIана гьел жинда хадур рахъарал чачаназул рагъухъаби рукIин.

Рагъухъаназул цояс автоматалъул очередь биччана асир вахчун вугеб рахъалде. ТалихIалъ Алексейиде щвечIого хутIана, гьесул хьибилалда речIчIун рачIарал гулбуз гъутIбузул гIаркьалаби гъурана. Алексей гьенисан цо рахъалде лъутулелъул гьез гьев цо параялъ сверунги ккун кверде восана.

Рагъухъабаз гьев цин лъикIалан вухана: гъурмада гIужал лъуна, магIарзухъан ва кIалдисан би чвахизе гьабуна…

– Нижеца мун гьанивго чIвазе вукIана, – ян абуна ццидахун чачанас, – ГIамирица дуе рагIи кьун букIиндал, хадувккун лъутани, жинцаго мун чIвазе, гьанив чIвачIого толев вуго.

Рагъухъабаз Алексей вугIа–вусун машинаялда жанив къазавуна ва бакI гIолеб гьечIолъиялъ гьесда тIад цояв гIодовги чIана…

Иргадулаб рагъулаб сапаралдаса тIад вуссун вачIунаго, росдал рагIалда бугеб гьитIинаб майданалде щвараб мехалъ, ГIамирица гьений нухда гIодой чIун чIужугIадан йихьидал, УАЗик машина лъалхъизабуна. Гьесда хадурго лъалхъана лъабго рагъухъабаз цIураб, тIаса хIебеталъ тIекъарал УРАЛ машинабиги.

Гьай чIужугIадан кIиго къоялъ цее ГIамирида йихьун йикIана шубутисазул рахъалда нухккун ячIуней.

Канаб расалъул, бакъуца бухIараб берцинаб гьумералъул, гьайбатаб тIере-бегIенаб лагаялъул ва хIуларал хьитазул гьей йихьидал, ГIамирида бачIинахъего бичIчIана гьей гIурусай жиндир васасда яги вацасда хадуй ячIарай йикIин. Гьеб цIехезе ГIамир гьелде аскIове щвелелде, бачIун тIаде щвана лъутарав асирги вачун, НИВА машина. Гьениса къватIире рагъухъабиги асирги вачIиндал, ГIамир гьездехун вуссана.

–Гьанжегийищ гьав хIалихIат лъутарав,–анги абун ГIамирица таманча бахъана,– гьаб нухалъ дуца дуего чIванкъотIараб хвалил хIукму хъван буго…

Алексей вихьаравго, нухлулай, вай дир вас, вай дир, Алешенка, мун чIаго вугевищ… дуе гьаз гьабураб щибанги абун, гьенир рукIарал ракIалде ратилалде, гьесул габуний хурхана. Васасул бица белъун бугеб гъурмада хехго бакI–бакIалда цо чанго убачал гьаруна.

– ЧIваге дир вас! ТIадегIанасе гIоло чIваге! ЧIвай дун, нужгун вагъизе гьав вас гьавурай! ЧIвай нилъер букIараб пачалихъ биххизабурал ва нилъер гьитIинаб чачанхалкъалде данде кIудияб Россия багъизе тIамурав гьекъолдухъан Ельцин,–янги абун гьей вас цIунун, гьесда цее хвел къабул гьабизе чIана.

Рагъухъаби кIалдиб лъим босарал гIадин, гIенеккун чIун рукIана, упан цо рагIи абичIого, ГIамирица гьабизе бугелъухъги ралагьун.

ГIамирица цо–кIиго гали цебехун бахъидал, васасул эбел ТIадегIанасде вас цIунеян гьарделаго, гьесда цее накабазда чIана.

– Аллагьасе гIололъун чIваг–е! ЦохIого цо вугев дир дарман вуго гьав!.. Гьале васасухъ кьезе бачIараб гIарац-меседги, – анги абун, гьелъ йихха–хочун гужгаталда гъоркьан рачлихъ бухьун букIараб явлухъалъуса къватIибеги бахъун, гьесул хIатIазда цебе лъуна гIарцуца цIураб гьитIинаб таргьа, меседил хириял габуниб балеб рахас, кIилкIал ва лъабго баргъич.

– Дица вас гьавурав гьечIо нилъер халкъгун вагъизе. Дица вас гьавурав вуго ВатIан бокьулев ва гьеб цIунулев патриотлъун вукIине. Араб соналъул ахирал-

да армиялде ахIарав вуго гьев, нижер лъимал гьанире чачаналъе рагъизе ритIизе, ниж солдатазул улбул рази рукIинчIо. Солдатазеги офицерзабазеги бокьун гьабуларо рагъ, гьеб гьабула пачалихъалъул нухмалъулез. Нилъер улкаялде къватIисев тушман тIаде кIанцIун вукIаравани, нилъеца цадахъ лъугьун гьеб цIунизе кодобе ярагъ босизе букIана ва нилъер умумуз фашизм гIадин чIинтIизеги букIана. Дида бичIчIуларо лъиде данде Россиялъул аскарал рагъулел ругел?…

Дир кIудабаз ва дир инсуца гIетIги биги тIун, гIуцIараб ва цIунараб гIагараб Советияб ВатIан тIагIинабуна, пачалихъалъе нухмалъи гьабулел хилипчагIазул гъулбасалъ. Нилъ дандеги ран, рагъизеги тIамун, дов гьекъолдилев вуго…

– Дунги эбел–инсуца гьавурав гьечIо гIадамал чIвазе, – ян абуна ГIамирица гIурусай гьоркьой къинеги гьаюн, – дун гьавурав вуго ирсилал гIезаризе, гIадамазе лъикIлъи гьабизе, тIаде къо ккани тушманасде данде вахъине, дирго гIагараб ракь цIунизе. Ниж чачанал гIурус халкъалде данде гуро рагъулел ругел, ниж рагъулел руго Россиялдаса ниж теларилан рачIарал нужер аскариялгун.

Ниж чачанazда буго цо гIайиб: жив вижараб ракьалде рокьи цIикIкIараб букIин, гьелъие гIоло гIумру бахIарчилъиялда кьолеб букIин… Нужеца пачалихъ биххизабуна, нижеца нижер Республика биххизабиялдаса цIунулеб буго. Гьеб гьедин теларилан нужер хIукуматги буго. Советияб пачалихъалъул гIуцIи квешаб букIанинги абун, нужер хIукуматалъул хилипчагIаз гьеб биххизабуна. Гьанже гьезие къваригIун буго жидерго такъсириял рахъал рахчизариялъе гIоло, чачанал хъачагъаллъунги рихьизарун, Россия биххизе биччаялдаса цIуниялъе гьабулеб рагъ бугилан дунялалда лъазабизе. Гьеб цIунизе гуро кколеб букIараб, цIунараб гьеб Советияб пачалихъ биххизе биччачIого гIуцIун тIегьазабизе кколеб букIана, амма нужер хIукуматалъ гьеб биххизабураб гIечIого, панаги гьабуна…

Аскарияз нижер ракьалде бачIинабулеб балагь дурго беразда бихьун батила – янги абун, ГIамирица таманча гъампуралъуб лъуна, – гьеб дур месед– гIарацги нахъе лъе, – ян тIадеги жубана.

ГIурусай гIодой йиччана, хвалил кьер чIван букIараб гьелъул гьурмаде чIаголъи бачIана ва бадиса магIуги бацIцIун хIеренго абуна: «КIудияб баркала!»–ян.

Чачаназул бихьиназул хасият гьечIо тушман гьей ятаниги, чIужугIадан гIодоегIан гьаюн, гьелъул гьари нахъ чIвалеб, жиндир къуват букIин гьелда цебе чIухIун бихьизабулеб. Хасго чачаназул гIурус халкъалъулгун данде ккеялда иш букIана: гьезулгун гIемер ригьнал рукIана, армиялдаги, хIалтIабаздаги ва цIалулъги рахъарал гIемер гьудул–гьалмагъзабиги рукIана…

Гьоболлъун вачIарав гьез гьудуллъун нухав регIула…

Гьеб сордо эбелалъги васасги солдатал–асиразда аскIобги бан, Россиялъул авиация тIаде бахъиналде, рогьалида гьел Шоботире щвезаризе машина битIана.

– Клава, мун йихьула васасе гIоло гIумру кьезе хIадурай бахIарчияй эбел,– ян абуна ГIамирица эбел-вас нухда регIулелъул,– нижер умумуз гIемер биги гIетIги тIун, цIунараб, гьаб бахIарчияб чачаназул ракьалде рагъ гьабизе рачIарал Россиялъул аскариязда цадахъ, дур васги вачIарав вуго нижер ракълилаб халкъ чIвазе. Жакъа нужер Россиялъул армиялъ гьаваялдасаги гIодосанги кьвагьун, нижер ракълилаб халкъалде балагь рещтIинабулеб буго…

Цо дида бараб гьечIо гьал асиразул къисмат, дида тIадги Ичкериялъул командование буго. Дица цебеккунго гьезулгун дандбан букIана ва гьез дие ихтиярги кьуна, мун васасда хадуй рикIкIадаса ячIарай эбелалъул, хIурматги гьабун, дур вас нижеца тIад вуссинавила. Ниж чIвазе вачIарав дур вас дуе цIунизе бокьулеб гIадин, нижееги бокьула нижер гIагараб умумузул ракьги, гьелъул халкъги ва нижер хъизан-лъималги цIунизе. Ниж рагъухъабилъун гуро гьарурал, ниж гьарурал руго умумузул нух ккурал ирсилал гIезаризе, гIагараб ракь хIалтIизабизе ва гьеб цIунизе. Ниж рагъухъабилъун рахъинаруна нижер рокъове ярагъгун тушман вачIиндал. Гьев тушманасдаса нижер гIараб ВатIан цIунун хвел щвей– гьеб буго чачанасе хвел гьечIолъи…

Мун историкги йигелъул дуда гьеб лъикI лъала, щибаб гIасруялда Россиялъул пачазабаца нижер халкъалда тIад гьабураб хвалилаб зулму–хIалалъул. Романовазул заманалдаго гьезул зулму–хIалалде данде чIун гIасрабаз рагъана ниж. Гьезул квешлъи ахир-къадги бичIчIун, нужер халкъалъ Романовазул ирсилав, Россиялъул пача Николай–II тIаса рехана, гьезул империя биххизабуна. СССРги нужер пачалихъалъул бутIруз ва гьекъолдухъан Ельциница биххизабуна. Амма нижеца нижерго ракьги нижерго ВатIанги гIасрабаз тушманасдаса цIунана ва хадубккун цIунизеги буго. СССРалъул биххи сонаца лъугIине гьечIо, гьелъул рукIарал миллатазда гьоркьоб ракьа рехун, гьениб миллатчилъи тIегьазе буго. Киб миллатчилъи бугеб - гьениб рагьги камизе гьечIо...

Амма ниж нужер пачазабазда релълъун вахIшияллъун рукIинаро, нужеда гIалхуллъун рихьулел нижеца, мун гIадинай бахIарчияй эбелалъул адаб–хIурматги гьабун, духъа щибго босичIого, вас асирлъудаса эркен гьавула. Амма дуда лъан букIаха, тIад вуссун дур вас чачаналъе вачIани, гьесие гьеб жужахIалъул бакIалда чIезе букIин…

– ХIурматияв, кIудияб баркала буго нужее киналъухъго. Дида кинабго бичIчIун буго, амма гIадатияб халкъалда хIукуматалде данде чIун гьабизе кIолеб щибго жо гьечIого буго. Пачалихъалъе хилиплъарал бутIруз нижер гIадатияб гIурус халкъ къосинабун буго. Халкъалъе бокьун гьабураб гьечIо гьаниб, нилъер Советияб Чачаналъ рагъ. Гьанир рагъулел руго мискинзабазул лъимал, военкоматазе гIарац кьезе рес гьечIезул васал. Гьез Россиялъул армия жанисахун туризабун хвезабулеб буго. Бечелъиялъ гIорцIуларел пачазабаз гьабула рагъ, гьел цIунун рагъизе мискинзаби ккола… Гьал къватIисел пачалихъаздаса рачIарал рагъухъабазе гIарац щваралдаса щибго ургъел гьечIо, щал бергьаниги къуниги, гьезул нухмалъулезул аслияб мурад буго Россия накабазде ккезаби, нилъ цоцазулъ рагъи. Гьезул кинаб букIаниги, Россиялъул халкъалдехун гурхIел–рахIму букIунаро. Нилъерни советияб заманалъ букIараб цадахъаб гIумруялъул гIемераб жо цIунун хутIун буго: гьалмагълъиги, гьудуллъиги, гьоболлъиги ва лъай–хъвайги. Чачаназул васазда дагьал гIурусазул ясалищха ругел? Гьезул лъимал лъиде дандеха рагьилел?.. Гьел «наемникални» гIарцуе гIоло рагъулел ва жидер мурад тIубаралдаса нахъе унел гIадамал руго. Амма нилъ гьанир хутIула ва пачалихъалъул цIияв бетIер вачIиндал, гьес гьоркь вукIарасул политикаги какун, нилъеда гьоркьоб рекъел ва гьудуллъи тIегьазабула. Цинги, гьел къватIисел улкаби ахIдолел рукIуна чачаналъ рагъ гьаби гьеб Россиялъул кIудияб гьалатI бугилан, гьез гIисинал миллатал хIинкъиза-

рун, чIезарун ругилан. Гьезда божизе бегьуларо, гьезул мурад буго Россия биххи, миллатазда гьоркьоб кьватIел ккей ва букIараб нилъ - советияб халкъ рагъул цIадул коронир рукIин. Гьаб пикру цо дир гуро бугеб, гьеб буго Россиялъул бичIчIи бугел, ВатIан бокьулезулги пикру. Гьез абулеб буго чачаналъ гьабураб рагъ, гьеб Россиялъ жидерго такъсирчилъи бихьизабулеб мекъаб рагъ бугилан.

Дир поселокалда чачаназул щуго хъизаназ, гIумру гьабун гIемераб заман буго. Гьезул гIемерал лъимал нижер лъималазулгун гьудуллъиялда, дида цере цIалана ва жакъаги цIалулел руго. Нижеда цадахъ рукIиналъ гьел нижее чияраллъун рукIинчIо, нижее ВатIан букIана цо - Советский Союз. Гьанже нилъее щиб ккараб, щай нилъ гьал къватIиса пачалихъалги тIад релъизарун, цоцазулъ рагъилил ругел? Дир цIалдохъанги ва васасул гьудулги вукIана чачанав, гьев гьанив чIванилан хабар бачIиндал, нижер рокъоб къваридаб пашманлъи рещтIана. Ахир- къадги гьаб рагъ ракълидалъун лъугIуна, гьал чияр пачалихъалъул рагъухъабиги нахъе уна, метер нилъ нилъераллъун хутIула ва халкъазул гьудуллъи гIисинккун щулалъула. Хадур нилъ хутIула рагъ гьабуразда гIайибалги чIван, гьезул гьалатIал цIехолел. Амма гьенир хварал ва гIажизлъарал нилъеда тIаса лъугьинадай?

Гьаб дир сайигъат дица нахъе босани, дида лъала постазда ратулел армиялъулаз, яги милициялъулаз дихъа бахъизе букIин. Асирлъуде ккарав васасухъ кьезе бугеб гIарац–месед бугилан, дун гIода-чIвадун гьаридал, хIалалъ тана гьез дихъа бахъичIого.

Дие гьание ячIине кумек гьабуна нужер рагъухъабаз ва квине жоги кьуна… Баркала буго гьезие ва нужее дир адаб гьабуралъухъ…

Нухда рекIине гIураб гIарацги босун, хутIараб месед–гIарац гьелъ гьениб рагьда бугеб скамейкаялда тIад лъун тана…

## 6.

Алексей тархъан гьавун гIуралго къоял индал, асиразул гIагарлъиялъул гIисинккун хабар баккизе лъугьана, эбел– инсуца гьел гIарцухъ асирлъудаса тархъан гьарулел рукIиналъулги ва чачаназул асирлъуде ккарал рагъухъабазулгун хиса–баси гьабизе букIиналъулги. Асиразе гьеб букIана кIудияб рохалил хабар, амма сабру хун ралагьун чIезе кколеб, хIинцго гьабулеб тадбир.

Асиралги, цере гIадин, гьанже рохь баччиялда тIад хIалтIизарулел рукIинчIо, гьез росулъ жаниб рихharал мина– бакIазда тIад хIалтIаби гьарулел рукIана.

Алексей лъутаралдаса рагъухъабаз асиразда хадуб халкквей цIикIкIинабуна…

Олегидаса рагIадгIанцин ватIалъичIого, хадуса–хадув чIун вукIана Вахаги. Гьесдехун хIур хъвараб жо лъица букIаниги гьабулеб бугони, гьезие жаваб кьезе хIадур вукIана гьев. Олегицаги гьев лъимер гIадин веэдулаан, гьесие хIажатаб жо гьабулаан. Гьес бакIарараб махх- кIачIалъул кIунаби гIадин, берци–берцинал алатал гьарулаан. Гьелдасаги вохха-хинлъун Вахаги вукIунаан, гIадамазда гьеб бихьизабулев.

Аслияб къагIидаялъ, Олегица гIемерисеб хIалтIи ХIалиматил мина–бакIалда тIад гьабулеб букIана. ХIалиматилги гьесдехун жиндир мина–бакI базе вачIарав хIалтIухъанасде гIадинаб адаб-хIурматалъулаб бербалагьи букIана.

Вахаги воха–хинлъун вукIунаан гьев вачIиндал. Умумуз гIадада гуро абулеб букIараб: «ГIантав чиясе вокьиялдасаги ва рихиналдасаги цIунаги,» – ян.

Августалъул гьоркьоблъуда чачанлъиялда хабар тIибитIун букIана, хеккого рагъ лъугIинабиялъе, ракълилаб къотIи–къай Россиялъулгун гьабиялъе, тIадбан хIалтIи унеб бугилан ва гьелъул хIасилалда хIалуцараб рагъул инги гIодобиччан букIана. КIиябго рахъалъе бокьун букIана хеккого рагъ лъугIизе. Рагъул ин гIодобе буссине лъугьиндал, мугIруздаги рохьаздаги жидеего щулалъабиги ккун рукIарал Ичкериялъул ва къватIиса пачалихъазул рагъухъабазул цо–цо къокъаби гIодорлъабазда ругел росабалъе рачIине лъугьана. Гьединго, нилъеца бицен гьабулеб гьаб росулъеги рачIун рукIана гьел. Эркенаб заманалда гьез кверчжубараб рагъуе жидерго рагъухъаби ругьун гьарулел рукIана. Гьенире аскIоса гIебеде гIурусазул асирал ккедал, Кемалица жиндирго рагъухъабигун гьезул цо–цоял речIчIизе риччалаан ва гьез гьел лъикIалан руха–кIутIулаан, амма Олег живгун вагъизе вачIунарого, гьев цIукIалъунги гьавун, гьека–пунщиялда вукIунаан Кемал. Ваха цадахъ вукIиналъ Кемалил рес рекъолеб букIинчIо Олеггун речIчIизе.

– Олег, жакъаги нужер солдат вухун хваралъул бакIалде ккезавун вуго Кемалил рагъухъабаз. Воре мун цIодорго вукIа! Гьесие мун чIвазе къваригIун вуго, унге мун гьез ахIаниги гьел ругеб рахъалде, гьез бокьараб багьанаги батун, мун чIвазеги бегьула. Нуж нижер асиразухъ хисизе ругилан хабар баккаралдаса Кемалилазул нужеда тIад кверщел гьабизе ГIамирица толарого, рахIат бахъун буго. ЦIодор рукIа! – ян малъа–хъвай гьабуна кIодоца.

КIодоца Кемалил цIар бахъидал, цIакъ гIинтIамуна Вахаца ва гьесие мун чIвазе къваригIун вугин гьелъ абидал, гьев хъигъилахана, ханжаралда тIад кверги лъун, гьеб дагъаб къватIибги цIан, хIалуцун абуна: «Кема плохой, рус мой хорошо… Я Кема убу–ю!»

Кемалил гIурусазул асираздехун кIудияб рокьукълъи букIана, хасго гьесухъе щварал гIурус асирал гьес инжит гьарун чIвалаан, гьезда тIад хIал гьабун хIалбихьиял гьарулаан. Афгъаназул рагъухъабазе гIурусал чIвай ва асирлъун роси гьеб кIудияб рохеллъун, жидеца гьездаса къисас босулеблъун букIана. Гьез кидаго цебе лъолеб суал букIана гьел гIурусазе гIазаб кьезе жал риччаян. Амма ГIамирица гIурусазул асираздехун хIал гьаби гьукъун букIана, хасго жинца Олегие чIаго теялъе кьураб рагIи кьуричIого тIубазабулеб букIана… Чачанас бигьаго рагIи кьоларо, кьун хадуса холев вукIин лъаниги, гIумруялдеги бахъинабула.

Россиялъул аскариязухъе ккарал чачаназул асиразухъ хисизе анлъго мухъиласеги, лъабго сержантасеги ва цо офицерасеги рес щведал ГIамирица Олегида лъазабуна гьезул сияхI гьабун хех жиндихъе кьеян.

Олегица цо параялъ анцIго чиясул сияхIги гьабун ГIамирихъе кьуна.

– Олег, – ян абуна ГIамирица тамашаго гьесухъги валагьун, – дур цIар гьечIо гурищ гьаниб?

– Дир цIар хъвазе буго нахъе риччалел ахирисел дир солдатазда цадахъ, – ян къокъаб жаваб кьуна Олегица.

– Мун гIадал солдатазул тIалаб бугел, дур армиялъул командирзаби рукIа-

ралани цебего цойиде бачIине букIана гьаб рагъул ин. Амма гIарцухъ ричун росулел гьел рукIиналъ, жеги карщица кIал бухIичIел, гIисинлъимал гIадал, гIемер солдатал цебесеб кьерда рагъулел рукIиналъ гьел гъурулел руго, – ян абуна ГIамирица велъилаго.

ТIасиял къоязда, гьел жидер цIар сияхIалда арал асирал рачун ана чачаназул асиразухъ хисун нахъе риччазе.

Кинго хутIичIо Олег Кемалгун речIчIичIого.

Асиразул общежитиялдаса, дагьаб добегIан бугеб гьитIинабго майданалда, жидерго рагъулал ишазе, квер жубараб рагъуе рагъухъаби ругьун гьарулев вугев Кемалил цинго берчIвана, хIалтIудаса солдаталгун вачIунев Олегида.

–Ле, Олег! Дурго офицерасул цIарги къадру–къиматги гIодебегIан гьабичIого, мунго цIукIа вукIин дурго солдатазда бихьизабичIого, дунгун речIчIизе гьаниве вачIая цо! – ян абуна Кемалица вашукъго хьимхьидизе чIахIиял жиндирго кIутIбиги гьарун.

Олегица кинаб букIаниги гьесдехун я гIин тIамичIо, я бер щвезабичIо, упан цо рагIи абичIого,  таваккаллъиялда жиндирго нухда унев вукIана.

Кемалие гьеб рекIее гIечIо, цо параялъ гьев рукъун заралгун гьесда цеве кIанцIана ва  хадуб–цебе цо кIиго нухалъ гьесул магьдида бахинеги гьабуна. Данде кьабиялдалъун гьесие жаваб кьечIого, Олегица, ццинги къулчIун, зарал данде къана, килщазде хъахIлъи рехулеб хIалалъ.

Олегида кьабулебги бихьун, гьенив аскIов вукIарав Ваха  бахъун ханжаргун Кемалиде тIаделъана.

Чачаназул щивав чиясул бидулъ лъадарун букIуна умумуздасанго бачIараб жиндие вокьарав чиясе гIоло гIумру кьезе хIадураб, хIинкъи гьечIеб, бахIарчияб хасият. Гьеб хасият бидурихьазулъ хьвадулеб букIиналъ, Вахаги гIажизав вукIаниги, вукIана нахъе къай гьечIого, гьудул– гьалмагъасе гIоло гIумру кьезе хIадурав хIинкъи–къай гьечIев, бахIарчияб хасияталъул чачанав.

Олег гьоркьовги лъугьун, Ваха  гIодове вуссинавичIевани, гьезда гьоркьоб щиб ккезе букIараб КIудиясда лъала…

– Кема, ты плохой, рус мой хороший…. Во-он! Ухади!..

– Гьаниб бугеб ахIи-хIур щиб?–ян абуна  тIаде щварав ГIамирица.

–ЦIуяв, гьав дуе вокьулев гIурусасде дунгун речIчIизе вачIаян абидал, нуж гъуризе вачIарав гIурусазул асирасул рахъги ккун, Ваха ханжарги бахъун, диде тIаделъана…  талихI буго гьесул гьоркьов гьев гIурусав лъугьун…

– Кемал, гьесда релълъун нилъ рукIине бегьилищ?

– Бегьиларо, амма асирасул рахъ кквезе гьесги бегьилищ? Гьев гьедин тей нуж чачаназулги гIайиб буго. Дица гьанжеги абулеб буго цIукIа ватичIони, гьадав дур гIурусав дунгун речIчIизе виччаян.

«Дур гIурусав» – аби ГIамирида хIунсана ва ццин бахъана, амма хIал лъазе биччачIого, цо параялъ Олегиде бер щвезабуна. Гьесги жив гьевгун речIчIизе разияв вукIиналъе бетIерги гьанкIизабун, жаваб гьабуна. Квер жубараб рагъуе кIудияб гьунар букIана Олегил,_гьев Москваялъул рагъулаб округалда кIицIул чемпионлъун вахъун вукIана.

– Кинаб къотIи–къаялда рагъ гьабилеб? – ян абуна ГIамирица гIодовиччан.

– КинабгIаги гIорхъи гьечIого,  рагъизе руго цояв хвезегIан!– ян абуна Кемалица чIухIун.

–  Нуж гладиаторал гуро хвезегIан рагъизе.

– Дие гьев гладиатор вуго, дица гьев бацIица чахъу гIадин, гъанкъизе вуго, –ян чIухIун ахIдон абуна Кемалица.

– Гьав дуца рикIкIунарев асирас мун гъанкъулев вугони, тезе вугевищ, Кемал?

Кемалица жаваб кьечIо, амма гьесул гьалмагъзабаз жидерго мацIалда цо щибалиго щурана.

Гьеб гьитIинабго майданалда ахIи–хIур бахъиндал, цо параялъ гьенире ракIарана: бакIалъул гIадамалги, Ичкериялъул ва къватIиса улкабаздаса рачIарал рагъухъабиги, лъималги ва асиралги. Гьел киналго хIалаккун ралагьун чIун рукIана гьениб лъугьинесеб лъугьа-бахъиналъухъ.

ГIамирида бачIинахъего бичIчIана афгъаназул пикру ва гьелъ гьес чIванкъотIун лъазабуна кодоб кинаб букIаниги рагъул алатал тезе гьечIилан, бугеб ратIлил формаялда рагъизе тезе ругилан, цояв къеялъе мукIурлъизегIан.

Лъазабурабго кIиявго цеве вачIана  ва квер жубараб рагъде байбихьана. Рагъана кIиявго цоцазе къуркьи кьечIого, гъалбацIал гIадин. Цин гьас дов вацIана, цинги дос гьав вацIана. ХIелкал гIадин, хIула–ччукIун ва бица релъун рагъулел рукIана гьел. Кемалил тату бахъун букIин бихьидал афгъанал ахIдезе лъугьана, гьезие хIухь бахъиялъе замана кьеян.

ГIамирица гьезул мурад тIубазабуна. КIиго минуталъ хIухь бахъизеги тун, гьел судияс цере ахIана.

Олег цеве вахъине хIадурлъулелъул, гьесде аскIовеги вачIун,  афгъанас гьесул гIинда щурулеб рагIана ГIамирида къезе чIечIони, чIвазе вугилан.

– Олег, къезе чIани, чIвазе дица мун вукIин кIочон  тоге!, – ян ццидахун ва ахIун абуна ГIамирицаги.

Халат бахъунеб букIана гьезда гьоркьоб унеб  рагъ. Кемалил рахъ ккун гIив-гIав бачун ахIдолел рукIана рагъухъабиги афгъаналги.   ГIамирги гIенеккадго жиндирго асирасдехун цIайигун вукIана,   асиралги упан цо рагIи абизе кIвечIого, жанисахун командирасда хадур рухIардулел рукIана. Рагьун Олегил рахъги ккун,  хъват чIвалев  цого–цо Ваха вукIана…

Кемалица лъалаго дандиясул бохдузда гьоркьоб мал бахинабуна. Олег унтиялъул къуваталъ сукIа–рукIунги ун ,гIодов кквана.

– Кьабе! БетIер бухе! Гъанкъизаве!¬–ян ахIи бахъана рагъухъабазда гьоркьоб.

Вахал рахIат хвана, гьев цевехун гьункьана кумекалъе ине, амма ГIамирица ккун чIезавуна.

 Кемалица бетIерго-бетIер бухулеб букIаниги, Олег къуркьулев вукIинчIо, гьев къеркьолев вукIана унтиялде дандеги ва бетIер цIуниялдаги. Кемалица хIаракат бахъана гьесул габуралда хурхине ва гьеб параялъ Олегие рес щвана бугеб къуватги бакIарун, Кемал тIаса рехизе ва гьесда лъикIаланго зарал рахинаризе. Свакан рукIана кIиялго, тIокIаб хIухьбахъи гьезие букIинчIо, гьел рагъизе кколел  рукIана бергьенлъиялъе гIоло. ГIурусас гьев кIотинавуни,

гьелдалъун гьезда гьоркьоб кьаби лъугIина, гIурусав кIотун ккани, гьев гIумруялдаса ватIалъила. Гьединаб букIана гьеб кIиясдаго гьоркьоб унеб гурхIел гьечIеб рагъ.

Гьанже гьезда гьоркьоб кьаби унеб букIана хIалуцун, цоцазе къей кьоларого гIумруялъе гIоло. ГIурусасул тирилъиялъ тирхиялда хутIун вугев Кемалида кинабгIаги дандечIей гьабун бажарулеб букIинчIо.Гьев цIакъ свакан ва тату хун вукIана. Рес щварабго Олегица гIинтIа нахъа малги кьабун Кемал ракьалде щапизавуна. Щибниги вагъа-вачари гьечIого, хварав гIадин, гIодове рехун вугев гьесде сверун лъугьана рагъухъаби.

– Мой рус хорш, Кемал не хорош!–янги абун Ваха кIар–кIарун велъана ва Олегиде аскIовеги ун, воха–хинлъун гьесул бергьенлъи загьир гьабулев вукIана.

КIиго минут гIанаб заман бана Кемалица кIотун. Хадув тIаде вахъиндал гьев гьаругьинан жиндирго ретIел– ярагъалде аскIове ана ва гьеб ретIунев вукIана…

…Кьвагьи бахъана…

Гьенир рукIарал киналго кьвагьи бахъараб рахъалде ралагьана ва гьезда вихьана кодоб Макаровка таманчаги ккун, афгъан мацIалда цо щибалиго щурулев Кемал.

Таманча речIчIараб рахъалде ралагьидал, гьезда бихьана Олегие къолденлъунги чIун, Ваха хварав чи гIадин, ракьалде рехун унев…

Гьеб сурат бихьидал гIадамазда гьоркьоб хIалуцараб хъуди бахъана…

Тушманлъун вачIарав, гьудуллъун лъугьарав гIурусасе гIоло гIумру кьуна унтарав чачанас !

Ракьалдеги рехун, хварав Вахахъги ралагьун гьенир ругел киналго палгъарал гIадин, гIунун хутIун рукIана… ГIамир гIисинккун Вахаде тIаде къулана, къадаралде щун вугодаян гьесул бидурихьазул хал гьабуна…

ХIикмалъи!.. Лъавудаса ун вукIарав Ваха ГIамирица квер хъвайдал гIисинккун чIаголъун вачIана. Гьесул ругънал хал гьабулаго, талихIалъ, батана: габуралда бараб патроназул рахасги ва каранда бугеб чвантинир рукIарал нусалги рорлъун, битIун квегIаб кереналда тIад, хъалалъги къан гулла. ГIамирица гьеб носол цIутIиги базабун, нахъе бахъана.

Гулла бахъидал тирхун тIаде вахъана Ваха ва ханжаралда тIад кверги лъун, Кема я тебя убю –янги абун гьев цIехезе лъугьана…

Гьеб заманалда байбихьана мажгиталъул михIмаралдаса берцинаб гьаркьидалъун маркIачIул как ахIизе. Как ахIулеб рагIидал гIадамал гIодор руссун, сихI къотIун чIана. ЧIана гIунарав гIадин, как ахIиялъул адабги цIунун, Вахаги… Как ахIиялъул гьеб берцинаб гьаркьица гьесул ццидал цIураб цIорораб ракI, бакъалъ цIер гIадин, биинеги гьабун, гьеб хинлъизе лъугьана…

ЛъугIана как ахIун, гьеб ахIун бахъиналде Кемал гьенисан согIаб ва цIорораб ракIгун нахъе ана, амма Ваха рекIелъ хинлъигун хурхана Олегида.

– Мой рус хорош!.. Мой рус хорош !–янги абун гьес Олег данде къалев вукIана…

## ХАДУРАГІИ

… ва 1996 соналъул 31 августалда Хасавюрталда гьабураб къотІи-къаялда рекъон, Россиялъул Ельцинилаб хІукуматалъ хІукму гьабуна чачаналъ гьабулеб рагъ лъугІине тезе, гьениса Россиялъул аскарал нахъе рачине, гьеб жиндаго жиб чІараб Республикалъун статус кьезегІан заманалъ жибго тезе. Гьединго къватІисел пачалихъаз рикІкІунеб букІана гьеб рагъда чачанал бергьараллъун.

ЛъагІелги микьго моцІалъги ва анцІила анкьго къоялъги (14.12.1994 – 31.08.1996 сс.) букІараб рагъалъ кІудияб балагь рещтІинабун букІана чачаназул ракьалда: рихххун чІунталиде ккезарун рукІана росабигун шагьарал, хвезабун букІана росдал магІишат, чІван, лъукъа–къотІун, гІажиз гьарун рукІана аза–азар гІадамал. Амма бахІарчиял чачанал чармил ракІалгун хвезе хІадур рукІана къун чІезегІан…

ЛъугІана чачаназдаги Россиялдаги гьоркьоб букІараб кІудияб рагъ. Жидер васал гІадада чІвалеб гьеб рагъ лъугІин букІана тІолабго Россиялъул халкъазе бугеб кІудияб рохел. Рагъ гІодоб буссарабго, солдатазул улбул тІаде рахъана гьеб рагъда тІагІарал васал цІехезе.

Россиялъул васал чІвалеб гьеб балагьаб рагъ лъугІун цо чанго къоялдасан нижехъе гьоболлъухъ вачІана Воронеж шагьаралдаса, мехалъ кІудияв гІурусав, Олегил эмен Михаил Васильевич Кивиров.. Гьев вукІана жиндирго полкгун Афгъанистаналда букІараб рагъда тункІихарил махІги чІварав, гьелъул кьогІлъиги лъикІ лъалев полкалъул командир-полковник, гьанже запасалда вугев офицер. Гьес вачІинахъего, нижее баян кьуна жиндир вас асирлъун чачаназул пуланаб росулъ вукІиналъул ва гьарана гьев гьениса нахъе вачиналъе кумек гьабеян. Хасго гьес тІад чІун хабар бицунеб букІана дир хъизан Къурбандие. Гьесда лъалаан Кавказалъул руччабаз гьоболасул гьабулеб адаб–хІурматги, хІалкІун гьоболасул хъулухъ тІубалеблъиги.

Гьебго къоялъ нижер рес рекъана чачаназул гьалбадерихъе бугеб хІакъикъатги бицун хабар битІизе ва тІасияб къоялъ гьениса рачІана кІиго гьобол, гьенир ругел кІиго росдал бетІер. Гьезулгун гара–чІвари гьабулеб букІана Болъихъ районалъул ФСБялъул началник, дир хъизаналъул инсул вац Назир ХІайбулаевас. Гьалбадерица бихьизабуна салам–каламалдалъун инсухъе Олегица хъвараб кагъат ва гьелда хъван букІана жив тІад вуссине гьечІилан. Васасул хатІ букІин лъаниги, Михаилил гьеб кагътида божилъи букІинчІо. Рагъухъабазулгун ккараб къотІи-къаялда рекъон, Михаил гьелгун цадахъ васасда хадув вахъана. Гьезда цадахъ МухІамадов МухІамад Муртузовичасеги (квас) бокьана ине. Чачаназ рагІи кьуна кІиго къоялдасан, вас нахъе вачІаниги вачІинчІониги, Михаилги МухІамадги тІад руссун росулъе щвезаризе. Гьел абуни, лъабго къоялдасаги рачІинчІо. Назирил ва нижер рахІат бахъана.

– Цо гІилла гьечІого гьел кватІизе рукІинчІо, чачаназ кьураб рагІи жал хвезе рукІин лъаниги, гІумруялде бахъинабичІого толаро, – ян абуна Назирица таваккаллъиялда,– къасиги рачІинчІони, метер гьезае хадур рахъина.

ТІасияб къоялъ Назирица кьураб УАЗИК машинаялдаги рекІун, ниж, ункъо чи, нухда рахъана: дун, МухІамадов ХІусен, Беледиса Гъамбулат ва лъарагІав

шоферги. ЦIакъ хIинкъарал рагъалъ чIунтизарурал нухал рукIана гьенире унел. БитIун къалъул как ахIараб мехалда щвана ниж асирал ругеб росулъе. Гьалбадерица нижеда лъикIаб дандчIвай гьабуна. Чачаназ гIадин, гьалбадерие рахъун чIун, хъулухъ гьабулел гIадамал гьаб дунялалда гьечIилан абуни, дун мекъи ккеларо. Гьоболасул къадру–къиматалда адаб–хIурмат ва гьесул мурад тIубай, тIадегIанаб даражаялда гьаби, гьезул чорхолъ чаран гIадин, лъадарун букIуна.

Гъамбулатил хъизан гьаб росулъа чачанай йикIиналъги, гьесда гьезул мацI лъалеб букIиналъги, чачаназулгун гьабулеб гIемерисеб гара–чIвари гьезул мацIалда гьабулеб букIана. Чачаназул гIаданлъиялъул хабар ккун бугелъул, гьаниб бицен гьабичIого гIоларо дирго кIиябго бералда бихьаралъеги. Асирги гьесул эменги вачун къаси кватIараб гIужалъ щвана ниж Гъамбулатил гьитIинаб росулъе. Эмен гьесул хвалил бусада ватана, гIагарлъиялъ сверунги ккун. Ниж цояб рокъореги рачун, паракъалъизаруна ва Гъамбулатил хъизаналъ гьоболлъи гьабун, столалда тIад батIи–батIияб тIутI лъуна.

– Седа, – ян абуна дица, яхI гьабизе кIвечIого, магIарул мацIалда,– мун дидаса тIаса лъугьа, дур инсул ракьалде ахIичIого рачIарал гьал «гьалбал»- нужер тушбабигун цадахъ нужехъе вачIиналдаса.

– ТIаса лъугьарай йиго, гьоболлъун нилъер рагьде вачIарав чи, гьев тушман ватаниги, нилъер гIадаталда рекъон, къабул гьавизе ккола…

Чачаналъул гьеб къокъаб жавабалъ жанибе бачун бихьизабула умумуздасаго бачIараб чачаназ гьоболасул гьабулеб кIудияб адаб–хIурматалъул.

Гъамбулатихъ бараб гьеб сордо нижеца хабар–каламалда бадиб рогьана. Игорица гIемер жо бицана нижее асирлъуда ккараб, ва гьес бицараб дица къалмикьеги босана…

Гьалбадерица ниж асирал ругеб минаялъуре рачана. Гьенир ратана нижеда эменги васги, МухIамадги ва лъабго асирал–солдаталги. Нижеца Олегилгун лъай–хъвай гьабуна ва гьесда цIехана эменгун цадахъ мун гьаз нахъе виччалев гьечIевищан.

– Дунго вачIунев гьечIо, – ян абуна Олегица, хIеренлъиялда инсудехун нечадго берги щвезабун, – дица жаваб кьезе ккола дир солдатазул, гьезул ахирисев солдатасе эркенлъи щведал, дунги гьесда цадахъ вачIина…

– ГIамирил буюрухъ гьечIого нижер кинаб букIаниги ихтияр гьечIо гьал асирал нахъе риччазе, – ян абуна дир гьоболас, – гьев ичкериялъул нухмалъулез ахIун ун вуго, къаси кватIун вачIинеги бегьула.

ХIусенги МухIамадги ккараб хIакъикъат бицине, дунял рукIкIиналде, лъелго тIад руссун, рокъоре риччана, ниж абуни, ГIамирихъ ралагьун чIана. Къаси кватIун вачIана ГIамир. ГIамир вачIиндал, эменги васги ахIун ана гьес. Гьезда гьоркьоб щиб хабар ккарабали нижеда лъаларо. Амма лъала чачаназ гьалбадерил хъулухъ тIубачIого, тIад руссун ниж риччазе гьечIеблъи. Гьоболасул дора ниж къасисеб квен кванан рахъиналде, инсудаги васасдаги ва чачаназдаги гьоркьоб лъикIаб хабарги ккун, Олег асирлъудаса тархъан гьавуна.

Ниж нухда регIизе дир гьалбалги ГIамирги ва Вахаги рачIана.

– Мой рус хорош, мой рус хорош!–ян хIеренлъиялдаги абун, Вахаца ахирисеб нухалъ Олегида лазаталда къвал бана…

# ШигIру. Дир ахикъ тIегьарал манарша-тIугьдуз, рогьел рехулелъул, берал рагьана

Шагьри ХIАЖИЛОВА

## КЪИМАТАБ ГIУМРУЯЛЪУЛ ТАЛИХIАБ ТIЕГЬАЙ ЦIУНЕ

**Риидалил тIегьаялъ гьинкатан тIаде цIараб,**
**Рохьил рацIцIалъиялде ритIучI тIурун борчIана.**
**ТIогьолъ ругел хъархъазулъ гьеб дагьалъ гъапуллъана,**
**Гъугъадулел зобалаз гьелъий асар гьабичIо.**

**Гьелда цебе тIамуна рохьов вачIун чанахъан,**
**Чармил гуллица чIвараб гьелъул гьитIинаб бурутI,**
**ТIанчIил берзул тIелхалъан тIерхьун анин ккана бакъ,**
**Къанал тIад чIвараб къорлъун лъугьана гьалъий дунял.**

**Гьалъул ракIалдещвеялъ буго бацIазул гьужум**
**Рохьил цидул квачIакьа лъукъараб борчIараб куц.**
**РитIучI тIуркIун борчIана…**
**РагIана гьалда кьвагьи, зобгин ракь гьаргьадулеб.**

**Сверухълъиго махIцунеб кIкIуялъ рохь бецIлъун ана..**
**РитIучI цIакъ пашманлъана, пикрабалъ машгъуллъана.**
**ХIинкъи рекIел цIикIкIана.**
**ТIуризе кIолареблъи тIураб бохалъ бицана.**

**РикIкIадасан рихьула цIадул кIудиял хIубал,**
**зобалахъе рорхарал.**
**Беролел руго цIаял, атомалъул станция**
**Чернобылалъул биххун.**
**Рохьил гьутIби махIцелалъ хIал хисун щурщудана…**
**Мугъзада гIечгун унеб гIужрукъ загIиплъун ана,**
**Роржадулъ ругел наял ракьде роргун рачIана,**
**ХIинкъиги пашманлъиги ракьалда тIад бигъана..**

**Доба Япониялда Нагасаки гъанкъараб,**
**Хиросимаялъулги рохъо лъугьинабураб.**
**Яргъил хIалценалъ зулму ракьалда бекьараблъи**
**Лъаларел рохьил хIанчIаз кочIол бакънал хисана.**

**Гьезул бакъналъ букIана пашманлъи, лъугIел гьечIеб,**
**Гьезул магIилъ букIана ахIи гIумру бокьулин,**
**РахIмугин цIоб, хIалимлъи дунялалъе цIунейин,**
**ЦIвабзазул бакъул канлъи жидее гьукъугейин….**

**Гьеле гьеб заманалда Чернобылалъул цIадул**
**Чвахиялъ сверухъ ругел ракьал гьаргьазаруна,**
**Гьелегьараб кьвагьиялъ гIадамал чIван рехана.**
**Рохьазде, гIалахазде загьруялъул хьон хьана.**

**Долдаса сонал ана, экренаб дунялалда…**
**Амма нилъер халкъалда доб къо кIоченчIониги,**
**ГIасияб ярагъ гьаби халкъалъ рикIкIад гьабичIо.**
**Аза-азар гIумрудул рохъо гьабулеб ярагъ**
**Нахъа рукъзабазухъ лъун, хазиналъун цIунана,**
**ЦIи-цIияб рагъулъе гьелъ гIадамал ахIана.**
**ХIуриятазул цIаял ракьалда щулалъана.**
**….                 …..                 …..                 …..**
**Рохьил хIанчIаз, тIугьдуца, тIерхьун унеб бакъуца,**
**Инсан, дуда гьарула рахIму бугевлъун вукIа,**
**ВахIщилъи-гIасилъидул гъанситолъун ракь гьабун,**
**Кьалуй байрахъ борхуге.**
**Хвел гьечIеб лъикIлъиялъул канлъидул къимат гьабе,**
**Къиматаб гIумруялъул талихIаб тIегьай цIуне!**

## РИКІКІАЛЪУЛЕБ САРДИЛ АХИРАЛ ЦІВАБИ

**Дир ахикь тIегьарал манарша-тIугьдуз,**
**Рогьел рехулелъул, берал рагьана.**
**Щубил маржаналги тIанхазда жемун,**
**Зодил багIарбакъухъ гьел ралагьана.**

**Гьаваялда хIанчIаз рачунел бакънал,**
**Бакъул чвахидулъан лъедолел накIкIал,**
**РикIкIалъулеб сардил ахирал цIваби**
**Гьезул берцинлъиялъ хIайран гьаруна.**

**Гьезухъ урхъун наял, рогьел рехидал,**
**ГIалахал нахъа тун, гьоболлъухъ щвана.**

**Щубица хуларал гьезул квацIаби**
**ТIадагьаб гьуриялъ гьелчезаруна.**

**ГьацIулаб махIица хIайран гьабураб**
**Зодил нуралъ гьезда маржан жемана.**
**КьагIрил квасул угьарал халичаби гIадинал,**
**Зодил накIкIаца гьезий рачIун рагIад гьабуна.**

**ГIумрудул берцинлъийин, берцинлъидул кунчIийин,**
**Къиматал бакъул чIораз гьезда гъулбас гьабуна..**
**Гьаругьинан ана къо, къалъана сардил цIваби,**
**ЦIваби гIадал гвангъарал тIугьдуз къанщана берал..**

**Гьезул берзул тIелхалъе тIерхьун къо араб гIадин,**
**Зодил моцI гьезухъ урхъун, хIикматго балагьана.**
**Ракьгин зоб гIуцIун ругел камилаб куцалдайин**
**Кибго берцинлъи бугин гьелъ сардие щурана…**

**ДИНАЛЪУЛ ВАЦАЗДЕ ГIАЙИБ РЕХИЗЕ…**

**Диналъул вацазде гIайиб рехизе,**
**Гьезул гIунгутIаби къватIир гьурщизе,**
**Воре, гIедегIуге, диналъул вацал,**
**Гьезда чIор речIчIуге, диналъул яцал.**

**Beралда бихьичIеб бугин чIезабун,**
**Воре, тохаб рагIи кIалдисан унге,**
**Араб батанани, тавбуги гьабе,**
**Нижер загIиплъиян бералги гIоде.**

**ГIадада гIумрудул лахIзат биччаге,**
**Диналъул тIадкъаял тIуразе гьаре,**
**ЖамагIатал, ракълил нухазде рахъа,**
**Халкъал, лъикIлъиялъул канлъидулъ цолъе.**

**КЪОХIЕХЬЕЙ ЧУЧУЛАРЕБ**
**БУГО ЧИЛЪИ РАКЬАЛДА…**

**Гьаваялъул куркьбаз ккураб**
**зобалазул хIинчI кинигин,**
**ГIумру хех боржунеб буго**
**ахираталъул нухде..**

**Ракьалъул сухъмахъазда**
**захIмалъи бихьаниги,**
**КъохIехьей чучулареб**
**буго чилъи ракьалда..**

Чидай наку чIвазегIан
хвелин ният гьабурал
ЛъикIлъи цIунун къеркьолел
Руго васал ракьалда.
Халатал сардал, къоял,
къимат тIокIал пикраби ,
Как мажгиталда базе
унел лъелал, рекIарал.
Буго лъикIлъи ракьалда!
Лъаразул чили, чвахи,
харилъ тIогьол щурщуди,
ЩинкIун унеб бакъуца
моцIрой бикьулеб канлъи…
Буго рокьи ракьалда!

## БЕЦIАЛ НОХЪАЗУЛ СВЕРУЛЪ СУНАРЕЛ ЧИРАХЪАЛЛЪУН ДУР КИЦАБИ ЖАКЪАГИ ГIУМРУЯЛЪЕ КЪАЛЪУЛА

Имам Шамил жанив гIураб мугIрул улка - дир Дагъистан
КIвахI тун къачIарав лачен Инхоса ГIали-ХIажи.
ГIелмудул ралъдал чвахулъ лъададарав гIалимчи,
Намусалъ куркьбал кьурав Инхоса ГIали-ХIажи.

ПасихIаб каламалъул, камилаб пикруялъул
Канлъи шигIрудулъ лъурав Инхоса ГIали-ХIажи
ГIелмудулъ лъададарав, гIадамазе вокьулев
ГъазимухIамадил вас Инхоса ГIали-ХIажи.

Пагьму-лъаялъул тIегьай назмабазе гьурщарав,
ТалихIалъул канлъул нур гIолилазе бикьарав,
Жагьиллъидул щулалъи жинца щущазабурав,
ЛъикIлъиялда квер барав Инхоса ГIали-ХIажи.

КIинусго сонил сверел нахъа тараб роржадулъ
ШигIраби лъурав лачен - Инхоса ГIали-ХIажи.
Кагъат, щакъи къиматал тIерхьун арал соназул
КIалгIабахъ хIухьбахъизе цIалдохъаби ахIулев.

БецIал нохъазул сверулъ сунарел чирахъаллъун
Дур кицаби жакъаги гIумруялъе къалъула.
Адабияталда гъорлъ гIакъиллъидул нур лъурав
Къадру цIикIкIарав инсан Инхоса ГIали-ХIажи!

## СОЛДАТАСУЛ РАГIИ

КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун мех аниги,
Унтула дир гьинал ракI, доб кьогIлъи ракIалде щун,
РикIкIада хутIарал дир гьалмагъзаби цере чIун,
Рагъулал байдабазда хварал пикрабалъе щун.

**Щибаб лахIзаталда зобалаздасан
Ракьалде хьвагIулеб гIарададул цIа
Пулеметалъул гулбуз , гумпараялъ ,минабаз
Ракьалдасан унезда гъолеб бугеб хвалил цIа.**

**Къоло анкьго миллион чиясул рухI босараб,
Ункъо- щуго миллион тIагIарал, тIадруссинчIел…
Доб рагъул мухъдасан дун бох гьечIого вуссана,
Дун гIадин руссаралги цIакъ гIемерал рукIана.**

**Квер гьечIого руссарал, бер гьечIого руссарал,
Цо хъизан-рукъалдасан ункъо- щуго камурал.
БукIана рагъ гIасияб, гIумру хвалиде цIалеб,
Хвалил бицун рачIунел кагътил къадар цIикIкIараб.**

**Доб рагъулъ ВатIан цIуни нижер анищ букIана,
ЩинкIун унареб цIвалъун нижее гьеб къалъана.
РитIухъаб, тIадегIанаб, гIумру гIадаб хIажатаб,
Ниж гьелъий хилиплъичIо, ахир лъикIаб бачIана.**

**Берда ххулараб магIилъ бергьенлъиялъул къоялъ
Пашманлъиги рохелги цIвалъун кунчIун рукIана.
Доб къо жакъа къоялъги пикрабалъ цебе чIола.
ВатIаналде рокьиялъ гIумру, дунял къалъула.**

## КЪАЛМИЦА РАСУНЕЛ РАСЕНАЛ РУГО

**Дица хъвалеб шигIру рекIел тIугьдулъан
ТIун кагътида лъолеб канлъул тIегь буго.
Гьеб дун пашманлъидал яги йохидал
Гьоболлъухъе щолеб гьудуллъун буго.**

**ЦIакъго цIакъ къанагIат кагътида дица
Къалмица расунел расенал руго.
Гьезул кьерал, мухъал, сонал аниги,
РакIалдещвеяца ратула цIунун.**

**ЦIадирабазда лъун дур гIумру бугин
ГIумруялъ насихIат гьабула дие.
Дир шигIру - пасихIлъидул къамартIаб гIуцIи,
Гвангъарал пикрабазул хIикматаб квацIи.**

**Кавказалъул тIогьазда кенчIолеб гIаздал хIенехI,**
**Авлахъазда тIегьалел берцинал тIугьдузул махI,**
**МоцIрол канлъул нуралъул дуниялалде рещтIен,**
**ТIадегIанаб хIасрат, дур, борхатаб зодил роржен.**

**БОСЕЯ , ЦIАЛДОХЪАН, КЪУРЪАН КОДОБЕ**

**Босея , цIалдохъан, Къуръан кодобе,**
**Камилаб куцалда какиги чурун.**
**Къуръан - зобалахъан рещтIараб калам**
**Кумек хIажалъидал хIалай дуй щолеб,**
**Щваншинаб къоялда баракат лъолеб,**
**ЛъикIлъидул роржадулъ дур гIумру лъолеб.**

**ЦIи гьабея ният, свалаллагьу тагIаля гIалайгьи салам,**
**МухIаммад аварагасул суннат цIи гьабизе,**
**Аллагьасул рахIму_ цIобалъ мунго цIунизе,**
**РухIияб бечелъиялъ куркьбал дудаго гъезе.**

**ДАГЪИСТАН**

**Рорхатал мугIруца сверухъан ккураб,**
**Лъаразгун ралъадалъ берцин гьабураб,**
**Рохьазухъ, ахазухъ пихъал гьарзаяб**
**Мун нижей бокьула, мугIрул Дагъистан.**

**…Зобалахъан роржунел хехал, хъахIал къункъраби,**
**ХIоралъан лъедон унел хъахIал хIанчIи – хIанкъваби,**
**Борхалъуда сверулел си бугел мугIрул цIумал,**
**Берцинлъиялъ къвал бараб бокьула мун, Дагъистан.**

**ГIелмуялъ ракI гвангъарал гIалимзаби цIикIкIараб,**
**РитIухълъи гIадлу - низам зобалазухъе ккураб,**
**Зобал гIадаб хIикматаб Кавказалъул гьинал ракI...**
**Дир ВатIан мугIрул улка - аваданаб Дагъистан.**

**Къиматаб иман -ислам къарнабаца цIунараб,**
**РацIцIалъи-лъикIлъиялъул нур кинигин гвангъараб,**
**Бергьараб ритIухълъиялъ къолден жинда ретIараб,**
**ТIадегIанаб мугIрул ракь, бокьула мун, Дагъистан.**

## КЬИЛИМЕГІЕРАЛЪУЛ ТІОГЬИЙГИ ЯХУН…

КьилимегІералъул тІогьийги яхун ,
Дун ялагьун йиго ГІандаллъиялъухъ
Гьонода, Къорода - кІиябго росу
Гьелъул ахалъуда руго тІиритІун.

ТІадагьго роржунел мугІрул цІумаца
Гьезда тІасан тІавап буго гьабулеб.
Гьале борхалъуде лъедолел накІкІал
Гьезул рагІдукь бахчун бихьула Гъуниб.

Бергьараб махщалил устарзабаца
Бараб хъала гІадин мугІрузул тІалъи,
ЩІадал чвахи къотІун, тІад лъураб нуралъ
БатІаго берцинлъун бихьула жакъа.

Къваридал кІкІалалги, кьурул сирталги,
Гьезул ахалъуда чвахулеб лъарги,
Лъарал мухъда гІурал рохьал, ахалги
БагІарбакъул нуралъ руго лъалъалел.

ХъахІлъи лъаралдаса дида тІад сверун
ЧІирчІидулеб буго гьитІинабго хІинчІ,
Гьелъ бицунеб буго мугІрузул гІадаб
Берцинлъи жегиги жинда бихьичІин.

## ГЬУРИ БУГО ЗАНАЗУЛ ГОРСВЕРУЛЪ БОРЖАНХЪУЛЕБ

…Керчал гъутІбузул тІанхал хьвагІезе гьарулаго,
Гьури буго заназул горсверулъ боржанхъулеб.
Боржун ракьда рещтІараб тІадагьаб гъотІоркІоялъ
Гьанибги гІумру букІин буго загьир гьабулеб.

Аза-азар гІасрабаз зарбу кьабурал ганчІал
ЧІегІераб ракьде гьетІун, рунго кьватІ- кьватІун унел.
Аралъул нугІзал гІадаб, унелъул чирахъ гІадаб,
Гьезда хъвараб хъвай- хъвагІай буго бацІцІун лъугІунеб.

Ракьалъул сухъмахъазул ахир гьаниб батилин,
Тохлъизе рукІунгейин буго гьелъ хІинкъи кьолеб.
Гьаниб буго сихІкъотІи, сабру рекІее кьолеб,
Гьаниб буго гІадатлъи, гІумрудухъе квер кьолеб.

**Кьер-кьерал расеназул расанкIабаз сокIкIараб**
**БазаркъватIалда дунял жакъа релълъун бихьулин,**
**Дуниялалде руссун, ахират кIочонгейин,**
**Бакъвараб гъотIол тIогьиб хIинчI буго чIирчIидилеб.**

**Аза-азар анищал щущан ракьалдаги тун,**
**Ракьулъе лъугьаразул зигарди рагIуларо,**
**Зодихъе арал хъулби жидер мухъаз хисарал**
**ЦIорорал ганчIазулги гьезий рекIелгъей гьечIо.**

**Гьаниб гьечIо магIу-кечI, копой бицунеб хабар,**
**Херлъигин гIолохъанлъи цIехон бухъараб лахIту,**
**Месед-гIарцул гъурщаца тIубазабулеб хIажат,**
**МагIил гIорал тIуниги, тIад буссун щолеб гIумру.**

**Гьаниб буго ракIазе хIинкъи кьолеб щулалъи,**
**ЩинкIун ракьулъе араб рухI-хIалалъул балъголъи.**
**ГIумрудул къоял рикIкIун нилъейги кьурал ругин,**
**Хабалазул сверабахъ хер-тIегьалъул шуршуди.**

## ТАРИХАЛЪУЛ ГЪАСДА СУНАРЕБ ЧИРАХЪ

**Тарихалъул гъасда сунареб чирахъ,**
**Балагье , дир гьудул, дуй бакун буго.**
**Куркьбазухъ унелъул аралъул къиса**
**Къимат тIадегIанаб гьелъ цIунун буго.**

**ЛъикIлъиги квешлъиги батIа гьабизе**
**Гьунар дур батани, бичIчIила дуда,**
**Аралъул бицунел къиматал тIахьал**
**Къадру тIадегIанаб хазина букIин.**

**Сардие кунчIараб зодил цIва гIадин,**
**ГIор бахине лъурал кьоял гIадинан,**
**Буго чанги рагIи, ракьда цIунараб,**
**ЦIвабзазул гьими гIадаб, гIумруялъе хIажатаб.**

**Гьезулъ буго гIумрудул**
**къиматаб роржадул хатI**
**Жавгьар-якъуталдаса гьезул**
**цIикIкIараб къимат.**

ГIумруялъул нухазда гьеб дуе хIажалъила
Боржун заман аниги, араб гьез дуй цIунила,
Гьездалъун дур бажари, пагьму, лъай гIатIилъила,
ГIумрудул тIегьаялъе гьалмагълъи гьез гьабила.

## ИНСАН, МУН ГIАСИЛЪУГЕ

Хвалил гIазабалъ бугеб гъалбацIалъул тIинчI гIадин
ВахIшияб фитнаялъулъ Украина букIана.
Жалго жиделъ рагъулез цоцазухъа бахъулеб,
ЦIадул хIенехI кинигин, гьалдолеб гьеб букIана.

Байданалъул кIкIуйдуца кIотаразул зигарди
Зобалазда рагIана.
ГIасияб хвалил чадракь чапун унел гIадамал
Дунялалда рихьана.
Гьез букIана гьарулеб жидее хвасарлъийин,
Гьез букIана гьикъулеб щай гъурулеб халкъилан
Халкъалъ  тIаса вищарав Януковичги рехун
Украинаялъул халкъ цIадулъ лъолел щал абун.
ШвечIо гьезие жаваб.
ЖужахI ракьалда лъазе гьабурав Бандерол цIар
ЦIунулезул къокъаялъ жеги балъаргъана халкъ.
Балагьалъул тIадецуй цIикIкIунеб букIин бихьун,
ЦIиял бадеровцаз халкъ гъурулеб букIин бичIчIун,
Россиялъул бахIарзаз бана черхалда ярагъ,
Рагъ къотIизе гьабизе букIана гьезул мурад.
Рагъул горсверабалъе бащдаб дунял тIаделъун
Гьоркьоса къотIичIого, кьуна гIасияб ярагъ.

Украинаялда цIа  тIадеги гьалаглъана,
Гьудул тушман щив лъазе захIматаб хIал лъугьана.

Рагъулъ холезул гьари гьаниб щинаб лахIзаталъ
Зобалахъе бахуна, ракьда тIад тIибитIула,
БецIал окопазухъан мех -мехалда рагIула:
“Гьаб рагъуе ахир лъе, лъикIлъидухъе квер бегье,
РахIмудул адаб гьабе, халкъал ракълиде ахIе…
Инсан, мун гIасилъуге».

# Берзул канлъи арай кIудаэбелалъ Къойил къачIалаан школалде дун

**МухIамад**
**ДИБИРМУХIАМАДОВ**

МУХIАМАД ДИБИРМУХIАМАДОВ гьавуна ЦIунтIа районалъул Сагьада росулъ 1965 соналъ. ГьитIинго бижана адабияталдехун рокьи. Жиндирго рахьдал мацI батIияб бугониги, хъвадарула болмацIалда. КигIанги бечедаб буго гьесул кочIол тематика. Басмаялде бахъана кIигониги тIехь. Живго хIалтIулев вуго гIагараб росдал школалъул хъаравуллъун.

## НАСИХIАТ

**Дунял тун, къанабакье**
**Къадаралъ рачунел нилъ,**
**Къадараб гIамалалде**
**Мал хьвагIун рукIинарищ?!**
**Умумузул дарсазда**
**Наслаби куцаларищ,**
**Керен бухизе гьечIеб**
**Нухде гьел тIамиларищ?!**

**Абулмуслим шайихас**
**Бекьун тараб хазина-**
**Исламалъул аслаби**
**Бидулъе тIамиларищ?!**
**Нилъей нилъерго ВатIан**
**Эбеллъун букIинарищ,**
**Гьеб гIуцIиги цIуниги**
**ЦIаруе гьабиларищ?!**

## УКРАИНАЛДА ЧIВАН РОС ВАЧIИНДАЛ

**Вай, дир беразул канлъи,**
**Керен бащадав гьудул,**
**Панаяб дуниялгун**
**Тана гурищ дуца дун.**

**Къисматалъ данделъарал**
**Хъизан-лъимал рехун тун,**
**Къо лъикIилан къокъунев**
**Къанунгийищ букIараб?!**

**Вай, дир чорхол жангин рухI,**
**Жакъа бугеб къварилъи,**
**Берал къанщун жаназа**
**Къавулъе дур бачIиндал!**

**Диде ккараб раччи щиб,**
**БакIлъиялъул цIайи щиб?!**
**ЩIураб моцI тIерхьун индал,**
**Дунялалъул бецIлъи щиб?!**

**Вай, дир хьулазул квацIи,
КигIан хекко щущараб,
Щобда тIегьалеб тIогьол
Заманищ цIан букIараб?**

**ТIурачIел анищазул
Къвалакь ющун дун тараб,
ГIищкъуялъул квер чIвалеб
ХIуби щайдай беккараб?!**

**Ахирияб каламгун
Эбелгун гаргадидал,
Диде салам гьабизе
Замангойищ хутIичIеб?**

**Къадруяб черхалдаса
ЩIалеб хIухьел къотIидал,
Рогьалил цIва хутIана,
Мунлъун дунгун гаргалеб.**

**ХъахIаб чода цIал кьабун,
Кьолонив кьуркьудулев,
РикIкIадасан вачIунеб
Макьу щай дие тараб?**

**Дир гIумруялъул чирахъ
Сун ракьулъе борчIидал,
Балагь тIамун бандерал
ЧIорого хутIугеги.**

**Руччаби тун, бихьинал
НикIахI гьабун цолъулел
ЛутIил гIадаб къавмалде
Балагь щай бачIунареб?**

**Америкагун рекъон
Пасалъараб халкъалъе,
Халикъ, дуца сокIкIине
Россиялъе къуват кье.**

**Балкан кванан ругьунал
КъватIул гьаби кинигин,
Кьосун бугеб Европа
Къулизе гьабуларищ!**

**Дунялалда хIусудгун
ХIалай бахъараб НАТО,
Нахъе кьибил течIого
ТIагIине гьабуларищ?**

## БЕРЗУЛ ГЬИМИ

**Бокьун буго дие дур берзул гьими,
Кинго кIоченчIого даим хутIизе.
Хирияй, дунгун мун даим кидаго
Сверизе бокьула гьаб ракьалда тIад.**

**ТIогьолаб доб заман, нилъер дандчIваял,
БачIун цебечIола - чIаголъула ракI.
ЧIалгIунаро дида цадахъльи, гьудул,
Дунялго къалъула гьеб дур къадруялъ.**

**Сардилъ моцIрол канлъи, дие кенчIолеб,
Кинго хутIуларо хиялалъ кIочон.
Хвалица аниги, къоно чIваниги,
Хадув гIунтIила дун, кие аниги.**

* * *

**ГӀолохъанлъи тӀерхьиндал,**
**ТӀаде херлъи баккана.**
**Мун йокьун кьурдараб ракӀ,**
**Кьерилазулъ хутӀана.**

**Йигеб бакӀ цӀехолаго,**
**ЦӀадавецин кӀанцӀана.**
**Дуда кинго бичӀчӀичӀо,**
**ЧӀунтана дир дуниял.**

* * *

**Жидер гӀамал бихьун цӀадирабаца**
**ЦӀан кьела нилъей бакӀ, рекӀел хазина.**
**Гьениб махӀшаралда, гӀарасаталда,**
**ГӀамал бихьун, хъвалеб Къадирас хӀукму.**

## БЕРЗУЛ БАЛАГЬИ

**Дун пана гьавурай кьерилалдехун,**
**Кьурун буссун буго берзул балагьи.**
**Бищунго хирияб хазина гӀадин,**
**Ханлъулей йиго мун рекӀел тӀиналда.**

**Балай дуде цӀикӀкӀун цӀа дида гъолеб,**
**ЦӀураб моцӀ кинигин йигин кенчӀелей.**
**Хьулаз тӀаса йищун баккараб тӀегьлъун**
**ТӀезе хьулагъдула, квер гӀунтӀуларо.**

**ХӀежалда хӀохь балеб зам-зам иццул лъим,**
**Дирги букӀуна къасд къечон чӀеларин.**
**Къадруялда сверухъ тӀавап гьабулеб**
**ХӀажрул асвадалъухъ вуго гӀащикълъун.**

## КӀОДО

**Берзул канлъи арай кӀудаэбелалъ**
**Кьойил къачӀалаан школалде дун.**
**Партал бацӀцӀунаан вакӀарун чӀаян,**
**ХинкӀил жо кьолаан, вакъун чӀогеян.**

**Эбел-инсул гуреб, кӀодол тарбия**
**ГӀураб щвана дие дол арал соназ;**
**ХӀалимлъиялъулги хӀасраталъулги**
**Хасаб хинлъи тана гьелъул вагӀзабаз.**

**Дадаца малъараб къуръан гурони,**
**КӀодоца лъугӀараб мактаб рагӀичӀо.**

Бустан-ававистан мажмугI гурони,
МагIна гьелда лъалеб гIелму букIинчIо.

Хириялъ рицарал маргьабаздаса
Мисал босулеб нух чанги батана.
Берзул канлъи арай Байран-кIодоца
Канлъуде вачунел дарсалги кьуна.

Жий хведал, хабаде нух къосунгеян;
Зонохъ эхетизе кIочон тогеян
ЧIванкъотIун абурал гьелъул рагIаби,
Гъоркьа гъулги басун, каранлъ тун руго.

## МАКТАБ ЛЪУГIАРАЗДЕ

Жакъа мактабги лъугIун,
Лъаялъул кагъат щварал,
Лъалеб бугищ нужеда
Нухал рикьуда рукIин?

ХIисаб гьабулеб бугищ
Киндай гIумру тIамилин,
ТIад лъураб ххенеялъул
Хайир букIинеб хIалалъ.

Ихдал хьараб гурони,
БачIунаро хаслихъе.
Сапаралъ рахъунелъул,
Нухлул халалъи борце.

ЗахIмат бихьун босараб
Махщел рогьояб гьечIо.
Гьунаралда рекъараб
ЩIарги бецараб буго.

Нуж нухар регIулелъул,
РагIи абуравщинас
Рекъаб гIумру гьабизе
МалъичIилан абуна.

ГIалимзабилъун рахъа,
Вехьасул иргъахъ босе.
ВатIан кIодо гьабулеб
Байрахъ борхалъуда ккве.

Жакъасеб цIурмил гьаракь
Къосунге гIамалалда.
Къо ккедал гьебго гьаракь
РагIила гIумруялда.

## ГIАРЦУХЪ ЩВЕЧIЕБ ГIУМРУ

Дун къватIив вахъана къадар щвелалде,
ГIумруялъул тIанчал хисизарилин.
РекIелъ гьеб анищгун сапар бухьана,
Бугеб хIукмуялда хис-бас гьабилин.

Дий бокьун букIана тIад кьечIел къоял,
Къалмил цохIо хIуччалъ хIалад рахъизе.

Авалги ахирги гIуж лъун тараб нух,
Берда бихьулаго халат гьабизе.

Гьеб гьагаб пикругун, ракIалъ течIого,
Кьураб гIумруялда гIорцIи гьечIого,
ГIемерав тирана, тарих цIикIкIинин,
ЦIикIкIун дунялалда гIумру гьабилин.

ГIумруялъул роцен хисизе лъалев,
Лъай цIикIкIарав инсан дандего ккечIо.
Бугелда гIей гьечIев, гIайибал чIвалев,
ГIантаб пикруялъул чиго ватичIо.

Дунял халат кквезе хиял ккарав дир,
ГьечIищха ахIмакълъи, гIакълу кьуниги?!
Доба борхалъуда гвангъун гьечIищ нур
Сундулго кIул бугеб къуват лъаниги?

## ХЪАХIАЛ НАКIКIАЗДА

Доба борхалъуда хъахIал накIкIазда
Хъвалаан гьеб дур цIар, дида кIванани.
Цинги ралъдал тIинда, гIатIилъабазда,
ГIуцIилаан сипат, месед гIунани.

Сонал свераниги гIумру аниги,
КIвезе гурин дида мун кIочон тезе.
ГIищкъул гьалаглъиялъ рахъу кканиги,
Кепаб гьогьен щвелин гьал дир лугбазе.

Мун йихьизе бокьун хьулазул чода
Чан сапар бухьараб къайисверуде?!
РагIилародаян доб къоялъ дуца
Сайигъатлъун тараб лъабабго рагIи.

## ДИДАГО ЛЪАЛЕЛДЕ

Дидаго лъалелде ватарав лъимер,
Лъан бахъиналдего, гIолохъан гIуна.
ЖамагIатчиясул тIадегIанаб цIар
РекIун бахъиналде херлъун ватана.

**Зоб-ракьалъул гІелму хадуб гъолареб,**
**Хасаб къанун буго дуниялалда.**
**Дирго изнуцини хІажалъулареб**
**ХІасилги батула гьаб гІумруялда.**

## ГІАЙИБ ГЬАБУГЕ

**Дун цІакъав шагІиран щурарав гуро,**
**Шавкъалда щвечІеблъи дидаго лъалин.**
**ЛъикІаб нахъа тезе хІалтІарав дида,**
**Воре, баге гІайиб гІечІел рахъазул.**

**Кагътиде кІутІулеб къалмил камиллъи**
**Дидасан ккечІеблъи дурусго лъала.**
**Дирги гьаб хІалтІуе махщел гІечІеблъи**
**ГІайибал рачІого, виччан тани щиб?**

**Дун гІадинав шагІир щивасул рокъов**
**Ватизе бегьула, гІенеккун чІарав.**
**Къан кквезе кІолареб роччнов хурхарав,**
**Гьаб дир хІалихьалъи лъица хІехьолеб?**

**ХІурматиял чагІи, Адамил лъимал,**
**Лъай гьечІев дидехун хІусуд гьабуге.**
**ГІужде туманкІ щвечІев чанахъан вихьун,**
**Чанав вахъарасда раге гІайибал.**

**Кагътида тІад гъурал къансикІул бихьун,**
**Баге тІаде рогьо лъавукълъийилан.**
**Лъукъараб ругънаде цІам тІаде щвалеб**
**ЦІогьор камураб бакІ кибдай букІунеб.**

**ВакІлъаниги шагІир, веэдунги тун,**
**Тарих лъикІаб кьуни, квешиш букІунеб?**
**Кагътиде цІализе мухъал гІуцІулев**
**АхІмакъасда рагІи абун пайда щиб?**

**Воре, къалмиласде къаге рагІаби,**
**Къан кІалгун чІечІелъул хІинкъунги вуго.**
**ХІебтІизе кІвечІелде гали тІамурав,**
**ТІаде гьир бегилин сbooролев вуго.**

## ПИКРАБИ

Гьал дир пикрабазул къеркьей букIуна,
Къадир, дукьа нечон хIарамаб телин.
Амма дир напсалъул асирлъараб рахъ,
Рахъ-рахъалде къеркьон, къулун батула.

Нахъойги ракIалъул хIасратлъиялда,
ХIарамаб жо гьукъун, жендола къасдал.
Жибго гIумруялъул тараб нухалда,
Тохаб рахъ камичIел ратичIо дарсал.

Гьадинги балагьи чIалгIун букIуна,
ЧIухIараб балайгун бараб къвал кинан.
Амма гьал лугбузул чорхол гьаглъигун
Дун суризавулел рахъал ратула.

Цингиги анищал щущала ботIролъ,
ЩибгIаги хIарамаб рехун телилан.
Амма дир тавбугун тохлъи даимлъун,
Къадир, гьеб камун дун кинго хутIичIо.

ГIурччинлъун ахикьги тIугьдул раккула,
ТIегьан хадур гьутIбуз пихъ даим кьола.
Кьурараб къабихIаб къосиялда тIад
Къоно чIвалеб гьунар гьабе, дир Аллагь.

## ИЛБИСАЛЪ КЪВАЛ БАРАВ

Илбисалъ къвал барав, къоял тIерхьарав.
ТIадаб налъи кьечIев лагъ дун вугелъул,
Гьари буго дуде, хирияв Халикъ,
ГIафу гьабейилан гьав дур лагъасе.

ТIагIат гьабичIого тохго вукIарав,
Тавбу гьабун, гьанже дуде вуссарав.
Дин мукъсанго ккурав, камил гьабичIев,
Гьабе дие дарман, хIалкIолев Аллагь.

Дуца дару гьабун, сахлъун гурони,
Сабаб гьечIеб дир ракI гьабе кантIизе.
Тохлъарал лугбазе тохтур кинигин,
Дур амру гьечIого, тоге чIунтизе.

**ЧIобогояб гьабихъ ххеней гьечIелъул,**
**Хайирги букIинищ халкъалъе щолеб?!**
**Хвалил пикру дагьаб ахIмакъаб ботIролъ,**
**БетIергьан рехсейги камиллъилебищ?!**

**Кинабго дуца кьун, цIоб цIикIкIинчIони,**
**ЦIадиро бергьинги щакаб жо буго.**
**Кверщел гьабичIого, тIамунин къоял**
**Къадир, гурхIа гьагав хIалихьатида.**

**ХIакъаб къалмий гьунар гьечIонаниги,**
**Бугеб хатIа рехсон, хъвана хIурупал.**
**Исламалъул нуралъ ракI асирлъизе**
**ЧIобогояв гьав лагъ кантIизе гьаве.**

## КЪАДРУ

**Дурго къадруялда къоно тIамулеб**
**КъабихIал гIамалал тоге ханлъизе.**
**Тараб нахъ батулеб доб барзахалда,**
**Хадувккун вохизе вукIа берцинго.**

**Бикъа-хъамиялда мугьру тIад чIварал,**
**Таллагь, рохиладай хабалъе ккедал.**
**Хирияб рухIалъе къолъикI гьабидал,**
**Къаде босулеб жо гьабуге чараб.**

**Чангияс бухула хвалида керен,**
**Хиялаз ракI унтун, чIорого унез.**
**ЧIахIа мунагьазул гьирал ракIлъидал,**
**Разе бакI щоларин, рукIа берцинго.**

## ГIАЙИБ ГУРИЩ

**ГIайиб гурищ дида, дирго черхалда,**
**Чучун чан гьабурав чанахъанасда.**
**ГIатIидаб дунялалъ гьаган ккурасда,**
**Хиялал гIемерав ГIалиханасда?!**

**ГIумруялъул ургъел ахир дагьасда,**
**Дунял гьабулаго, гьунар гIечIесда?!**
**ГIибадат мукъсанго, къоял арасда,**
**Къадирасе хIинкъун, хIелун чIечIесда?!**

Хьулал халатасул хиянаталда,
Холеллъи лъалаго лъикI къачIачIесда.
Къанщилалде гьабун нахъе гьечIесда.
РечIчIун арал чIорал гIужде щвечIесда.

ГIайибазул гьираз гьобо цIурасда,
Гьелъул ххеней гьабун хайир ккечIесда.
Хвалда витIун ккелин тIуван ккечIесда.
Къулуларищ, гьаниве щведал,
Щинав тIад вукIав вачIаралъуве.

Огь, къваридаб лахIду, гурхIа мун, РахIим.
Ракьалда чIухIарав чIобогоясда.
ГIибадат мукъсанаб дур гьав лагъасда.
Дуде бугин гьари, гьабун те къабул.

## ЦОЛЪЕ, МАГIАРУЛАЛ

Цолъе, нуж магIарулал,
Данде къараб зар гIадин.
Къуват загIиплъаниги,
Завалалда букIунеб.

Цолъе цадахъ къулчIизе
Къварилъиги рохелги.
Цолъе къимат букIине
Къадруяб улкаялда.

Нилъ магIарулал рекъон,
Рикьуда къоно чIвани,
Къисматгун гIумруялъул
ГIажизлъи тIаса инеб.

ЩIияб баккулеб гIелги
ГIадлу бугеб лъугьинеб.
Нилъер щвараб тарбия
Таризе гьез телареб.

Цолъе нилъ, магIарулал,
Данде къараб зар гIадин,
Къудратаб гьаб ракьалда
Борхалъуда хутIизе.

МугIрузул кIкIалал рикIкIун,
Иццал цоцалъ журалел,
Жан къуватаб гIор гIолеб
ГIажаибаб ракьалда.

Нилъ магIарулал рекъон,
Къадарлъи нахъчIванани,
Къудратаб ВатIаналда
ГIумру берцин тIегьалеб.

ТIубанго гIадамазулъ
Мукъсанлъи тIаса бекун,
ТIерхьун арал улбузул
Ирс ккуралльун хутIилел.

Цолъе, нилъ магIарулал,
Данде къараб зар гIадин,
Къуват загьирлъанани,
Зодобе мали чIвалеб.

ЩIикарулел цIвабзахъе
Нухал гIатIид гьарулел.
ТIолго ресал ракъигун
Къварилъаби нахъчIвалел.

**Цолъе, нилъ, магIарулал.**
**Данде къараб зар гIадин.**
**Данде къараб заралъул**
**БакIлъи цIикIкIун букIунин.**

**Къо ккаралъуб батулеб,**
**КъваригIаралъуб щолеб.**
**Гъединал хIикматазулъ**
**ХIалхъублъи бегьулареб.**

**Цолъе нилъ, магIарулал,**
**ЯхIги намусги цIунун.**
**Дуниялалъул рокъор**
**ТаричIогоги хьвадун.**

**Камилаб тIабигIатгун**
**ТIадагьлъи нахъе рехун,**
**Халкъалъул кидагосеб**
**Хазиналъун хутIизе.**

## СУЛЕЙМАНИЛ ЖИГАР

**Гьанже кьижа, гьобо, гьабилеб щиб дуй,**
**Мун гаргазабулеб хур бекьи танин.**
**Гучаб гIумру щванин, шаклъи гьечIого,**
**Щвараб жо ххенанин, баркала дуе.**

**Нил гIорккун кьучI лъурав, Якъупил Юсуп,**
**Саназ гьебги танин, сабруялда чIа.**
**Сухъмахъ нух гIеблъидал мугIрул росабалъ**
**ГIемерлъанин ххараб гIатIиракьалъул.**

**Мун гIицIго теялъе таварихалда,**
**Хъвараб хIукму цоги букIун батила.**
**Цебеккун дур къимат мухъилъ букIанин,**
**Бекарабщинаб мугь гьабиганчIица!**

**Дур расаялъуса тIидул каршалъул**
**Килищ кIалдиб хъвачIев чиго хутIанищ ?!**
**ХIанкаласул гьабихъ хIарараб лъолъол**
**Урбеч кваначIого чIарав рагIанищ?!**

**Таманав ургъана гьанже Сулейман,**
**Гьобо къачIазеян нигатги гьабун,**
**ХIалакъас нилъ тедал, гьалъул чIаголъи**
**ЧIунтун теларилан рачел къакъана.**

**ГIентIеро бихьичIев Хантуевасги**
**Харбидалъун лъелаб кумек гьабуна.**
**Раква щибжояли лъачIев ХIамзаги**
**ХIажат ккани, хьолбохъ чIелин гьедана.**

Гьури пучIонани, махI бахъиларищ,
Росдал газа кьурда рекIи хIакълъана.
Лъар ганчIалъ басандун тезе бегьилищ,
Бачун рогIринибе буссинабуна.

ПатIица буцараб тIохол къай щвана,
Ражидалъ хинкI ччузе кIолевщинасе,
Вахъун Юсупица дугIа гьабуна,
Гьаб дур хIалкIолъиян БетIергьанасе.

Шамхалалъул гьабихъ ххенараб ролъул
ХинкIилни тIагIамго букIунго гьечIо.
Гьаб гьабиганчIица бекараб могьол
Карсуялъуса махI батIияб буго.

## ЯККЕЯ ЦОЙГИ

Хирияй, яккея жеги гордухъе,
Мун йихьизе бокьун, кьурун бугин ракI.
Ялагьея, гьудул, гьаглъарав диде,
Дур хиялал чIамун, чIунтулев вугин.

ЧIванкъотIун кье жаваб, жайраналъул лълъар,
Лъилъулареб ругънай батилин сабаб.
Сардалги къоялги дур хиялазулъ
Херлъулев лъаларищ, лъе дуца ахир.

Женалцин хIайранал хIикмалъи цIакъал
Билкъисил тах-бакIал дуй хIарамлъилищ?
ХIасрат дуде бергьун балай цIикIкIарав
ЦIан къвалакь вачани къалейищ хIакъикь?

Цогиги яккея йихьизе гордухъ,
Гьениб тIавап гьабун тIурун бугин ракI.
ТIуван гIодов ккарав дур узданлъиялъ
АхIмакъав хIакъикьа цIая къватIиве.

## КIУТIИЛИЩХА КЪАЛАМ

КIутIилищха къалам Къадирги рехсон,
Къварилъараб чорхол къасдал чучизе.
ХIабургъараб керен камилги гьабун,
Кколел гъалатIазе ахир  гьабизе .

**Чабхил иццги гьекъон къеч буссунедухъ,
Къалин тIад хIурупал хIажатги бекьун.
ХIалимав бетIергьан рекIелъеги цIан,
РикIкIаде гьабилин щайтIаналъул нух.**

**Араб гIумруялъул хIисабги гьабун,
Халикъасде вуссун, гьабизин тавбу.
ТIолго гьабунщинаб мунагь-хатIа тун,
Хилиплъараб керен чучилин кагътий.**

**Рисалат хъван буго хъахIаб тIанчида,
ТIаде босун телин, турпалаб жайран.
Жаниб ракI бецIцIулеб РахIманасул нух
ШаригIат-тIарикъат тIегьазе лугбалъ.**

**ТIолго гьаб ракьалда кьун бугеб магIдан
Расуласухъ щвараб гьабизин шукру.
Щибав инсанас жиб къабул гьабидал,
Къадирас цIунараб АхIмадил уммат.**

**ХIакъикъияб нухккун керен чучизе
Улбулги квегъараб хирияб ислам.
Кьалда къо хIехьолеб къолден кинигин,
Къан унел ругъназе батулеб дарман.**



# *РекӀее гӀагараб доба магӀарухъ…*

## «ГЬАДИНАБ ЖОЙИЩ ГЬАБ ГӀУМРУ БУКӀАРАБ…»

***(ЖабрагӀил ХӀасановасул хӀакъалъулъ пикрабиги ракӀалдещвеялги)***

*** * ***

**«Гьадинаб жойищ гьаб гӀумру букӀараб,**
**ГӀурччинаб ихилан дир хиял ккараб,**
**ГӀадамасул гьумер гьимараб мехалъ,**
**Цо хӀилла батилин хӀинкъизе ккараб.**

**…Гьадинаб жойищ гьаб гӀумру букӀараб,**
**ГӀуруца жиб аяб, дир ракӀ унтараб,**
**ЦӀвак-цӀвакун зобалахъ цӀвабиги ругеб,**
**ЦӀар ахӀун ватизе гӀаданги гьечӀеб.»**

*** * ***

**«РекӀее гӀагараб доба магӀарухъ**
**МагӀу баккуларо, би гуронани.**
**Бергьенлъи босарав вукӀуна дова**
**БукӀине кколеб жо лъугьарав гӀадин.**

**…Доба гуреб гьечӀо хъала АхӀулгохӀ,**
**Инсаният жинца пана гьабураб…**
**…Доя гурей гьечӀо магӀарул чӀужу,**
**Бихьинчи нечарав жиндир гьунаралъ».**

## ЭБЕЛАЛДЕ

**«Дуда эбелалъул берал рихьанищ,**
**Балагьун гӀорцӀичӀел гӀумруялъго духъ?**
**Дуда эбелалъул кверал рихьанищ,**
**Кинабго дуе кьун, ракъван тӀагӀарал?..**

**…Эбелилан абун, Аллагьас йижун,**
**Ракьалде биччараб Бичасул хӀикмат,**

**Мун вихьараб мехалъ кIудияй гIолей,**
**Дуца тараб мехалъ гьитIинлъун уней».**

***

**«Гуро, гьудул, гуро, дуниял гуро**
**Дуда бичIчIулареб, дида лъалареб.**
**РичIчIуларел чагIи руго гIадамал,**
**Я кIудиял гIечIел, я гIакълу щвечIел.**

**Гьал, сонал анагIан, согIлъун гурого,**
**Ссудуларел курмул, канлъичIел берал.**
**Гьал, бидухъ гурого, лъехъ гIащикълъичIел**
**ГIасияб мехалъул мехтарал лъимал…»**

***

**«Щай гьабураб?» – абун жинца абичIев,**
**Жанисан Авараг араб дуниял.**
**Щиб къваригIун, гьудул, гьаб нилъер дагIба?**
**Досие гIураб жо гIоларелищ нилъ?..»**

## АХIУЛГОХIДЕ

**«Гьабищ доб АхIулгохI…МагIарул УхIуд,**
**МагIица халкъалъул гьумер чурараб?**
**Гьанибищ, дир гьудул, дир умумуца**
**Аллагь тун нахъияб нахъегIан тараб?..**

**Гьанибищ букIараб кIкIуйдул цIураб зоб**
**ГьитIинаб магIарул дир миллаталда?**
**Гьанибищ гIарада гIергIезабураб,**
**ГIагараб Дагъистан, дур кереналде?...»**

***

**«Гьал михъалги кIкIварал, тIажалги къарал,**
**ТIад бугеб парзалъул ургъелги тарал,**
**Бульварал сверулел, барал мерхьунел**
**Бихьинал рукIинчIо Шамилил рагъда.**

**Гьал чIинчIалги чIвачIел, каралги ххарал,**
**Керенги бетIерги бакъалда лъурал,**
**Гьал эгъе борхатал ясаца гуро**
**ЦIунараб АхIулгохI имамгун цадахъ.**

**Гьал бащдал толохIоч къватIахъ рихьулел,**
**Рахьдал мацI лъаларел лъималги гуро**
**Улбузул хьолбода, хунжрулги рахъун,**
**ХвезегIан рагъарал гъазаваталда…»**

## ДАЛАЙ-ДАЛАЛАЙ

**«Гьаб нилъер векалъул пикру гьабидал,**
**Бикъулел, хъамулел хъурмал рихьидал,**
**Дарман къотIарабго, къо бухIарабго,**
**Дица ахIун тола: далай-далалай…**

**…Реццун ругьунлъарал хIакимзабиги,**
**ХIелхIедун ругьунал гьал гIадамалги,**
**Бихьинчилъи гьечIеб гьаб гIаламалде**
**Дица ахIун тола: далай-далалай»…**

## ТIАДЕ РАХЪА, УМУМУЛ

**«ТIаде рахъа, умумул,**
**АхIи балел руго ниж**
**ЧIагояз тIуралареал**
**ТIалабал гIемер ругин:**

**Холезул ургъел гьечIин,**
**Хваразул адаб гьечIин,**
**Ханлъи бокьарал ругин,**
**ТIаде рахъа, умумул.**

**…Тушманасул боялда**
**Бадиб къараб магI гIадал,**
**Борхатаб къадруялъул,**
**Къуватаб лагаялъул…**

**ТIаде рахъа, умумул,**
**АхIи буго нужеде,**
**ГIорцIидал гIадамазе**
**Лъугьунеб жо бихьизе».**

Гьал, дица тIадехун лъуралщинал шигIрабиги шигIрабаздаса мухъалги руго дица жидер авторасул цIар рехселалдего чанги магIаруласда рагIарал, ахирал соназда чанги мажлисалги жидехъ гIенеккарал, гIенеккун гурелги, жидеда рекIехъе лъалелги, лъазего лъачIого пикрабазулъ рессун ратаралги. Цо-цо цIиял шагIирзабаз жидерго кучIдузулъ хIалтIизаруралги, жалго шигIрабазул цIаралгицин, расги хисизаричIого, жидерго цIаразда гъоркь хъваралги…

Гьал шигIраби руго Шамил районалъул Гъоркьа Бакълъухъа, жиндир мунагьал чураяв, кутакалда нилъерго миллат хириявги, гьелъул багьадураб тарихалъ гIумруялъго каранда ракI твархезабуравги, жинцаго абухъе, МагIарул УхIуд – АхIулгохIалъ гьебго ракI гIеккезабуравги, бахIарчиял умумузда цеве, миллаталъего гIоло, гьелъул наслабазего гIоло налъулавлъун живго вугев гIадин, гьелъие къуларав ворхичIевги, ТIадегIанав Аллагьасул цIарги ахIулаго цIадулъе араздаги, гIурулъе кIанцIараздаги гъорлъ, гъазизабазда цадахъги вукIун, заманаялъ нилъее гьеб киналъулго бицине, бицун течIого, гьеб рекIелъе, би-

дулъе тIезе БетIергьанас вищун кьурав гIадав, щокълъиялда цадахъ магIарул мацIалда унго-унгояб магIарул кечI хъвазе бергьараб гьунар кьун букIарав ЖАБРАГIИЛ ХIАСАНОВАСУЛ.

КIудияв шагIир ЖабрагIилил гьал шигIраби дица росана гьесул «Асарал» абураб гьитIинаб тIехьалдаса. Амма гьел киналго дидагоги рекIехъе лъалел-ги ратана, кIинусго гьумер бугеб гьеб тIехьалъул гьаб макъалаялда рехсезе гуреб мухъги батичIо… Макъалаялда лъураб цIаралъулги гьелъул байбихьуда гьел шигIраби лъеялъулги мурадги цо букIана: гьезул автор щивали цIалдо-лезе рагьиги, ахиратальул рокъов вугев гьев гъваридав магIарул шагIирасул шигIрабазул мухъалги магIнаги цIираккарал «шагIираз» хIалтIизари тезе мех щун букIин загьир гьабизе бокьиги. ГIурусазул хъвадарухъан Гоголица абун буго: «Берцинай яс тIегьалда тIоцее релълъинаюрав шагIир – шагIир вугила, гьеб дандекквей такрар гьабурав – шагIир кколарила»…

Цойгиги гIилла буго гьел шигIраби дица байбихьудаго лъеялъе: гьади-нав шагIирасе къимат кьезе лъугьине ккани, дир махщел я гьесдаса бергьараб букIине ккола, ялъуни дагьабгIаги гьесулалде гIагараб букIине ккола. Абизе кIола цо жо: жакъа къоялъ я дир, я цойгиязул гьеб гьечIо. Гьеб бихьизабулеб буго гьесул кучIдул цо-цоязул рекIелъги пикрабалъги рессиялъ, гьездаса тIун бажарулеб гьечIолъиялъ, ай дицаго какулеб бугеб гьаб гIурус рагIиялъ-пла-гиаталъ (нилъер мацIалде буссинабизе бокьун гьечIо… Нилъер миллаталъул кочIолаб рагIул борхалъиги гъварилъиги, жибго гьелъул тарих гIадаб, цойги миллаталъулалдаса кутакабги цIакъабги умумулъанго букIиналъги гьелъул ку-так суризабулеб рагIи гьеб плагиат букIиналъги).

ШагIир ЖабрагIилилги, миллаталъул бидурихь гIадав магIарулав Жабра-гIилилги хIакъалъулъ ракIалдещвеязул макъалаялде сверизе биччан толеб буго гьабги.

Щай?! Щай гурелъул Аллагьас хъван ватана дир гIумруялъе дир хъвада-риялъул пишаялъул байбихьудаго гьев, гIолохъанго кутакалда гIакъилавги, шигIруялъе доб мехалъго бергьараб гьунар бугевги кьерилав (гьаб «Асарал» тIехьалда руго гIолохъанго ЖабрагIилица хъван рукIарал шигIрабиги, гъоркь сон хъван гьечIониги, ниж цадахъ цIалулел рукIараб кIиго соналда жанир хъ-варал, амма гIумруялъул ахирал соназда хъвараздаса даражаялъ нахъе ккечIел).

ЖабрагIил вукIана цIакъ гIадамал хириявги гьезие хириявги чи. ЖабрагIил вукIана гьудулзаби гьечIого гIоларевги инсан. КIиабилеб курс цIалун бахъи-негIан университеталъул филологияб факультеталъул гIурусгун-дагъистанияб отделениялда гьев хутIичIо галаби тIамизе рес кьечIеб унтуца… Амма гьеб дагьаб заманаялдагицин мугIалимзабазулги цадахъ цIалулезулги ракIал гIатIид гьаризеги рацIцIад гьаризеги цо хIикматаб гьунар кьун букIана гьесие. Гьев лъаларев чиги, факультеталда гуребги, университеталдагоги вукIун ватиларо. Рилълъин гIажизав, вихьизе гвангъарав гьечIониги, гьев сверун ккун, гьесул бег1ераб махсароялъ кверде росун, макънатIисалъ гIадин, гьесухъе цIадарулел рукIунаан киналго.

Дарсидаса цIумур кьабурабго дун йигеб аудиториялде рагьун нуцIагун: «ТубхIат! На выход!» – ин ахIулаан гьес, мугIалимасул санцин гьабичIого. Гьес ахIараб мехалъ, цоги нухалъ ахIизегIан тани, цо-цояз, «Нилъер шагIирзаби»

- йин махсаро цадахъал ргIаби абилалде, дун коридоралде щолаан. Перерывалъул заманалда жиндирго «каранда кьабгIелеб бугеб» цIияб кечI цIализе гьеб бичIчIизе кIолей студентка-магIарулай, шигIру хирияй гIадан доб мехалъ цIалулезда гъорлъ дун гурей йикIинчIолъиялъги батила, гьесухъ гIенеккун дунги, дихъ гIенеккун гьевги рихьи гIадатияб сурат букIана киназего. Амма, гIел бащадал ругониги, гьесул кечIалдаса «нечолаан» дир кечI, гьес какиялдаса, экзаменалдаса гIадин, хIинкъулаан дир сарин. Сон анагIан бичIчIана дида Бакълъухъа ЖабрагIил дие магIарул кочIол гIелму рекIелъе тIолев, гьеб гIелму жиндирго бидулъ бессарав, сахлъи кьечIелъухъ Аллагьас хIикматаб гьунар кьурав, рагIул бегIерлъиялъ цойгияздаса батIияв инсан вукIин. Гьанже ургъараб мехалъ пикру гьабула гIадада рукIун гьечIин Аллагьас нижер гIелги гIумруялъул нухги релълъинабурабин. Щай гурелъул нижер кIиязулго пикрабазулъги ракIазулъги аслияблъун, кечI цIалулеб мехалъ дуниял кIоченабулеблъун, бералги къанщун, квералги хьвагIун кучIдул цIализе ниж тIамулеблъун, жинда кинабгIаги асар бащалъулареблъун букIана ва хутIана хирияб миллаталдеги, гьелъул тарихалдеги, гьеб тарихалъул аслулъун вугев ТIадегIанав Аллагьасдеги рокьи… Гьеб рокьиялъ гьавуна ЖабрагIил гIолохъанго бергьараб гьунаралъул ШагIирлъунги, Аварагасул хIадисалда абухъе, ВатIан бокьи – иманалдасан букIиналъ, жибго ватIанги – баракат букIиналъ. Гьесул «Асарал» тIехьалъ жинцаго рагьула гьеб пикру. Гьеб баракат жиндиргоги къалмилги ракIазулъ рещтIиналъ бергьана, халкъалъе хиралъана, щиб замана бачIаниги хIажаталлъун, цIехолеллъун лъугьана гьесул асаралги. Цогияз хъвалел, риччалел рикIкIен гIемерал тIахьалги шигIрабиги гIодор лъун, регун ругеб мехалъ, дидаго чан чияс гьарулеб гьесул цогIаги тIехь жакъаги.

Гьедин, цIарал-шапакъатал цIехолел цойгиялги тун, ЖабрагIилил шигIраби цIехолел адабият бокьулел магIарулал рукIиналъги бицуна гьес дунялалда тараб лъалкIалъулги, я гьаниб лъиего пайда гьечIеб, я доба жидеего батулареб гIадада хъвадариялъ гьел цойгияз лъеда полоп гIадин инабун батараб гIумруялъулги. Гьесул гIадаб шигIру лъугьине ккани, гьевлъун рукIине ккола… ТIадехун рехсовухъе, гьесул гIадаб рокьи букIине ккола магIарул рагIудеги, гьесул гIадаб гIищкъу букIине ккола нилъерго миллаталдеги, гьесие гIадин, гIодулаго хиралъизе ккола АхIулгохIги; гьев гIадин къулизе ккола жиндирго миллат цойгияздаса борхалъизе гьабурал гьелъул имамзабазеги, гьелъул устарзабазеги, гьезул баракаталъ ккун бугеб гьелъул къисматалъеги; гьесул гIадин гиризе ккола магIу гьеб киналъулго къиматги гьабуларел, гьелъул къадруги цIунуларел «гIасияб мехалъул мехтарал лъимал» рихьунги, гурхIел тIадегIанав Аллагьасул сабруялъул хIисаб гьабунги…

Цеве чIола ЖабрагIил, гьеб киналъулго пикрабаз бакIарараб, бицине кIолареб, рехсон бажарулареб, малъкъосиналъ керен къакъалеб, гьадаб цо, магIил гороян жинда абулеб, дунялалъухъги валагьун, гьелъул хIакъалъулъ ургъел бикьизе щоларел, регIун гьечIел гIадамазухъги урхъун, «цIвак-цIвакун зобалахъ цIвабиги ругеб, цIар ахIун ватизе гIаданги гьечIеб» лахIзат, зодоб бакъ бугонигицин, бачIанщинаб къоялъги, унебщинаб моцIалъги, лъугIун батараб соналъги, жинцаго гIадамазухъе гали базе рес гьечIолъиялъ, гордухъан гурони,

бихьулареб гургинаб дунялалъулги, гьанибго толеб гьелъул хIисаб гьабуларел гьезулги хIакъалъулъ пикраби цолъун, лъимцин къулчIизе биччалареб магIил гIомоялъ мукъулукъ бацарав, столалдаги чIарбидаги, лъукъарал къункъраби гIадин, тIиритIарал, къваридал, пашманал шигIраби берцинаб хатIалъ тIад хъварал тIанчазухъги валагьун…

ЦIала-цIалараб кечI чIарбиде «боржине» биччалаан ЖабрагIилица. Гьел кучIдул гIадамазухъе роржине, басмаялда рахъизе ккелин киданиги ракIалдеги кколароан. Гьудулзабазе цIалулаго гьел гIенеккун чIаниги, цIалун хадуб гьезул пикру лъаниги, гIолаан. Эдинги живго гIадав судияв жиндирго кучIдузеги ватулароан, гьаб бакI лъугьун гьечIин, нужеца щай абуларебин, дица нужеда гIадинин, доб лъугьинчIеб бакI лъугьинабизе ургъулаан.

ЖабрагIилил кучIдузда бижизабуна ТIадегIанав Аллагьас гьесул бохдузе кьечIеб рухI, гьесул рекIелье тIуна БетIергьанас гIадамал кантIулеб рагIи абизе шавкъ, гьесул ботIролъ бекьана Аллагьас унго-унгояб, бацIцIадаб, боцIиялъ беццлъаразе канлъи рагьулеб пикру, рагIарабго гIенеккарасул рекIельги ботIрольги хутIичIого рес гьечIеб, кечIалъ тарбия кидаго кьолеб букIараб магIарул халкъалъе хиралъараб, бигьаго ургьибе унеб гIакъиллъи хасиятаб ШигIру.

Гьединлъидал гьесул шигIраби тIехьалдаса цере роржана халкъалъухъе, халкъиял кучIдул гIадин, авторасул цIаралдасаги цере тIиритIана магIарулазда гьорлъ (цо-цо шагIирзабазул, цIарал гурони, бадир-кIалдир къаниги, шигIраби халкъалда рагIичIеб мехалъ). Гьесул кучIдузул гьайбатлъиги гъварилъиги цойги миллаталдаги бихьизе, нилъер адабияталда жакъа байрахъулаблъунцин лъугьун бугеб, гьелъухъе жинцаго нух бахъараб ЖабрагIил ХIасановасул шигIруялъ гьелги асир гьаризе, гIурус мацIалде руссинаризе ккелин пикру бачIарай дун, дагьай ургъидал, рекIекълъана. Цониги таржамачи-шагIирасда ЖабрагIилил рагIабазул гъварилъиги, гьесул рахьдал мацIалъул бечелъиги, гьелъул хасаб гугьарги гIурус мацIалда кьун бажарулареблъи бичIчIана (ЦIадаса ХIамзатилги, ЧIанкIалги, ГIалихIажиясулги, МахIмудилги гIадин). Хасго АхIулгохIалдеги имамзабаздеги гьарурал шигIраби… Гьебги буго ЖабрагIилил хъвадари унго-унгояб, нилъерго мацIалъул халкъияб кочIол хаслъиялъги кочIолаб гIелму гьесда, дунялалъулго адабият цIалун хадуб, дагьабги лъикI лъаялъги жакъасел миллатцоязе хиралъиялъе гIилла.

* * *

Хъвадариялъе гьунаралда цадахъго Аллагьас ЖабрагIилие кьун букIана, тIадехун рехсовухъе, жив лъалелщинал жиндаго сверухъ цолъизарулеб гуребги, гьел жидедаго гьорлъги цолъизарулеб гуребги, гIумруялъго гьезул цоцаде божа-рокьи бижизабулеб, ЖабрагIилил жиндирго гIадин, цоцалъ гьуинлъи гьесул баракаталъ лъугьинабулеб, жахIда-хIусуд гьечIеб, рагIиги шигIруги хирияб, жакъаги цоцазе ритIухъаб гьудуллъи нижелъ доб мехалъго гьес бекьиялъ жиндие ниж налъулаблъун бугеб гьесул рекIел бацIцIалъиги, гьелдаго цадахъ гьев гьудулзабазе дагьавги хиралъизавулеб бегIераб рагIиги, гIажаибго гIужилаб махсараги. ГIунараб гIамалалъул чиясдаса гIадамал рикIкIалъулел гIадин,

гIатIидаб рекIел ЖабрагIилида аскIоса нахъе ине бокьулароан. КочIодалъунги гьабулаан гьес махсаро (Студенталлъун ругеб мехалъго цо нухалъ дун гьаюраб къо баркизе, нижер общежитиялъул ункъабилеб этажалде вачIана ЖабрагIил… Жаниве лъугьун вачIунаго тIоцере абурал, жинда дур нуцIикIалтIа чIун ратанин гьал мухъалин, ахIулеб гIадин, гьес ххенезарурал рагIаби рукIана: «ТубхIааааат! Мун гьаюраб къо буго къойил гьаб дунялалда, Мун йижичIеб къо буго къиямасеб ракьалда!» Гьев вачIин рохеллъун лъугьарал цадахъ ругел ясаз хадурги такрар гьарулаан гьел мухъал…) Гьеб махсара гIамалалъулъ бессараб, гьелъулъги хассаб гIакъиллъи бугеб хасияталъ гьес живгоги къисматалдаса хвасар гьавулев вугевлъи бихьулаан дида… Гьединлъидалги унаан дун, цIалиги рехун тезе ккун, магIарухъе гочун, лъова чIарав ЖабрагIил эхеве вачIиндал, гьес ахIаралъуе.

Гьесда сверун лъугьарал гьел данделъабазул цонигияб кьелароан дица гьаб заманаялъухъ. БакълъухьаЖабрагIилил ракIбацIцIалъиги, гьунарги, рагIульги чорхолъги бессараб миллатги, гьелъул милат гьабуларел цо-цо «церехъабиги», жакъаги, гьелъул цIарги ахIун, цогиялги ахIуд рахъинарун, бухун керенгун, жидерго чвантие гIоло гьабулеб батулеб гьеб гьересияб цебехъанлъи бихьун турулеб шагIирасул, ватIан бокьизе бижун батараб, ракIги, рекIкIалъ цIураб сверухълъиялъ чIвалеб, лъугIулеб, лъимерлъиялдасаго жив хадуб цIараб анищги, хьулги, божелги, бажаричIониги, лъолеб галиги… – гьеб киналдасаго ракI буссиндал, цIцIан аскIобе бачунеб жиндиего хасиятаб, хассаб, сундего данде дару гIадинаб ЖабрагIилил махсара сундаго бащалъиларoан жакъаги (жиндирго гIадал пикрабаз чIвалей дунгиха гьес гьездаса хвасар гьаюлей йикIарай, махсараялъул гуребги, вацасул гIадаб, ракI-макI гьабулеб каламалъ).

КочIолъ къваридаб ракI гIумруялъулъ кутакалда гIатIидаб букIана гьесул. КечI хъвалаго жибго дунялгун хутIидал, гьудулзабазул горсверулъ гьеб кIочон толеб букIиндал. Цо-цо кучIдузулъ релъизейилан ккаралги рагIабазульгицин добго пашманлъи букIунаан. Гьеб бичIчIиларо цого-цо пикру гьечIев чиясда:

**«Мун гьаб дунялалъул боцIуе гIоло**
**ЦIан тIажу бахъизе лъугьунге, гьудул…»**

Гьаб кIиго мухъалъулъ батула кинабго, аслияб – гIадатияб къагIидаялъ гIадатиял магIарулаз абулел (гIурус мацIалде руссинаруни, лъидаго ричIчIизе гьечIел…), бегIералги магIна гъваридалги рагIаби ЖабрагIилихъе рачIун руго жалго рекерун, цIакъ гьел хIажатабги, гьел гурони, рекъезе рукIинчIебги бакIалде. БоцIуе гIоло «гIицIлъулел» ругел гIадамал рихьун, ракIкъалеб мех диргоги гIемераб букIуна. Пайда щибха, дир гьудул ЖабрагIил, эзда кколелъул жал рихьулел гьечIилан… Гьезул гIадаб гIумру гъадицаги гьабула, гьединлъидал, къокъаб букIаниги, къадруябги рагIульгицин баракат бугебги дур гIумруги бергьана, дур цIарги халкъалъе хутIана.

ЖабрагIилил баракатлъун лъугьана дие сундасаго цебе гьесул сверухълъи. Гьесдасан щвезе хъван букIун буго, дир гIумруялъго дир дуниял чIаго гьабулел, дирги дир шигIруялъулги даража гIодобе ккезе биччачIел, жал рихьанщи-

нахъе вацал рихьараб хIисаб дие кколел (гьезда дунги вацилан кколей ятула, щай гурелъул ЖабрагIилицаги гьесдаса хадув лъарав ГъалбацIовасги ТубхIатил бакIалда ТIалхIатин ахIулеб букIиндал диде), жалгун цадахъ, доб мехалъ гIадин, бокьараб бакIалде дун ине кIолел, дир гIамалалъе данде кколеб, шигIруги, рагIиги, миллаталъул тарихги хирияб ракIазул гьелчей бугел, гьелго ракIазул рацIцIалъи дие бокьулел, доб гIакълу гьечIеб гIолохъанаб мехалъ жидеца дир напсгицин цIунаралъухъ дица жидехъги БетIергьан Аллагьасе щукру гьабулел Кьурукьмухъалъул васал: Гъоркьа Бакълъухъа МухIамад ХIамзаевги, МухIамадрасул ГIумаровги, ЗанатIаса, ТIаса Бакълъухъа, Гьандихъа, Могьохъа ЖабрагIилилги шигIруялъулги адаб гьабулелщинал, вилълъине кIоларев гьев кодов ккун ральдал рагIалдегицин вачунел рукIарал, гьесулъ шигIраби рекьизе квербакъарал, гьесул рекIел пашманлъи релъа-рохун бачахъизе кидаго аскIоре ртулел гьел гIолохъаби, инсуца ункъабилев василанги ахIун, жиндирго божелги гъуждузда лъун, шагьаралде цIализе йитIарай дида лъазеги дун жидеда гъорлъ йикIине изну инсул тарбиялъ кьун букIин гьезда лъазеги. (Дир гьудулзаби гьесдаги лъалаан). Даимго Аллагь разилъи гьарула дица гьезиеги, мунагьал чураги нижер гьудуллъиялъеги гьелъулъ гIаданлъиялъеги баракатлъун лъугьарав ЖабрагIилилги. Гьанибго абичIого гIоларо гьеб мухъалъул васазулъ, иманалда цадахъ, адабияталде, гIакъилаб каламалде, шигIруялде ракIазулъ бессараб рокьиялъ хIикмалъизе бачIунин кидаго. Гьелълъидал гьезие ЖабрагIилги хирияв вукIарав. Гьелълъидал гьезда дилъ, гIолохъанай яс гурей, шигIруялъ жидеда гъорлъе ячарай, гьелде бугеб рокьиялъ жалгун ящалъизаюрай кочIол яс йихьулей йикIарай. Баркалаха нужее, Кьурукьмухъалдаса кьуричIого дида хьолбохъ жегиги ругел, ЖабрагIилица диде гьабулеб божел бикьарал, нуж рихьанщинахъе ракIалдещвеяз дирги ракI тирхулел, тIул бикьичIониги, ракI бикьарал вацал. (Гьезда гъорлъа МухIамад ХIамзаевги МухIамадрасул ГIумаровги гьесда хьолбохъаги гьесул пикрабалъаги араб мехго букIун батиларо, росуцоял гурелги, тIоцереги ахиралдаги гьесда кверчIвалелги, гьес жиндирго кучIдузулъ «гьудул…» – ин абун, гIемерисеб мехалъ кечI бижулагоцин цадахъ рукIун, рехсолел, гьев АхIулгохIдеги цоги бакIаздеги вачунел рукIарал… Гьезул кучIдузулгицин букIуна релълъараб гъварилъи, релълъараб миллат бокьи, гьелъул тарих хиралъи… Цо-цоял дихъе кIалъазецин кIалъала гьаб кечI ЖабрагIилилищила, ХIамзаевасулищила… Гьеб релълъин буго, рагIабиги, мухъалги такрар гьарулеб гуреб, ракIазулъ бугеб, нилъго, магIарулалги, нилъер тарихги, ВатIанги, ТIадегIанав Аллагьги цолъараб, гьеб цолъиялда тIаде (яги гьеб цолъизабуралъухъ) БетIергьанас гьунарги кьураб жидеего хассаб релълъин. Дие бокьула гьеб релълъин.)

* * *

РакIалдещвеяз чIаголъизавула инсан. Щай гурелъул гьезулъ букIуна араб, гIолохъанаб, агъаз дагьаб, умумул чIагояб, ракIал чIунти жеги щибали лъалареб, рагIалги ракьанги гьечIеб рохел гьарзаяб, бачIине бугелъул хIисаб гьабулеб гIел букIинчIолъиялъ, цо лъалареб, гIунараб зодоса накIкIалги тIагIун, ракIалдаго букIинчIеб бакъ баккараб гIадаб, дагьаб мехалъ бугониги, ургъел-агъазаз нилъ тараб асар.

Гъединал, ракIгъурал ракIалдещвеяз рукIкIалабицин тIагIуна нижерги гъурмаздаса, цIидасан доб мехалде щвараб хIисабги лъугьун, чIаголъиялъ кенчIола нижерги берал, кIочон тола соналги, гъез гIумруялъе дагьалги кьурал цIиял гIадамалги… Нижер горсвериялъул буго батIияб, цойгиязда релълъинчIеб, шагIирзабазул къисмат. Гъеб горсвериялъул ракIалдещвеялги рукIуна батIиял, нижго гIадал, гIарацги боцIи-панзги гъорлъ гьечIел. Гьел ракIалдещвеязул аслияб асарлъун лъугьуна ниж урхъун ратараб мехалде щун рати… Гъеб асаралъулъ ращалъуларо цо-цо мехалъ, гIумруялъул гьадаб бутIа хутIун, хутIанщинал соналги, хъулхъал-ишалги, бищун кутакав хIакимчиясул тахги…

Гъаб бакIалда ракIалде щванаха нижер цо данделъиги. ЖабрагIил эхеве вачIун вугин, хекко Батыраялде ахIулей йигин лъазаби щвана хIалтIуда, тIахьазул издательствоялда йигей дихъе. ЦIиял кучIдулги росизе кколаан кидаго. Гурони ЖабрагIилица, субалочин, дуда хъвадарейин гурищ лъазабун тун букIарабин, нечезаюлаан. Щванаха Батырайил къотIноб ХIамзаевас ккун букIараб, нуцIа рагьун, къотIносанго жанибе гали бегьани, гьеб гали рукъ бакьулъе кколеб, гьитIинаб, ЖабрагIил вачIанщинахъе гьесул штаб-квартиралде сверулеб букIараб, цо гьитIинаб диванги, цо гьитIинаб столги, цо борхатаб бакIги (элда ЖабрагIил гIодов чIун вукIунаан), рукъалъул солболъ чIарбида сокIкIун тIахьалги, тIиритIун гьесул кучIдуз чIаголъизаруралилан кколел тIанчалги. Щванаха, тIамун галигун, жание.

Дун гIодой йикIинеялъе гIоло диваналдаса васал хекко тIаде рахъана, кигIан гьел роргтанхъаниги, дун гьений гIодой чIолареблъи дир гьудулзабазда лъалеб букIаниги. Дунги ячIун вохарав ЖабрагIил ахIдана ХIамзаевасде: «МухIамад! Хекко гьанире бездарал! Бездарал сокIкIе ТубхIатида гъоркь!..» – илан. Дол тIахьазда гъорлъа бездарал рищулагоги букIана киназего кеп. СокIкIана гьезул сиги, ссиялда гIодой чIана дунги. Ягъарани, биххизе хIадураб гьадаб «бездаразул бакIуха» дица кьелареб гьаб жакъаги бищун борхатабги, тирулебги, сверулебги, жинда кIусизе ихтияр цо нухалъ щваравги, нагагь гьеб кодоса инадайин, кьижизе гурев рокъове унаревги, у-унайин, гьебги ккун чIун, чIван гурони, нахъе унаревги хIакимчи кIусараб доб тахалъухъ.

ХIамзаевас ккун букIараб гьеб гьитIинаб рукъги кьелароан гьал хъулбузухъ. ХIанги, чедги, помидорги, гьезда гъоркьги тIадги ЖабрагIилил кучIдулги, адабияталъул вакилзабазул хIакъалъулъ рицунел, байкабийин абулел, кепал лъугьа-бахъиналги – гьебги кьелароан жалгоги бечедал, гIамалги учузал, чехь гIорцIиялъ гIагIаялда гурони, релъизе гIакълуги гьечIел, ракIалги мискинал цо–цо чагIазул гIумруялъухъго.

Нижер гьеб вацлъи дир хIалтIудаги лъалаан. Цо нухалъ директорасул секретар ячIана: «Тубхат, по-моему, это письмо тебе» –йилан. Ялагьана конверталде. «Кому» – йин абураб бакIалда хъван буго (кинабго машинкаялъ кьабун, дида хатI лъалелъулги, гьеб дихъе битIараб бакIги – махсара дие гурелъулги): «Зургалову ТIалхIату», – йин. «От кого» – йин абураб бакIалда – «Советский РОВД» –йин (Доб мехалъ Шамил район Советский район букIиндал), МахIачхъалаялъул цо районги Советский букIиндал… ХIинкъараб дир куцги бихьун, гьей чIана дица конверт рагьизегIан. ТIоцебесеб мухъалдаго букIана:

«ХIинкъарайищ, товарищ ТIалхIат? Гъедин хIинкъизайизе йиго нодо багьизе-гIан какал рачIони…».

Как-кIалалъе цIакъай кийха дун йикIиней доб мехалъ, жеги, ЖабрагIилица абухъе, Гъунисаги йигони. Ахирал соназ цо нухалъ гьес абуна: «Гьанже бегьула мун Бакълъухъ Гох1да юкъизе…». АхIулгохIалъул тарих, жиндие гIадин, дие хиралъиялъги, СагIид-афандиясулги (къ.с.) цогиязулги исламиял тIахьазе редакторлъи гьабиялъги, жиндиргоги баракаталъ, жиндаго лъикI лъалеб, аскIоб бугеб ЗанатIаса хъизамалде дир къадар хъваялъги, цоги-цогидалъги мустахIикълъана дун гьесул рецц-бакъалъе. Гьебги дие Бакълъухъа ЖабрагIилил шапакъатлъун букIана…

Телефонал раккаралдаса гьенисанги цIалулаан нижеца цоцае кучIдул. Цоцо Бакълъухъеги щолаан гьесухъе гьоболлъухъ. Гьединаб букIана, гIумруялъул киналгIаги законалги нижерго жинсиял гIаламаталги цIехолареб, ЖабрагIилица кьучI лъураб, гьесул гьудулзабазулги дирги, шагIирзабазул ракIазул законазе гурони мукIурлъулареб, бацIцIадабги борхатабги гьудуллъи.

ВихьичIого гIезег1ан сонал индал, МахIачхъалаялъул госпиталалда вегарав гьесде яккизеги щун, тIадюссун унаго, пашманаб рекIелъе рачIарал пикраби рикьараб кечIги гьаниб лъун, лъугIизе тани гурони, лъугIелго батизехъин гьечIин мунагьал чураяв, сахлъи гьечIолъиялъ, кIудияв шагIирасул къисмат къокълъарав, амма жиндир къалмил тIогьиб ТIадегIанав Аллагьас ВатIан бокьиялъул баракат лъурав, цIаралгун шапакъатал щвечIониги, халкъалъул бердазда вихьичIониги, гьелъ цIалулев, цIехолев Гъоркьа Бакълъухъа ЖабрагIил ХIасановасул хIакъалъулъ ракIалдещвеязул цо-цоялги гьесул шигIруялъе дида кьун бажарулареб къиматги…

## «ЧIАГО ХУТIАРАВ ШАГЬИД»

**ЖабрагIил вачIун вуго**
**МагIарухъа эхеве.**
**Анивго чIолевани,**
**Дунялалъул ракIгъезе…**
**ЖабрагIил вачIун вуго**
**Аб МахIачхъалаялде.**
**Бакълъухъа бакъалъ ахIун,**
**Инаха ав эхеде…**

**БачIунебгун унелъе**
**Сапар-сагIат битIизе**
**БетIергьанас вищарав**
**Заманалъул хъаравул,**
**Аварагасде витIун,**
**Уммат кантIизабурав**
**Малаикасул цIаруй**
**МустахIикъав ЖабрагIил.**

**Жавгьар гIадаб рекIелъа,**
**ЛъикIлъи гуреб, бикьичIев,**
**Дуниялалъул рокъоб,**
**Рохел гуреб, бекьичIев,**
**БачIараб къоялъегун**
**Къанщараб сордоялъе**
**Даимав нугI гIадинан,**
**ГIодов чIарав ЖабрагIил.**

**Сардалги рорчIун дуца**
**Аб дуниял кIикIула,**
**Басрияб тIимугъ гIадин,**
**Хадубго кIобокIула.**
**КIудиясул рагьдухъе**
**Рилълъин гIагарлъарабго,**
**ГIансилгIан пайда гьечIеб**
**Гьеб тIубан учузлъула.**

**АхIулгохIалъул тарих**
**Байрахълъун ккурав шагIир,**
**Дуцаго абухъего,**
**ЧIаго хутIарав шагьид,**
**Шагьиялде сверулеб**
**Буго панадуниял**
**Дур пикрабазухъ гIинбан**
**ГIенеккарай диеги.**

**Аллагьас нижей кьурав**
**РагIабазул малаик,**
**Мун гIун вуго гIумрудул**
**МагIна лъазе, ЖабрагIил.**
**Гордухъ маркIачIумехги,**
**Рагьдухъ ахирзаманги…**
**Дур палата, Парида…**
**Пардав къаге, ЖабрагIил!**

…Къана ЖабрагIилицаги пардав… ЛъугIана дунялалъул театралда «хIараб» шагIирасул, ахIи-хIур гьечIого араб, амма жиндирго халкъалъе, гьелъул наслабазе рагIудалъун тарбия кьураб, къокъаб, амма бакаратаб гIумру. ЧIикIаса КIудиясухъе зияраталъ хIаллица галаби росулев ЖабрагIил вачIараб мехалъ устарас абун буго: «Гьедин, захIматго вилълъун вачIинчIониги гIелаан, дир вас, мун»… - илан. «Гьаб дуниялалъе гьаб рилълъинги гIун буго, дур баракат щваяв дир устар», – ин ЖабрагIилидаса кьун борчIараб жаваб цIакъ рекIее гIун буго къуддиса сиругьу СагIид-афандиясе…

Дунялалъул рокъоб баракат гIадин, Ахираталъул рокъоб дурго устарасул шапагIатги камун хутIугеги мун, ЖабрагIил!

ЧIаго вукIаго рухIгIан дуе хириял АхIулгохIалъул шагьидзабазда гъорлъ хъванги ватаги мун, ЖабрагIил!

*ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА.*



# *Расул ХIамзатов кив гъавурав?*

## ЦIАДАСА ХIАМЗАТИЛ ВА РАСУЛ ХIАМЗАТОВАСУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ГIАТIИДГО ЛЪАЛАРЕЛ ЦО-ЦО БАЯНАЛ


**ГIАБДУЛКЪАДИРИЛ МухIамад**

***Россиялъул ГIелмияб академиялъул Дагъистаналъул гIелмияб централъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб МацIазул, адабияталъул ва искусствоялъул институт (МахIачхъала)***


ЦIадаса ХIамзатица нилъее тана цIакъ бечедаб адабияб ирс. Гьелда тIад хIалтIиялъ рес кьола шагIирасул гьунаралъул гIемерал рахъал загьир гьаризе, жинда цебе букIараб адабияб ирсалде гьесул букIараб бербалагьи лъазе. Гьесул асарал цIалулаго нилъеда бихьула шагIирасул лъаялъулги гIумру бичIчIиялъулги гъварилъи. Нилъер берда цеве гьев живго лъугьуна унго-унгояв геройлъунги.

Хъвадарухъанасул хаслъи букIуна гьесул асаразул мацIалъулъ ва гьес асарал хъвалеб къагIидаялъулъ. Гьеб кIиялдаго тIад хIалтIулаго, нилъ раккула хъвадарухъанасул «богорокъоре», гьесул балъголъабазул гъансинире. Халкъияб кIалзул гьунаралъул асарал гIатIидго хIалтIизариялъ гьесул асаразда цо хасаб дангъва чIвала.

ЦIадаса ХIамзатида (хунздерил къагIидаялда – ЦIадаса ХIанзат) батIи-батIияб заманалда абулаан Исуйил МахIамдил ХIанзатиланги, Бегунил Х1анзатиланги (Бегун букIана гьесул эбелалъул цIар); батIи-батIиял росабалъ цIалулеб мехалда, гьеб росдал мацIалъул сверелалъухъ балагьун, гьеса абулаан Ц1адаса Х1амзатилан яги Ц1адаса Х1анзатиланги. Гьелдалъун дие абизе бокьараб жо буго гIадамазул рукIа, цогидал рукIа хасал цIаразул битIи-гьетIи букIунарин, гьел ругеб къагIидаялда тезе кколин, гьезул «мекълъи» бицунин цохIого цо гьел абизе нечарал яги абизе захIматал ргони. МагIарул цIарал руго ва паспортазда хъвазе бегьула ХIамзат гуребги ХIанзатги, МухIума гуребги МахIамаги, Юсуп гуребги Исуги ва гь.ц. Гьеб буго мац1алъул хаслъи цIуни, гьеб цIуничIони, мацI хола. ГIаммал цIаразул битIунхъвай цо хал къагIидабаз борцуна, хасал цIаразул битIи-гьетIи букIунаро, абулеб къагIидаялда хъвазе ккола. Гьаб гьаниб хъвараб хурхараб буго хадуб бицине бугелда.

ЦIадаса ХIамзатил ва Расул ХIамзатовасул гIумруялъул ва хъвадарухъанлъиялъул цо-цо лъаларел рахъазул цояблъун ккола ХIамзат Гьарадирихъ[ Официалияб къаг1идаялда хъвазе ккола Гьарадирихъ абун.] дибирлъун вукIинги Расул гьенив гьавиги. Дибирлъи гьабизе Гьарадирихъе ЦIадаса ХIамзат вачIун вуго 1922 соналъ. Гьесдаса цеве гьенив дибирлъун вукIун вуго ТIанусиса ГIаб-

дулмутIалиб, гьесдаса хадув – Игьалиса Параису (Параюсуп). Гьарадирихъе дибирлъун ЦIадаса ХIамзат ккеялъе гIиллалъун гьесул чIужу Хъандулалъги гьесул яс ПатIиматицаги (гьезул ракIалдещвеял рахъун руго шагIирасул анлъабилеб томалда) рикIкIунеб буго хунздерил хIакимзабаз гьесда гьениве айилан аби: гьеб росулъ лъик1аб ахIвал хIал гьеч1ила, дуца жанире рачине кколила гьелилан абун. «Гьарадерихъ нижеца бана цо лъагIелги ункъо моцIги. Гьеб букIана 1922 сон. Халкъалъ бицанихъе, Гьарадерихъги сверухъ ругел росабалъги кIудияб зулму букIараб къагIидаха Аргъваниса ХIажил. Гьесул изнуялдалъун цо лъагIалида жаниб 9 чи чIван вукIаравила доб тIалъиялда. Росу цоцалъ бараб кьал букIарабила тIад рещтIун. Гьарадерихъе дибирлъун нужер эмен витIиги букIана Хундерил округалъул хIакимзабазул иш. «Гьанже дуде буго, ХIамзат, нижер хьулги божиги: дуца гьел гьарал рекъезеги гьаризе ккола, гьезда жаниб гIадлуги билълъинабизе ккола, лъикIаб-квешаб малъун гьел жанир рачинеги ккола. Дуе хIажатаб кумек нижецаги гьабизе бугила, гьарадерил хIакимзабазги гьабизе бугила» [3, гь. 520] .

Расул ХIамзатов Гьарадирихъ росулъ гьавунилан абураб жоги гIатIидго халкъалда лъалеб баян гуро: гьеб буго гьал ахирал соназ гурого басмаялда бахъичIеб, цо хасаб гIиллаялъе гIоло ЦIадаса ХIамзатицаги живго Расулицаги, къватIиб-рокъоб бицун гурого, кибго рехсон букIинчIеб, халкъалда лъалареб хIужа. Хъандулалъ гьадин ракIалде щвезабулеб буго Гьарадирихъ рукIараб мех: «Гьарадерихъе ккун хадуб нижер къавуда чIван букIана квешаб цIа-каналъул унти. ЦохIо эмен хутIун вукIана сахав чи. Цогидал киналниги цIалунцин рукIана. Гьанжего гьанже Расулги гьавун йикIарай дидаги чIван букIана гьеб унти. Расул, ирга гьабулеб гIадин, цин-цияхъе кьолев вукIана хахизе. Бищунго гIемер гьев хахарай гIаданги йикIана жиндир хIалбохаяй Гьарадерихъа Шайхул Исламил СагIидат. …Инсуца тIаде босараб иш букIана цIакъ таваккалаб, хIинкъараб хIалтIи. Гьев разилъиялъе цохIого цо гIилла букIана гIадамазда гьоркьоса жахIда ва хIусуд, кьал лъугIизабиги, гьел цоцалъ рекъон берцинго хьвадизариги гьес рикIкIунеб букIин цIакъ БетIергьан разияб ва гIумруялда баракат лъолеб хIалтIилъун. Жалго гьарадерил жамагIаталъул херал мугжул, рахъун тIаргъалгун, цере чIараб мехалъ инсуе инкаралъе нух букIинчIо. «Цевеккун кIиго дибир чIвараб росу гурищ, лъабабизе нилъги рукIа абеха» − ян махсароги толароан инсуца…» [3, гь. 521]. Гьарадирихъ Расул гьавунилан абураб хIужа бахчиялъе гIилла букIана гьенив ЦIадаса ХIамзат дибирлъун хIалтIулев вукIин ва гьеб лъазе лъикIаб гьечIеб баян букIин. Жиндие бищун кIудияб кумек гьабунила гьарадирил сельсоветас, жив дова учителлъун хIалтIулев вукIанилан абун кагъатги кьунилан абулеб букIун буго нахъа-нахъа живго ХIамзатица. Живго Расулицаги Дир Дагъистаналда гьадин хъвалеб буго гьарадирида хурхараб жиндирго гIумруялъул хIакъалъулъ: «Дида бицана: Дун гьавун гьоркьоб мех балелдего дир росулъа Гьарадерихъе цо-кIиго соналъ хъулухъалъ ун руго дир эбелги эменги. Инсул чода нахъа рухьарал хулжазул цо гIагалъуб букIун буго квен-тIех, тIахьал, нартал, цойги къваригIараб къайи-къоно. Цогияб гIагалъусан баккун букIун буго бусада жанисан хIанчIил гIадин,

дир гьитIинаб бетIер. Гьеб сапаралда захIматто унтун йиго дир мискинай эбел. Дие керен кьун буго лъимер хварай пуланай Гьарадерихъа чIужуялъ – дир рахьдал эбелалъ. КIиго эбелалъе кидаго бецIун лъугIулареб налъулав вуго дун дир гIумруялъе гIоло. Цояй эбел – дун гьаюрай, дир тIоцебесеб кини кIибикIарай, кIиабилей эбел – дие керен кьурай, гIумруялъул нухда дун тIовитIарай. ЛъугIиларо кIиязего бугеб дир баркалаялъул,мутIигIлъиялъул хIайранлъи» [ 2, гь. 40].

Гьаниб кIиго дандеккунгутIи буго. Цояб – Гьарадирихъе чодаги рекIун анилан абураб, кIиабилеб – лъимер хварай пуланай Гьарадирихъа чIужуялъ хаханилан абураб. Гьей чIужуялъул лъимер хун бук1инчIо, гьеб лъимер кколаан Расулил рахьдал яц Залму, гьей хвана 2014 соналъ, ункъоялда анцIго сонги бан. Гьей рахьдал яц йикIин Расулидаги лъалаан. Гьедин хъвалеб жо хис-хисизабиялъе гъобго гIилла букIана: Гьарадирихъ дибирлъун ХIамзат вукIанилан хъвазеги бицинеги доб мехалъ бегьунгутIи. Расул Гьарадирихъ гьавунилан бицараб макъала, живго Расулихъа изнуги босун, бищун цебе басмаялда бахъана магIарулазул щагIир Махсуд ЗайнулгIабидовас 1993 соналъ «Дагестанская правда» ва 2004 соналъ «Литературная Россия» [1] газетазда, «Неизвестный Расул» абун цIарги лъун. Махсуд ЗайнулгIабидовасул ракIалдещвеязда буго, гьанже цIигьулдерица дуэлалде ахIизе вуго мунилан абунила махсародего Расулица жиндайилан. Амма Расулица жинцаго гьелъул хIакъалъулъ гьелдаса хадубги щибго хъвачIо. Дир хIисабалда, живго Расулида гьеб суалалъул хIакъикъат бугеб къагIидаялда хъвазе лъикIаблъун бихьун батиларо, «Дир Дагъистаналда» жинцаго хъвараб жоялда данде кколареблъун букIиналъ, амма Махсуд ЗайнулгIабидовас хъваралда дандечIейги гьабун гьечIо, гьедингIаги халкъалда битIараб рахъ лъазе бокьиялъ.

Биографиялда жанирго гIадин, шигIрияб дунялалда жанирги руго ХIамзатилги Расулилги цо-цо гIатIидго халкъалда лъаларел, амма лъазе мустахIикъал бакIал. ЦIадаса ХIамзатица рахьдал мацIалда жанир ругел киналго ресаздасан гIатIидго пайда босун буго (жиндирго асаразулъ гьес хIалтIизарун руго басриял ва цIиял рагIаби, цойги мацIаздасан рачIарал рагIаби, гIемермагIнаялъул рагIабазул цо бищун ракIалда чIолел, амма батIияв чи ургъуларел магIнаби, беццулебилан каки ва цогидабги). ШагагIирасул гIумруялъулго ишлъун лъугьана гьеб жанралда хIалтIи, гьелъулъ батана ХIамзатида цIалулесул рекIелъе кIул.

ЦIадаса ХIамзатил адабияб ирс лъикI лъазабун бугилан рикIкIине бегьула, гьелда тIад гIезегIан хIалтIи гьабун буго, амма гьебго жо абизе бегьуларо гьесул асарал магIарул мацIалда битIун кагътиде росун рукIиналъул хIакъалъулъ. ТIаса рищарал ХIамзатил асаразул тIехь хIадур гьабулаго баянлъана, гьесул асарал щвалде щвараллъун лъугьиналда тIад хасаб хIалтIи гьабизе ккезехъин букIин. БакI ккун букIаго абилин, шагIирас жиндирго асарал хъван руго цохIого цо гIажамалъ. Я латин я гIурус хатI гьес хIалтIизабичIо. Гьелда хурхаралги руго гьесул асаразулъ цо-цо гъалатIал (хIарпиял рукIаниги, магIнаял рукIаниги). Гьел гъалатIал аслияб къагIидаялда риччан руго редакторазул тасамахIлъиялъ яги гьезда унго-унголъунги ХIамзатица хъвараб жо бичIчIунгутIиялъ, яги

ХIамзатица хъвараб мекъийилан ккун, жидецаго битIизабиялъ. Гьеб рахъалъ хIалтIи гьабизе ккани, чара гьечIого къваригIуна щагIирасул кверalъ хъвараб цебе лъезе ва басмаялда бахъараб гьелда данде квезе.

ГIажаиблъи, цо-цо редактoрасда кколеб букIун буго, гIадамазул цIаралцин «битIараб мацIалде» рачине кколин абун. Масала, ХIамзатица аллитерациялъе ГьатIи абун хъван батани, редакторас гьеб ПатIи абун «битIизабун» батула аллитерацияги хвезабун.

ЦIадаса ХIамзатил хIакъалъулъ хъвараб жиндирго гьитIинаб макъалаялда журналист ва хъвадарухъан М. Шамхаловас [4, гь. 15] хъвалеб буго: «Квералъ квералъухъе ва кIалалъ кIалалъухъе кьолел, гьесул цо-цо асарал щолел рукIана магIаруллъиялъул рикIкIадал бакIаздеги. Амма гIемерисеб мехалъ гьел асарал тIубарал рукIунароан. Цо кIалдиса цойги кIалдире гьел щолаан яги мухъал камун, цо-цо мехалъ ХIамзатил мухъал ва рагIаби цойгидазул рагIабаз хисун. Дида ракIалда буго ЦIадаса ХIамзат Болъихъе вачIараб мехалъ цо гIандисес «ГIанхрил» ва «ГIакдал» кечI ахIараб куц. КечI ахIун лъугIараб мехалъ, аскIовеги ахIун, ХIамзатица кочIохъанасе рикIкIана гьес мекъи абурал гIемерал рагIаби. Гьезда гьоркьоса дида ракIалда буго:

«ЛъагIалил дибирлъи дарун кканин» абурал рагIаби,

«ЛъагIалил дибирлъи дандамун кканин» абун ахIараблъи.

«Гьудуласул баркат магIида бадал»

МагIил аятал лъун, хъвазин алпазал» абурал рагIабиги гьес гьадин ахIана:

**«Гьудуласул баркат магIие хъведал**
**МагIу тIун гIодана гIисинал лъимал».**

Авторасул пасихIлъиги гъварилъиги цIунун кучIдул тIехьалда хъван рукIиналъ рес кьоларо, гьедин рахIму гьечIого кучIдул тIутIун разе, гьел лъукъизе. Гьелдаса батIиябги гIадамазул рес букIуна поэт вихьизе, гьесул творчествалъе къимат кьезе. ХIамзатие цIакъ бокьулароан жиндир рагIи кигIанасеб къадаралъ бугониги хиса-сверизабизе, хасго гьеб чIобогояб рагIудалъун хисизе. Гьев живго кутакалда дурусав чи вукIана ва гьес цой-гидаздаса, хасго редактораздасан тIалаб гьабулаан дуруслъи ва мухIканлъи».

ХIуригат бахъилалде цебе гьарурал цо-цо шагIирасул кучIдул кагътидего росичIел рукIана, амма гьединал къанагIат рукIана. Хадур гьел цIи гьаруна лъалездасан хъван, яги жиндаго ракIалда чIараб куцалда жинцаго поэтас ракIалде щвезарун. Гьеб заманалъ рукIаралги хасго хIуригат бахъун хадур хъваалги шагIирасул кучIдул руго кагътиде росарал, гьабсагIатги ХIамзатил хатIалда тIаде къулизе бегьулел. Гьесда цере рукIаралги гьесул заманалда рукIаралги хъвадарухъабазул асарал (гIемерисел) руго гьаниса-дораса хъварал, кверalъ хъвараб къагIида гьечIел, битIунищ-мекъийищ ругелали лъаларел, данде ккезе жо гьечIел.

Академик ХIамзатил ХIажияс цIакъ кIудияб хIалтIи гьабуна инсул шигIрияб ирс рукIалиде ккезабун, тартибалда лъеялъе. ГIемерисел асаразе баянал хъван, гьезие паспортал гьаруна. Гьенисан бихьулеб буго хIуригаталда цере

хъварал цо-цо асарал нилъехъе гьел жидеде хъварал гӀадамаздасан щвараблъи. Масала, «МутагӀилзабаз гӀухьбузде» абураб кечӀ щун буго халкъияв артист МахӀмуд ГӀабдулхаликъовасухъан, гьесухъеги гьеб щун буго жиндирго эмен ГӀабдулхаликъихъан. «Дунги нужеда гьоркьов» абураб кочӀол квералъ хъвараб къагӀида батун гьечӀо. Гьеб кечӀ кьун буго Хунзахъа тарихчи ГӀамирханов МухӀамадица, гьесухъеги гьеб щун букӀун буго Игьалиса ГӀусманов Нажмудинихъан. Дир хӀисабалда, гьанже гьеб кочӀол баяналда тӀаде журабе бегьула гьенир рехсолел ругел ТӀанусиса ГӀабдулмутӀалибилги ГӀабдухаликъилги хӀакъалъулъ баян, щайгурелъул гьел кӀиялго рукӀиндал, ХӀоцоса Нажмудинил ишазе къимат кьеян жидедехун ХӀамзатица хитӀаб гьабурал, доб заманалда ТӀалъиялда машгьурал гӀалимзаби.

«ХӀамабагьадурлъи» абураб кечӀ шагӀирас хъван буго Гьарадирихъ росулъ дибирлъун вукӀаго. БецӀлъиялдаса цӀияб гӀумруялде ахӀулаго гьес гьадин хъвалеб буго:

**ГодикӀаби рехун тун,**
**Хъвай-цӀалиялде руссун,**
**Тезин басрияб гӀадат,**
**Босизин маданият.**

ХӀамзатил ХӀажияс ракӀунтун ракӀарарал баяназда тӀаде дица лъазабун букӀана гьеб кочӀолъ рехсолел гӀадамал щал рукӀарал, гьеб кечӀ хъваялъе гӀилла щиб букӀараб ва цогидабги.

ЦӀадаса ХӀамзатил асаразул текстологияб анализ гьабулаго хӀисабалде босизе ккола чӀванкъотӀун хунздерил сверелалъул хаслъи ва гьелдехун шагӀирасул гьоркьоблъи. ЦӀада росдал мацӀ (сверел) гьоркьобе уна хунздерил сверелалде (диалекталде). Бакъбаккул ва нахъбакӀалъул диалекталгун цадахъ хунздерил диалект буго болмацӀалъул кьучӀалда. Хунздерил диалекталда кӀалъала ГьоцӀалъ, Уздалросу, ХъахӀикӀкӀал, ТӀагьада хутӀизегӀан, хутӀарал киналго Хунзахъ районалъул росабалъ; Рихьуни, ГьаракӀуни хутӀизегӀан хутӀарал Унсоколо районалъул росабалъ, Шамил районалъул ДатунатӀа, Къваниб, НитӀаб ва Гьандихъ росабалъ, Гумбет районалъул Игьали, ТӀаса Гьарадирихъ ва Гьоркьохъеб Гьарадирихъ росабалъ. Хунздерил диалекталъул аслияб хаслъи ккола рагӀул бакьулъги ахиралдаги кӀутӀби цӀутӀизарун рахъулел гьаркьал абунгутӀи гьелда хурхун гӀемерисел росабалъ п гьаракь гь гьаркьиде свери. Гьел хаслъаби шагӀирасул асаразулъ рессун руго ва гьелъул нилъеца хӀисаб гьабичӀони, унго-унголъунги ХӀамзат вичӀчӀизе захӀмат буго. ТӀоцересел асараздасан байбихьун, ХӀамзатил кучӀдул «битӀараб мацӀалде» рачунел редакторазги цойги гьесул текстазда тӀад хӀалтӀулел гӀадамазги, шагӀирас хъвавухъе течӀого, хисизарун, асаразул куц хвезабун буго. Харбияб асаралъе гьабизе бегьулеб жо кочӀое гьабизе бегьуларо. Гьелда «тӀад хӀалтӀани», кечӀ хола, гьелъул гьумер лъалареб куцалъ хисула.


Лачен





**Индекс годовой – ПС807**
**Индекс полугодовой – ПМ962**

